देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

बृहस्पति

01 अक्टूबर, 2026

पटना

आश्विन, कृष्ण पक्ष, पंचमी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 | वर्ष: 17, अंक : 23 | Website: mithilasamadiya.com | editorsamadiya.mithila@gmail.com | आमंत्रण मूल्य : 3:00



# नीक भेल जे नीतीश कुमार चलि गेलाह, हुनका आइ ने काल्हि जेबाके छलनि : सोनिया गांधी

## इंडिया गंठबंधनक बैसार मे दिग्विजय सिंह उठौलनि नीतीशक मुद्दा तं शुरू भेल विवाद

**नई दिल्ली, एजेंसी**

विपक्षी दलक इंडिया गठबंधनक बुधदिन दिल्ली मे प्रस्तावित बैठक सं एक दिन पहिने कांग्रेस कार्यसमितिक बैठक मे बिहारक पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कें लए कए खूब चर्चा भेल। कांग्रेस नेता दिग्विजय सिंहक अनुसार, नीतीश कुमार कें इंडिया गठबंधन सं अलग नहि होमय देबाक चाही छल। हुनकर कहब छल जे नीतीश गठबंधन मे रहितथि तं राजनीतिक परिस्थिति अलग रहैत। एहि पर सोनिया गांधी असहमति जतबैत कहलनि जे नीतीश कुमार समय रहिते गठबंधन सं बाहर चलि गेलाह, से नीक भेल। हुनकर अनुसार, नीतीश कें गठबंधन सं बाहर जेबाक छल आ ओ पहिने सं एकर रस्ता तकैत छलाह।



सोनिया गांधीक एहि टिप्पणी पर केंद्रीय मंत्री आ भाजपा नेता गिरिराज सिंह प्रतिक्रिया देलनि। हुनकर कहब छल जे सोनिया गांधी कें नीतीश कुमारक निष्ठा पर सवाल उठेबाक नैतिक अधिकार नहि अछि। गिरिराज सिंह कहलनि जे नीतीश कुमार अपन दीर्घ सार्वजनिक जीवन मे ने भ्रष्टाचार कें बढ़ावा देलनि आ ने देशविरोधी तत्व सभ कें संरक्षण। हुनकर अनुसार, केंद्र सरकार मे मंत्री रहथि अथवा बिहारक मुख्यमंत्री, नीतीशक प्राथमिकता राष्ट्र आ जनहित रहल अछि। गिरिराज सिंह दावा केलनि जे नीतीश कुमार कहियो गद्दारी नहि केलनि आ हुनकर देशभक्ति कें लए कए संदेहक कोनो कारण नहि अछि। सोनिया गांधी पर टिप्पणी करैत ओ कहनि जे हुनकर स्थिति ओहि कहावतक समान अछि जे चालनि दूसय सूप कें, जाहि मे अपने कतेको छिद्र छैक।

### नीतीश कें लए कए कांग्रेस मे मतभेद

नीतीश कुमारक इंडिया गठबंधन सं अलग होयबाक मुद्दा पर कांग्रेसक भीतर सेहो अलग-अलग मत सामने आएल अछि। दिग्विजय सिंहक मानब छल जे नीतीश कें गठबंधन मे बनौने राखल गेल रहैत तं राजनीतिक परिस्थिति अलग रहैत। दोसर दिस सोनिया गांधी आ कांग्रेसक किछु अन्य वरिष्ठ नेताक मत छल जे नीतीशक गठबंधन मे टिकनाइ निश्चित नहि छल।

### कांग्रेस लेल अपन परिवार आ राजनीतिक हित बेसी आवश्यक छल : संजय झा



नीतीश कुमारक इंडिया गठबंधन छोड़ि एनडीए मे वापसी कें लए कए जनता दल यूनाइटेडक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय झा सेहो सोनिया गांधीक कथन पर प्रतिक्रिया देलनि। संजय झा कांग्रेसक रवैया कें गठबंधन सं नीतीशक अलग होबाक प्रमुख कारण बतबैत कहलनि जे कांग्रेस लेल अपन परिवार आ राजनीतिक हित बेसी महत्वपूर्ण छल। संजय झाक अनुसार, इंडिया गठबंधन मे शामिल कतेको नेता प्रारंभ मे कांग्रेस कें छोड़ि विपक्षी मोर्चा बनाबय चाहैत छलाह। ओ सभ नीतीश कुमार सं कांग्रेस नेता सभक बिना बैठक करबाक आग्रह सेहो केने छलाह। हुनकर दावा अछि जे नीतीश कुमार स्वयं इंडिया गठबंधनक संयोजक बनबाक इच्छा नहि जतौने छलाह, बल्कि कांग्रेसक रवैया सं निराश भए कए गठबंधन सं अलग होयबाक निर्णय लेने छलाह।

# गोपालगंज-सारण मे तटबंध टूटल मुजफ्फरपुरक कतेको गाम जलमग्न

## जल संसाधन विभागक टीम दिन-राति फ्लड फाइटिंग मे लागल अछि

**गोपालगंज/सारण/मुजफ्फरपुर, समदिया**

गंडक नदीक उफान सं बिहारक कतेको जिला मे बाढ़िक स्थिति गंभीर बनल अछि। अत्यधिक जलस्त्राव आ गंगा नदीक जलस्तर सेहो खतराक निशान सं ऊपर रहबाक कारण गंडकक तटबंध पर भारी दबाव अछि। कतेको ठाम सीपेज आ पाइपिंगक स्थिति उत्पन्न भेल अछि, जाहि पर जल संसाधन विभागक टीम दिन-राति फ्लड फाइटिंग कए नियंत्रण करबाक प्रयास मे जुटल अछि। एहि क्रम मे गोपालगंज आ सारण जिला मे तटबंधक किछु हिस्सा टूटि गेल अछि। गोपालगंजक बैकुंठपुर प्रखंडक शीतलपुर गाम मे गंडक नदीक दहिना मुख्य तटबंध दिस बंधौली-शीतलपुर-फैजुल्लाहपुर जमींदारी बांध करीब 6 मीटर मे टूटि गेल अछि। तटबंध धंसलाक कारण परसौनी, शीतलपुर आ पकहां गामक निचला क्षेत्र मे पानि पसरबाक आ आवागमन बाधित होबाक आशंका अछि। हालांकि सारणक मुख्य तटबंध अखन सुरक्षित अछि। सारण जिलाक मकेर प्रखंडक हैजलपुर गाम मे गंडकक दहिना सारण तटबंध 46.50 किलोमीटर पर अनचोके करीब 8 मीटर मे धंसि गेल। संगहि 45 किलोमीटर पर बनल बाढ़ि निरोधक फाटक क्षतिग्रस्त भए गेल अछि। एहि कारण कन्ट्री साइड मे पानिक फैलाव शुरू भए गेल अछि। हैजलपुर, परमानंद छपरा आ नौकरहा गामक निचला इलाका मे पानि पसरब आ सड़क संपर्क टूटबाक आशंका अछि। प्रशासन प्रभावित लोक सभ कें सतर्क कए देलक अछि आ जल संसाधन, आपदा प्रबंधन विभागक टीमक संग जिला प्रशासन आवश्यक कारबाइ मे जुटल अछि।




### मुजफ्फरपुरक साहेबगंज, पारू आ सरैया मे स्थिति गंभीर

मुजफ्फरपुरक पश्चिमी इलाका मे सेहो गंडक नदीक उफान सं साहेबगंज, पारू आ सरैया मे बाढ़िक स्थिति गंभीर भए गेल अछि। पारू प्रखंडक नवनिर्मित चक्की सुहागपुर थाना परिसर मे तीन फीट सं बेसी पानि प्रवेश कए गेल। थाना परिसर जलमग्न भेलाक बाद तैनात पुलिसकर्मी सभ कें नावक माध्यमे सुरक्षित बाहर निकालल गेल। दूर-दराजक एहि क्षेत्र मे आब पुलिस गश्त लेल नावक सहारा लेबय पड़ि रहल अछि। जिला आपातकालीन संचालन केंद्रक अनुसार सरैया प्रखंडक रेवा घाट पर गंडकक जलस्तर 55.20 मीटर पहुंचि गेल अछि। एतय खतराक निशान 54.41 मीटर अछि। अर्थात नदी लाल निशान सं 79 सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। गंडकक उफान सं तीनू प्रभावित प्रखंडक आधा दर्जन सं बेसी गामक 200 सं बेसी घर मे पानि घुसि गेल अछि आ करीब 8 हजार लोक प्रभावित भेल छथि। भोजन, पेयजल, पशुचारा आ सुरक्षित आश्रयक समस्या बढ़ि गेल अछि। सरैयाक प्रसिद्ध रेवा मंदिर सेहो गंडकक पानि सं चारू दिस घेरायल अछि। मंदिर परिसर मे जलजमाव भेला सं सीढ़ी डूबि गेल अछि आ श्रद्धालु सभक आवागमन बंद अछि। प्रशासन स्थिति पर नजरि रखने अछि, मुदा बढ़ैत जलस्तर सं गंडक तटीय क्षेत्रक लोकक चिंता लगातार बढ़ि रहल अछि।

# खगड़ियाक सरकारी स्कूलक सीढ़ी टूटल, दू छात्राक मृत्यु

## तीन बच्ची अछि घायल, चलि रहल अछि इलाज



**खगड़िया, समदिया**

मानसी थाना क्षेत्रक अमनी गाम स्थित जटाधर मिश्र प्राथमिक विद्यालय, पासवान टोला मे बुधदिन अनचोके सीढ़ी ध्वस्त भए गेल। सीढ़ीक मलबा मे दबि गेला सं 9 वषीर्या छात्रा रीतिका कुमारीक मृत्यु भए गेल, जखन कि तीन अन्य बच्चा घायल भए गेल। घटना सं विद्यालय परिसर मे अफरा-तफरी मचि गेल। सूचना भेटिते स्थानीय लोक घटनास्थल पर पहुंचि बचाव-काज मे जुटि गेलाह। घायल बच्चा सभ कें इलाज लेल सदर अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि।

घटनाक सूचना पर सदर एसडीएम धनंजय कुमार सहित प्रशासनिक अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचि स्थितिक निरीक्षण केलनि। एसडीएम कहलनि जे प्रारंभिक जानकारी अनुसार विद्यालयक सीढ़ी वर्ष 2018-19 सं क्षतिग्रस्त छल। ग्रामीण सभक अनुसार एहि संबंध मे विद्यालय प्रशासन कें कतेको बेर जानकारी देल गेल छल।

धनंजय कुमार कहलनि जे घटनाक जांच कराओल जा रहल अछि आ जांच मे जे तथ्य सामने आएत, तदनुसार आवश्यक कारबाइ कएल जाएत। जिलाधिकारीक निर्देश पर विद्यालयक सुरक्षा जांच लेल एकटा टीम गठित कएल गेल अछि। ई टीम आगांक दू दिन मे विद्यालय सभक सुरक्षा ऑडिट करत आ जर्जर भवन अथवा खतरनाक हिस्साक पहिचान कए आवश्यक कारबाइक अनुशंसा करत। घटनाक बाद स्थानीय लोक मे सेहो चिंता देखल गेल। ग्रामीण सभ विद्यालय भवनक नियमित जांच करबाक आ कमजोर हिस्सा कें समय रहिते दुरुस्त करबाक मांग केलनि, जाहि सं भविष्य मे एहन दुर्घटनाक पुनरावृत्ति रोकल जा सकय।

# सीएमओ सं हटाओल गेला नीतीशक करीबी दीपक कुमार

## आपदा प्रबंधन प्राधिकरणक बनाओल गेला उपाध्यक्ष

**पटना, समदिया**

बिहार सरकार वरिष्ठ आइएएस अधिकारी दीपक कुमारक जिम्मेवारी मे बदलाव केलक अछि। हुनका मुख्यमंत्रीक प्रधान सचिव पद सं हटा कए बिहार राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकरणक उपाध्यक्ष नियुक्त कएल गेल अछि। 1984 बैचक बिहार कैडरक दीपक कुमार बिहारक मुख्य सचिव सेहो रहि चुकल छथि। ओ तत्कालीन मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक प्रधान सचिवक रूप मे सेहो दीर्घ समय धरि काज केने छथि। दीपक कुमार 20 मार्च 2021 कें सरकारी सेवा सं सेवानिवृत्त भेल छलाह आ ओकर




अगिला दिन 21 मार्च कें हुनका मुख्यमंत्रीक प्रधान सचिवक जिम्मेवारी देल गेल छल। एहि पद पर ओ करीब साढ़े पांच वर्ष धरि रहलाह। आब हुनका आपदा प्रबंधन प्राधिकरण मे नव जिम्मेवारी देल गेल अछि। दीपक कुमार अपन प्रशासनिक सेवाक दौरान बिहारक 13 जिला मे जिलाधिकारीक रूप मे काज कए चुकल छथि। ओ विकास आयुक्तक पद सेहो सम्हारि चुकल छथि। केंद्र मे सेहो ओ भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरणक अध्यक्ष आ कर्मचारी राज्य बीमा निगमक महानिदेशकक जिम्मेवारी सम्हारने छथि। आपदा प्रबंधन प्राधिकरणक उपाध्यक्षक पद एहि मास 11 सितंबर सं रिक्त छल। एहि सं पहिने उदय कांत मिश्रा एहि पद पर छलाह। दीपक कुमारक सीएमओ सं विदाइ प्रशासनिक स्तर पर महत्वपूर्ण फेरबदल मानल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री कार्यालयक उपलब्ध आधिकारिक निर्देशिका मे हाल धरि हुनकर नाम प्रधान सचिवक रूप मे देखाइ पड़ैत छल, जखन कि नव नियुक्तिक खबरि आबि गेल अछि।

### पटना मे बीच सड़क पर महिला पर चक्कू सं 10 बेर वार

**पटना :** न्यू एतवारपुर-कुरथौल इलाका मे बीच सड़क एक महिलापर एक युवक चक्कू सं 10 बेर वार कए गंभीर रूप सं घायल कए देलक। घटनाक सीसीटीवी फुटेज सेहो सामने आएल अछि। स्थानीय लोक महिला कें निजी अस्पताल मे भर्ती करौलनि। आरोपीक पहिचान 37 वर्षीय राजकुमारक रूप मे भेल अछि। राजकुमारक कहब अछि जे दुनूक बीच संबंध छल आ महिला बेर-बेर भेंट करबाक लेल बजबैत छल, जाहि सं ओकर बदनामी भए रहल छल। ओहि कारण सं हमला कएलक। घायल महिलाक कहब अछि जे आरोपीक कारणें ओकर पति आ दुनू बच्चा ओकरा सं दूर भए गेल अछि। पुलिसक अनुसार, महिलाक पति आब हुनका संग संबंध नहि रखबाक बात कहलनि।

# उपद्रवी तत्व सावधान! 30 वाटर कैनन आ 86 वज्र वाहन किनत सम्राट सरकार

- सम्राट कैबिनेटक बैसार मे कुल 30 प्रस्ताव पर लागल मोहर

**पटना, समदिया**

धरना-प्रदर्शन आ आंदोलनक समय कानून-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल बिहार सरकार तैयारी तेज कए देलक अछि। बुधदिन मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे भेल कैबिनेटक बैठक मे 30 वाटर कैनन आ 86 वज्र वाहन किनबाक मंजूरी देल गेल। एहि पर सरकार करीब 62 करोड़ टका खर्च करत। बैठक मे कुल 30 प्रस्ताव पर मोहर लागल। बिहार संग्रहालय मे 35 पद पर अस्थायी नियुक्ति कें सेहो स्वीकृति देल गेल। नियमित नियुक्ति होयबा धरि ई पद



संविदा अथवा निविदाक माध्यम सं भरल जाएत। राज्य मे हरित हाइड्रोजनक उत्पादन आ उपयोग कें बढ़ावा देबाक लेल बिहार हरित हाइड्रोजन नीति-2026क प्रारूप कें सेहो मंजूरी भेटल। कैबिनेटक निर्णय अनुसार कैमूर आ रोहतास जिलाक 177 गामक 21,644 घर कें आरडीएसएसक अंतर्गत विद्युतीकरण सं जोड़ल जाएत। एहि योजनाक लागत 117.80 करोड़ सं बढ़ा कए 361.86 करोड़ रुपैया कएल गेल अछि।

### बहादुरपुर मे आवास बोर्डक दू परियोजना

पटना नगरक बहादुरपुर सेक्टर-6 स्थित जर्जर आवासीय कॉलोनीक स्व-वित्तपोषित पुनर्विकास लेल एनबीसीसीक संग समझौता ज्ञापन करबाक अधिकार बिहार राज्य आवास बोर्ड कें देल गेल। बहादुरपुर सेक्टर-5 मे टीवी टावर लग 8.5 एकड़ जमीन पर स्व-वित्तपोषित परियोजना लेल सेहो एनबीसीसीक संग समझौता करबाक स्वीकृति देल गेल। कैबिनेट सप्तम राज्य वित्त आयोगक अंतरिम प्रतिवेदन मे देल अनुशंसा सभ कें वित्तीय वर्ष 2026-27 आ 2027-28 मे लागू करबाक निर्णय लेलक।

### मुंगेर आ पटना मे सड़क परियोजना

मुंगेरक तारापुर बाइपास पथक 7 किलोमीटर भाग लेल 115.90 करोड़ रुपैयाक प्रथम पुनरीक्षित प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल। रनगांव-भागलपुरा पथ सं धौनी भाया विसय मे बाइपास निर्माण लेल 87.63 करोड़ रुपैयाक मंजूरी भेटल। पटना मे मीठापुर-महुली एलिवेटेड पथ सं दू-लेन डाउन रैंप आ परसा-संपतचक पथक संरेखण मे दू-लेन एट-ग्रेड सड़क निर्माण लेल 82.26 करोड़ रुपैयाक प्रशासनिक स्वीकृति देल गेल।

# गंगाक जलस्तर बढ़ला सं कतेको घाट डूबल, कृष्ण घाट पर खतराक निशान सं 3 फीट ऊपर जलस्तर

## डीएम कहलनि- सड़क मरम्मति मिशन मोड मे हो

पटना, समदिया

पटना मे एक दिस गंगाक जलस्तर लगातार बढ़ला सं घाट सभ पर बाढ़िक खतरा बढ़ि गेल अछि। गंगाक कतेको घाट पर पानि खतराक निशान सं करीब 2 मीटर ऊपर बहि रहल अछि। जलस्तर बढ़ला सं गंगा किनार रहनिहार लोकक परेशानी बढ़ि गेल अछि। कतेको घाट जलमग्न भए गेल अछि आ आबि-जायबक बाट सेहो पानि मे डूबि गेल अछि। ओतहि, दोसर दिस बाढ़ि आ अत्यधिक बरखा सं क्षतिग्रस्त सड़कक मरम्मति कें लए जिला प्रशासन मिशन मोड मे काज शुरू करबाक निर्देश देलनि अछि।

### गंगा घाट पर बढ़ल पानि, तर्पण-पिंडदान मे सेहो परेशानी

गंगाक पानि बढ़लाक कारण पटनाक कतेको घाट पूरा तरहे जलमग्न भए गेल अछि। एहि बावजूद लोक अपन पूर्वजक तर्पण आ पिंडदान करबाक लेल घाट धरि पहुंचि रहल छथि। घाट पर पानि भरि गेलाक कारण लोक कें किनार बैसि कए पानि मे तर्पण आ पिंडदान करय पड़ि रहल अछि। घाट पर कारोबार कएनिहार लोकक परेशानी सेहो बढ़ि गेल अछि। पानि बढ़लाक कारण हुनका सभ कें अपन सामानक संग पानि बीच सं होइत गुजरय पड़ि रहल अछि। लगातार बढ़ैत जलस्तरक कारण गंगा किनारक क्षेत्र मे स्थिति पर नजरि राखल जा रहल अछि।

### कृष्ण घाटक पाथवे पानि मे डूबल

पटनाक कृष्ण घाट पर सेहो गंगाक बढ़ैत जलस्तरक असर स्पष्ट देखाइत अछि। घाट पर करीब 3 फीट पानि चढ़ि गेल अछि। एहि कारण पाथवे पूरा तरहे बंद भए गेल अछि आ लोकक आवाजाही प्रभावित भेल अछि। ओतहि गांधी घाट सं मरीन ड्राइव दिस जाएबला पाथवे सेहो पूरा तरहे बंद भए गेल अछि। पानि बढ़लाक कारण घाट पर लोकक आबि-जायब मे बहुत परेशानी भए रहल अछि।

### ट्रांसफार्मर धरि पहुंचल पानि

कृष्ण घाट पर पानि बढ़लाक संग ओतय लागल बिजलीक ट्रांसफार्मर धरि सेहो पानि पहुंचय लागल अछि। पानि ट्रांसफार्मर कें लगभग छूबय लागल अछि। एहन स्थिति मे सुरक्षा कें लए चिंता बढ़ि गेल अछि। गंगाक जलस्तर लगातार बढ़ला सं घाट सभ पर स्थिति चिंताजनक बनल अछि।

### बाढ़ि आ बरखा सं क्षतिग्रस्त सड़कक मिशन मोड मे होयत मरम्मति

एहि बीच बाढ़ि आ अत्यधिक बरखाक कारण पटना जिला मे क्षतिग्रस्त सड़कक मरम्मति कें लए जिलाधिकारी कुंदन कुमार अधिकारी सभ कें मिशन मोड मे काज करबाक निर्देश देलनि अछि। डीएम ग्रामीण कार्य विभाग, पथ निर्माण विभाग, राष्ट्रीय उच्च पथ प्रमंडल, बिहार राज्य पुल निर्माण निगम आ सभ नगर निकाय सहित सड़क निर्माण आ अनुरक्षण सं जुड़ल विभागक अधिकारी सभक संग



बैठक कए सड़क मरम्मति काजक समीक्षा कएलनि। जिलाधिकारी कहलनि जे अगिला एक सप्ताह धरि जिला मे सड़क मरम्मति आ अनुरक्षणक काज पर विशेष ध्यान देल जाए। शहर सं लए कए ग्रामीण क्षेत्र धरि बाढ़ि आ अत्यधिक बरखा सं जिनका सड़कक नोकसान भेल अछि, हुनक सूची तैयार कए प्राथमिकताक आधार पर मरम्मति शुरू कएल जाए।

डीएम सभ संबंधित विभाग कें अपन-अपन क्षेत्र मे एहन प्रभावी व्यवस्था तैयार करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं सड़क क्षतिग्रस्त होबाक सूचना तत्काल भेटि सकय आ बिना देरीक मरम्मति शुरू कराओल जा सकय। ओ सड़क क्षतिक सूचना भेटला सं लए कए निरीक्षण, मरम्मति आ ओकर बाद निगरानी धरि पूरा प्रक्रिया कें सक्रिय आ जवाबदेह बनेबाक निर्देश देलनि। अधिकारी सभ कें नियमित रूप सं अपन क्षेत्रक सड़कक निरीक्षण करबाक लेल सेहो कहल गेल अछि। जिलाधिकारी कार्यपालक अभियंता सभ कें निर्देश देलनि जे जे सड़क एखन अनुरक्षण अवधि मे अछि, ओकर नियमानुसार रखरखाव आ मरम्मति संबंधित संवेदकक माध्यम सं कराओल जाए। सड़क निर्माण आ अनुरक्षण सं जुड़ल विभाग सभ कें अपन-अपन क्षेत्र मे नियमित निरीक्षण करबाक आ क्षतिग्रस्त सड़कक मरम्मति मे कोनो तरहक देरी नहि करबाक लेल कहल गेल अछि। सड़कक मरम्मति लेल पर्याप्त संख्या मे रोड एंबुलेंसक व्यवस्था करबाक निर्देश सेहो संबंधित कार्यपालक अभियंता सभ कें देल गेल अछि। जिलाधिकारी मेट्रो रेल आ गैस पाइपलाइन सं जुड़ल अधिकारी सभक संग समन्वय स्थापित कए काज करबाक निर्देश देलनि।

ओ कहलनि जे जतय मेट्रो रेल वा गैस पाइपलाइन बिछेबाक लेल सड़क खोदल जाइत अछि, ओतय काज पूरा भेलाक बाद संबंधित एजेंसी तत्काल आ गुणवत्तापूर्ण तरीका सं सड़कक मरम्मति कराउ। पटना मेट्रो कें विशेष रूप सं निर्देश देल गेल अछि जे जिनका सड़कक रखरखावक जिम्मेदारी ओकरा लग अछि, हुनका सभक लगातार जांच कएल जाए आ जतय सड़क क्षतिग्रस्त भेटय, ओतय समय पर मरम्मति कराओल जाए। राजेंद्र नगर टर्मिनसक लग क्षतिग्रस्त सड़क कें शीघ्र ठीक करबाक निर्देश सेहो देल गेल अछि। शहर मे सुरक्षित आ सुगम आवाजाही लेल जरूरी स्थान पर फुट ओवरब्रिज बनेबाक लेल सेहो जिलाधिकारी अधिकारी सभ कें स्थल सूची तैयार करबाक निर्देश देलनि। एहन स्थान चिन्हित कएल जाएत, जतय पैदल यात्रीक सुविधा आ सड़क सुरक्षा कें देखैत फुट ओवरब्रिजक जरूरत अछि। एकरा संग सड़क पर बनल पुल आ फुट ओवरब्रिज सं जुड़ल खराब एस्केलेटर कें सेहो तत्काल ठीक करबाक निर्देश देल गेल अछि। बैठक मे एसपी ट्रैफिक सागर कुमार अनधिकृत क्रॉसिंग कें चिन्हित कए ओकरा बंद करबाक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे अनधिकृत क्रॉसिंग दुर्घटनाक कारण बनि सकैत अछि, तें सड़क सुरक्षाक दृष्टि सं एहि पर प्रभावी कारबाइ जरूरी अछि। एकर अतिरिक्त सड़कक किनार बनल पैदल पथ कें सेहो अतिक्रमणमुक्त करबाक निर्देश देल गेल, जाहि सं पैदल चलनिहार लोक कें सुरक्षित आ सुगम बाट भेटि सकय। एसपी ट्रैफिक कहलनि, सड़क पर वाहन खराब भेल, गाछ खसल वा दोसर कोनो कारण सं यातायात बाधित भेल पर संबंधित अधिकारी आपसी समन्वय सं तत्काल कारबाइ करथि। एहन स्थिति मे सड़क सं बाधा कें शीघ्र हटाकए सुरक्षित आ सामान्य यातायात बहाल कएल जाए, जाहि सं आमलोक कें परेशानी नहि हो। जिलाधिकारी सभ अनुमंडल पदाधिकारी कें अपन-अपन क्षेत्र मे क्षतिग्रस्त सड़कक मरम्मतिक लगातार निगरानी करबाक निर्देश देलनि। सड़क मरम्मति सं जुड़ल काजक प्रगतिक नियमित समीक्षा करबाक आ जरूरत पड़ला पर संबंधित विभागक संग समन्वय कए समस्याक तत्काल समाधान करबाक लेल कहल गेल अछि।

# आईआईटी पटनाक 60 स्वयंसेवक कएलनि श्रमदान, करीब 50 किलो कचरा हटौलनि

पटना, समदिया

स्वच्छता कें सामाजिक जिम्मेदारी सं जोड़बाक उद्देश्य सं भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान पटना (आईआईटी पटना)क राष्ट्रीय सेवा योजना (एनएसएस) दिस सं बुध दिन "स्वच्छता ही सेवा" अभियानक अंतर्गत विशेष सफाई अभियान चलाओल गेल। संस्थानक गेट नंबर 1क आसपास आयोजित एहि अभियान मे प्रथम वर्षक 60 एनएसएस स्वयंसेवक उत्साहपूर्वक भाग लेलनि।



स्वयंसेवक सभ श्रमदान करैत आसपासक क्षेत्रक सफाई कएलनि आ करीब 50 किलोग्राम कचरा एकत्र कए हटौलनि। अभियानक दौरान स्वयंसेवक सभ सार्वजनिक स्थान पर स्वच्छता बनौने रखबाक संदेश सेहो देलनि।

सफाई अभियानक संग स्वयंसेवक सभ आसपासक लोक कें सेहो स्वच्छताक प्रति जागरूक कएलनि। लोक सं सार्वजनिक स्थान पर कचरा नहि फेंकबाक, कचरा निर्धारित स्थान पर डालबाक आ अपन आसपासक वातावरण स्वच्छ रखबाक अपील कएल गेल। स्वयंसेवक सभ स्वच्छता कें दैनिक जीवनक हिस्सा बनेबाक लेल लोक कें प्रेरित कएलनि।

एनएसएस आईआईटी पटनाक कार्यक्रम प्रभारी सह प्रोफेसर-इन-चार्ज डॉ. सोमनाथ प्रधानक मार्गदर्शन मे आयोजित अभियानक नेतृत्व एनएसएस छात्र निकाय कएलक। एहि अवसर पर स्वयंसेवक सभ कहलनि जे स्वच्छ परिसर आ स्वच्छ समाजक निर्माण लेल सामूहिक प्रयास जरूरी अछि। युवाक भागीदारी सं स्वच्छताक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक संग समाज मे जिम्मेदारीक भावना सेहो मजबूत कएल जा सकैत अछि।

अभियानक माध्यम सं "स्वच्छता अपनाउ, स्वच्छ भारत बनाउ"क संदेश देल गेल। एनएसएस स्वयंसेवकक सक्रिय भागीदारी स्वच्छताक प्रति युवा शक्तिक प्रतिबद्धता कें सेहो प्रदर्शित कएलक।

## कुर्जी मे 7 लाख, गर्दनीबाग मे 5 लाखक चेन झपटलक

**पटना।** पटना क कुर्जी मोड़क लग बुध भोर बाइक सवार बदमाश सभ एक व्यक्तिक गला सं करीब 7 लाख रुपैयाक सोनाक चेन झपटि लेलक। घटना भोर करीब 7:50 बजे क बताओल जा रहल अछि। पीड़ितक पहचान कुर्जी मोड़ निवासी पंकज कुमारक रूप मे भेल अछि। घटना क बाद बाइक सवार दूनू आरोपी फरार भए गेल। पुलिस सीसीटीवी फुटेजक माध्यम सं ओकरा सभक पहचान मे जुटल अछि। पंकज कुमार बतौलनि जे ओ भोर करीब 7:40 बजे पार्षद कार्यालय जाएबाक लेल घर सं निकलल छलाह। कुर्जी मोड़ लग एक बाइक पर सवार दूनू व्यक्ति हुनका लग आयल। बाइक एक युवक चला रहल छल, जखनकि पाछू बैसल लड़की हुनक गला सं चेन झपटि लेलक। शोर मचबैत धरि आरोपी सभ फरार भए गेल छलाह। ओतहि गर्दनीबाग इलाका मे सेहो भोरक समय 5 लाख रुपैयाक चेन झपटल गेल। पीड़ित राकेश सिंह ठीकेदार छथि। ओ मॉर्निंग वॉक कए लौटि रहल छलाह आ साधनापुरी पार्क लग सब्जी कीनि रहल छलाह।

# बिहारक दू जिला बनत टेक्सटाइल हब

## तैयार होयत उद्योगक नेटवर्क, भेटत रोजगार

पटना, समदिया



बिहार मे उद्योग कें बढ़ावा देबाक लेल सरकार कतेको पहल कए रहल अछि। निवेश कें बढ़ावा देबाक लेल निवेशक सं जुड़ल कतेको योजना आनल जा रहल अछि। एहि क्रम मे राज्यक दू जिला कें टेक्सटाइल हब बनेबाक तैयारी अछि। मुजफ्फरपुर आ भागलपुर मे उद्योग स्थापित कएल जाएत। एहि सं युवा कें अपनहि जिला मे रोजगारक अवसर भेटि सकत। मुजफ्फरपुर मे लेदर, फुटवियर आ टेक्सटाइल आधारित पार्क विकसित कएल जा रहल अछि। ओतहि भागलपुर सिल्क उद्योग कें आधुनिक टेक्सटाइल आ मैन्युफैक्चरिंग क्षेत्र सं जोड़ि रहल अछि। मुजफ्फरपुरक महबल मे 62.17 एकड़ क्षेत्र मे मेगा लेदर आ फुटवियर एक्सेसरीज पार्क विकसित कएल जा रहल अछि। एतय बैग, फुटवियर, लेदर आ टेक्सटाइल सं जुड़ल उत्पादन इकाइ सभ कें बढ़ावा देल जा रहल अछि। जानकारीक अनुसार टेक्सटाइल पार्क मे हाई स्पिरिट कमर्शियल वेंचर्सक 43 हजार वर्गफुटक आधुनिक उत्पादन इकाइ शुरू कएल गेल अछि। मुजफ्फरपुरक बेला इंडस्ट्रियल एरिया आ महबल मे इंडस्ट्रियल शेडक संख्या बढ़ाओल जा रहल अछि। सिल्क सिटीक रूप मे पहचान रखनिहार भागलपुर आब टेक्सटाइलक संग बैग, फुटवियर आ होजरी निर्माणक दिशा मे आगू बढ़ि रहल अछि।

एहि परियोजनाक उद्देश्य मात्र औद्योगिक इकाइ स्थापित करब नहि अछि, बल्कि स्थानीय स्तर पर रोजगार, कौशल विकास आ सहायक उद्योगक नेटवर्क तैयार करब सेहो अछि। मुजफ्फरपुरक भौगोलिक स्थिति आ भागलपुरक पारंपरिक टेक्सटाइल पहचान कें देखैत एहि दूनू औद्योगिक केंद्र सं बिहारक संग पड़ोसी राज्य आ नेपाल-भूटान जकां बाजार धरि तैयार उत्पाद पहुंचेबाक संभावना सेहो बढ़ि रहल अछि।

गयाक डोभी मे विकसित भए रहल इंटीग्रेटेड मैन्युफैक्चरिंग क्लस्टर (आईएमसी)क पहिल चरण कें अक्टूबरक मध्य धरि चालू करबाक लक्ष्य अछि। बिहटा मे विकसित ड्राइपोर्ट राज्य मे तैयार होमय बला उत्पाद कें देशक प्रमुख समुद्री बंदरगाह आ वैश्विक बाजार धरि पहुंचेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत।

# पटना मे 95 करोड़क रेल टर्मिनल, 24 मास बादो निर्माण अधूरा

पटना, समदिया

पटना जंक्शनक दबाव कम करबाक लेल प्रस्तावित हार्डिंग पार्क पैसेंजर टर्मिनल खुद निर्माणक धीमा रफ्तार मे फंसि गेल अछि। टर्मिनलक निर्माण मे वाशिंग पिट लाइन सब सं पैघ बाधा बनि गेल अछि। स्थिति ई अछि जे परियोजना लेल टेंडर अवार्ड भेलाक करीब 24 मास बादो 10 प्रतिशत काज पूरा नहि भए सकल अछि।



जखनकि शुरूआती योजना अनुसार प्रथम चरणक काज मात्र 12 मास मे पूरा होबाक छल। करीब 95 करोड़ रुपैयाक लागत बला एहि परियोजनाक टेंडर सितंबर 2024 मे अवार्ड भेल छल। एकर बाद निर्माण शुरू भेल, मुदा काजक गति बहुत धीमा रहल। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी 30 मई 2025 कें परियोजनाक ऑनलाइन शिलान्यास केने छलाह।

एकर बाद रेलवे प्रथम चरण कें दिसंबर 2026 धरि पूरा करबाक लक्ष्य रखने अछि। आब लक्ष्यक समय-सीमा नजदीक अछि आ जमीन पर निर्माणक स्थिति एहि लक्ष्य पर सवाल ठाढ़ कए रहल अछि।

परियोजनाक धीमा रफ्तार कें लए पूर्व मध्य रेलक तत्कालीन महाप्रबंधक छत्रसाल सिंह 30 अप्रैल 2026 कें बैठक कए 10 दिन मे तकनीकी बाधा दूर कए काज तेज करबाक निर्देश देलनि छलाह।

एहि निर्देशक सेहो पांच मास बीति गेल। मुदा मात्र चहारदीवारीक काज आगू बढ़ल। एकर बाद जून मे रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव बिहार दौरा पर पटना पहुंचलाह तं ओ एहि परियोजनाक लाभ गिनौलनि।

ओहि समय आशा कएल गेल छल जे आब परियोजना मे तेजी आएत। मुदा समय बीतैत जा रहल अछि आ योजनाक प्रगति पर विशेष असर नहि देखाइत अछि।

समयक संग ई सेहो बताओल जा रहल अछि जे आब परियोजनाक लागत करीब 15 प्रतिशत सं बेसी बढ़ि गेल अछि। एहन स्थिति मे परियोजना पूरा नहि भेला सं यात्रीक सुविधा संग रेलवे कें सेहो आर्थिक नोकसान भए रहल अछि।

हार्डिंग पार्क मे टर्मिनल विकसित करबाक लेल जे क्षेत्र निर्माण लेल तैयार करबाक अछि, ओतय मौजूद वाशिंग पिट लाइन आ एहि सं जुड़ल रेल परिचालनक कारण काज प्रभावित भए रहल अछि।

निर्माण एजेंसी कें पर्याप्त कार्यक्षेत्र नहि भेटला सं कतेको हिस्सा मे काज आगू नहि बढ़ि रहल अछि। रेलवेक सामने एक दिस मौजूदा रेल परिचालन जारी रखबाक चुनौती अछि, तं दोसर दिस टर्मिनल निर्माण मे तेजी अनबाक दबाव अछि।

स्थिति एहन अछि जे ने प्लेटफार्मक काज आगू बढ़ि रहल अछि आ ने एसएनटी भवनक निर्माण भए पाबि रहल अछि। परियोजना पूरा भेलाक बाद हार्डिंग पार्क सं लोकल आ मेमू सहित किछु यात्री ट्रेनक परिचालन कराओल जाएत।

एहि सं पटना जंक्शनक मुख्य लाइन पर ट्रेनक दबाव कम करबाक योजना अछि। मुदा निर्माण मे देरी जारी रहल तं एकर सीधा असर पटना जंक्शनक क्षमता बढ़ेबाक पूरा योजना पर पड़त।

टर्मिनलक प्रथम चरण मे पांच प्लेटफार्म आ पांच रेल लाइन तैयार कएल जाएत। एकर संग जी-4 स्टेशन भवन, जी-6 एसएनटी भवन, सबवे, फुट ओवरब्रिज, सिग्नल आ टेलीकम्युनिकेशन भवन सहित यात्री सुविधा विकसित कएल जाएत। प्लेटफार्म पर कवर शेड सेहो लगाओल जाएत।

हार्डिंग पार्क टर्मिनलक योजना अप्रैल 2024 मे रेलवे बोर्डक मंजूरीक बाद सामने आएल छल। तखन एतय चारि प्लेटफार्म बनेबाक आ मेमू तथा लोकल ट्रेनक परिचालन करबाक बात कहल गेल छल।

रेलवे करीब 100 जोड़ी लोकल ट्रेन कें हार्डिंग पार्क सं चलयबाक संभावना सेहो जतौने छल। बाद मे प्रथम चरण मे प्लेटफार्मक संख्या बढ़ाकए पांच कए देल गेल।

परियोजना कें पटना जंक्शनक पुनर्विकास सं सेहो जोड़ल गेल। उद्देश्य स्पष्ट छल जे लोकल ट्रेन लेल अलग टर्मिनल उपलब्ध करा पटना जंक्शनक मुख्य लाइन कें मेल-एक्सप्रेस ट्रेन लेल बेसी उपलब्ध कराओल जाए। मुदा निर्माणक धीमा रफ्तार एहि पूरा योजनाक समयबद्धता पर सवाल ठाढ़ कए देने अछि।

परियोजनाक काज समय पर पूरा हो, एकर निगरानी कएल जा रहल अछि। जे कोनो बाधा अछि, ओकरा दूर कए काज सुचारू रूप सं हो, ई रेल प्रशासन दिस सं सुनिश्चित कएल जा रहल अछि। सरस्वती चंद्र, सीपीआरओ, पूर्व मध्य रेल।

# दानापुर सं कोलकाता लेल मोटरसाइकिल रैली विदा

## गया आ धनबाद होइत घुरत




पटना, समदिया

14म बिहार बटालियनक स्वर्ण जयंती मोटरसाइकिल रैली बुध दिन दानापुर सं विदा भेल। बटालियनक 50 वर्ष पूरा भेलाक अवसर पर प्रोजेक्ट शौर्य संबंधक अंतर्गत एकर आयोजन कएल गेल अछि। कमांडेंट ब्रिगेडियर राकेश कुमार बोरा रैली कें झंडी देखा कए विदा कएलनि।

रैली 24 सितंबर कें कोलकाताक फोर्ट विलियम सं शुरू भेल छल। 12 राइडरक टीम ओडिशा आ झारखंड होइत 28 सितंबरक सांझ दानापुर छावनी पहुंचल छल।

दानापुर मे 29 सितंबर कें टीम पूर्व सैनिक आ वीर नारि सभ सं भेंट कएलनि। राइडर सभ हुनक अनुभव सुनलनि आ राष्ट्र सेवाक लेल हुनका सभ कें सम्मानित कएलनि।

फ्लैग-ऑफ समारोह मे दानापुर छावनी "भारत माता की जय"क नारा सं गूंजि उठल। ब्रिगेडियर बोरा राइडर सभक हौसला बढ़ौलनि आ 1,840 किलोमीटरक यात्रा सफलतापूर्वक पूरा करबाक शुभकामना देलनि।

रैली आब गया आ धनबाद होइत कोलकाता वापस लौटत, जतय एकर समापन होयत।

# तलवार सं जानलेवा हमला मामिला मे पिता-पुत्र कें 8 वर्षक सश्रम कारावास

**रोसड़ा, समदिया**




व्यवहार न्यायालय रोसड़क अपर जिला एवं सत्र न्यायाधीश द्वितीय राजीव कुमार मिश्रक अदालत तलवार सं जानलेवा हमला करबाक मामिला मे दोषी पिता-पुत्र कें बुधदिन सजा सुनौलनि। सिंघिया थाना कांड संख्या 98/21 मे दोषी ठहराओल गेल सिंघिया थाना क्षेत्रक डुमरा निवासी रमेश साहू आ हुनकर पुत्र राहुल कुमार कें विभिन्न धारा मे अलग-अलग सजा देल गेल अछि। अदालत भारतीय दंड संहिताक धारा 307क अंतर्गत दुनू दोषी कें 8 वर्षक सश्रम कारावासक संग 20 हजार रुपैया जुमार्नाक सजा सुनौलनि। जुमार्ना नहि देलापर दुनू कें 9 मासक अतिरिक्त साधारण कारावास भुगतए पड़त। धारा 341क अंतर्गत 1 मास साधारण कारावास, धारा 147क अंतर्गत 1 बरख सश्रम कारावास आ धारा 323क अंतर्गत 6 मास साधारण कारावासक सजा देल गेल। एहि संग धारा 324क अंतर्गत दुनू कें 3 वर्षक सश्रम कारावास आ 1500 रुपैया जुमार्नाक सजा सुनाओल गेल। जुमार्ना नहि देलापर 2 मासक अतिरिक्त साधारण कारावास भुगतए पड़त। अदालत स्पष्ट कयलक जे सभ सजा एकहि संग चलत। मामिला 27 जून 2021क अछि। अभियोजनक अनुसार सिंघिया थाना क्षेत्रक डुमरा गांव मे सुखल आमक गाछ काटबाक बात कें लए कए विवाद भेल छल। आरोप अछि जे गाछ काटलाक बाद आरोपित सभ रंगदारीक मांग कयलनि। एहि मांगक विरोध करलापर जयशंकर प्रसाद साहूपर तलवार सं जानलेवा हमला कएल गेल। हमला मे जयशंकर प्रसाद साहू गंभीर रूप सं घायल भए गेल छलाह। घटनाक बाद हुनका इलाज लेल दरभंगा मेडिकल कॉलेज एवं अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल, जतय बहुत दिन धरि हुनकर उपचार चलल। उपचारक बाद हुनकर स्थिति मे सुधार भेल। मामिलाक सुनवाईक दौरान अभियोजन पक्षक दिस सं अपर लोक अभियोजक रामकुमार अदालत मे पक्ष रखलनि, जखन कि बचाव पक्षक दिस सं अधिवक्ता दीपक वर्णवाल पैरवी कयलनि। अभियोजन पक्ष द्वारा प्रस्तुत साक्ष्य आ गवाहक आधारपर अदालत दुनू आरोपित कें दोषी करार देने छल। दोषसिद्धिक बाद बुधदिन सजा निर्धारणक बिंदुपर सुनवाइ कए अदालत ई सजा सुनौलनि।

# 89.4 लीटर नेपाली शराबक संग दू व्यक्ति गिरफ्तार, तीन मोटरसाइकिल बरामद

**जयनगर, समदिया**

48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगरक एफ समवाय मुख्यालय कमला अंतर्गत पेट्रोलिंग पार्टी आसूचनाक आधार पर कारबाइ करैत 89.4 लीटर नेपाली निर्मित शराब बरामद कयलक। एहि दौरान दू भारतीय नागरिक कें गिरफ्तार कएल गेल, जखन कि एक व्यक्ति नेपाल दिस भागि निकलल। कारबाइ मे तीन मोटरसाइकिल आ दू मोबाइल फोन सेहो बरामद भेल। एसएसबी पेट्रोलिंग पार्टी कमला नहर ईदगाह मैदानक लग सीमा स्तंभ संख्या 270/15 सं करीब 900 मीटर भारतीय क्षेत्र मे निगरानी कए रहल छल। एहि क्रम मे नेपाल दिस सं तीन व्यक्ति तीन अलग-अलग मोटरसाइकिल पर भारत दिस अबैत देखल गेल। पेट्रोलिंग पार्टी कें देखिते तीनू मोटरसाइकिल छोड़ि नेपाल दिस भागबाक प्रयास कयलनि। एसएसबी जवान तत्परता सं घेराबंदी कए दू व्यक्ति कें पकड़ि लेलनि, जखन कि एक



व्यक्ति नेपाल दिस भागि गेल। पकड़ल गेल दुनू व्यक्ति आ बरामद मोटरसाइकिल सभक नियमानुसार तलाशी लेलापर सीट तर आ डिक्की मे लुका कए राखल नेपाली निर्मित शराब बरामद भेल। बरामद शराब मे सोफी (गौरव)क 213 बोतल, प्रत्येक 300 एमएल, कुल 63.9 लीटर आ ब्रिक्स नेपाली शराबक 85 बोतल, प्रत्येक 300 एमएल, कुल 25.5 लीटर शामिल अछि। दुनू प्रकारक कुल 298 बोतल मे 89.4 लीटर शराब बरामद भेल। गिरफ्तार व्यक्ति मे जयनगर थाना क्षेत्रक कुआर निवासी 36 वर्षीय बबलू कुमार यादव, पिता राजदेव यादव आ रहिका थाना क्षेत्रक धनुषी निवासी 29 वर्षीय अमन कुमार, पिता रामबाबू सिंह शामिल छथि। प्रारंभिक पूछताछ मे जानकारी भेटल जे शराब नेपालक इनरवा स्थित शराबक दोकान सं प्राप्त कए भारत आनल जा रहल छल। एसएसबी द्वारा बरामद शराब, तीनू मोटरसाइकिल, दू मोबाइल फोन आ गिरफ्तार दुनू व्यक्तिक जब्ती एवं गिरफ्तारी सूची तैयार कए अग्रिम कानूनी कारबाइ लेल देवधा थाना, मधुबनी कें सुपुर्द करबाक प्रक्रिया कएल जा रहल अछि।

# नेपाली शराबक संग दू व्यक्ति गिरफ्तार

**जयनगर, समदिया**

48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगरक एफ समवाय मुख्यालय कमला अंतर्गत विशेष नाका पार्टी आसूचनाक आधार पर कारबाइ करैत नेपाली निर्मित शराबक 28 बोतल, कुल 6.990 लीटर बरामद कयलक। एहि दौरान दू भारतीय नागरिक कें गिरफ्तार कएल गेल। हुनका सभक लग सं 17,600 टका भारतीय मुद्रा, एक मोटरसाइकिल आ दू मोबाइल फोन सेहो बरामद भेल।

एसएसबीक नाका पार्टी अकौन्हा गांवक लग अंतरराष्ट्रीय सीमा स्तंभ संख्या 271/हढ-1 सं करीब 100 मीटर भारतीय क्षेत्र मे अकौन्हा रेलवे फाटकक लग निगरानी कए रहल छल। एहि क्रम मे नेपाल दिस सं मोटरसाइकिल पर सवार दू व्यक्ति भारत दिस अबैत देखल गेल। रुकबाक संकेत देलाक बाद दुनू मोटरसाइकिल घुमाकऽ भागबाक प्रयास कयलनि। नाका पार्टी घेराबंदी कए दुनू कें पकड़ि लेलनि।



तलाशी लेलापर मोटरसाइकिलक सीट तर सं नेपाली निर्मित अंग्रेजी शराबक 28 बोतल बरामद भेल। एकर अतिरिक्त 17,600 टका भारतीय मुद्रा, एक हीरो कीपैड मोबाइल, एक रेडमी मोबाइल फोन आ होंडा एसपी शाइन मोटरसाइकिल (बीआर32बीबी 1691) बरामद कएल गेल।

गिरफ्तार व्यक्ति मे लक्ष्मीपुर निवासी 25 वर्षीय नीतीश कुमार, पिता महेश कुमार सिंह आ खजौली निवासी 22 वर्षीय मनीष कुमार, पिता उमेश कुमार सिंह शामिल छथि। प्रारंभिक पूछताछ मे दुनू व्यक्ति नेपालक इनरवा स्थित शराबक दोकान सं शराब आनिकऽ भारत मे खजौली निवासी प्रकाश कें देबाक लेल अबैत छलाह, एहन जानकारी भेटल अछि।

एसएसबी द्वारा बरामद शराब, नगदी, मोबाइल, मोटरसाइकिल आ गिरफ्तार दुनू व्यक्तिक जब्ती एवं गिरफ्तारी सूची तैयार कए अग्रिम कानूनी कारबाइ लेल देवधा थाना, मधुबनी कें सुपुर्द करबाक प्रक्रिया कएल जा रहल अछि। कमांडेंटक निर्देशन मे सीमा क्षेत्र मे अवैध शराब तस्करीक विरुद्ध आसूचनाक आधार पर कारबाइ लगातार जारी अछि।

## सोनू हत्याकांडक नामजद आरोपितक गिरफ्तारीक मांग

**सहरसा।** कहरा प्रखंड क्षेत्र मे सोनू कुमार हत्याकांडक नामजद आरोपित सभक गिरफ्तारीक मांग लए बुधदिन मृतकक पिता रामलखन कामत सहित पैघ संख्या मे परिजन हाथ मे तख्ती लए प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शनक बाद परिजन सभ डीआईजी कें आवेदन दए न्याय आ निष्पक्ष जांचक गुहार लगौलनि। डीआईजी कें देल आवेदन मे रामलखन कामत आरोप लगौलनि जे हुनकर 22 वर्षीय पुत्र सोनू कुमारक 30 जुलाई 2026कें साजिशक अंतर्गत हत्या कए शव कें नाथ बाबा पोखर मे फेंक देल गेल। आवेदन मे श्यामल पौद्दार, अजीत साह, नीतिश कुमार, आशीष पौद्दार, कुंदन गुप्ता, अरविंद पौद्दार, कंचन साह आ अनिल पौद्दार सहित अन्य कें नामजद आरोपित बनाओल गेल अछि। परिजनक अनुसार घटना बाद आरोपित सभ चारपहिया वाहन आ मोटरसाइकिल सं फरार भए गेल। एहि मामिला मे थाना कांड संख्या 902/2026 दर्ज अछि। परिजन सभ आरोप लगौलनि जे घटना बाद हुनका सभ कें धमकी सेहो देल जा रहल अछि। हुनका सभक मांग अछि जे नामजद आरोपित सभ कें अविलंब गिरफ्तार कएल जाए आ मामिलाक निष्पक्ष जांच कराओल जाए।

# डीएम केलनि मॉडल स्कूल बाजपट्टीक निरीक्षण, विद्यार्थी सं लेलनि फीडबैक

## स्मार्ट क्लास, प्रयोगशाला आ पुस्तकालयक कएलनि निरीक्षण

**सीतामढ़ी, समदिया**

जिलाक सभ 21 मॉडल विद्यालय मे शैक्षणिक जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। एहि क्रम मे नामित नोडल पदाधिकारी अपन-अपन विद्यालय मे पहुंचि छात्र-छात्रा सं संवाद करैत शैक्षणिक गतिविधि मे सहभागिता केलनि। विद्यालय मे उपलब्ध शैक्षणिक आ आधारभूत सुविधाक जायजा लेबाक संग विद्यार्थीक उत्साहवर्धन सेहो कएल गेल। एहि दौरान अभिभावक-छात्र संवाद सहित विभिन्न जागरूकता कार्यक्रम आयोजित भेल।

एहि क्रम मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया सरस्वती विद्या निकेतन (मॉडल स्कूल), बाजपट्टी पहुंचि विद्यालयक शैक्षणिक व्यवस्था आ उपलब्ध सुविधाक निरीक्षण केलनि। ओ विद्यालयक विभिन्न कक्ष, स्मार्ट क्लास, विज्ञान प्रयोगशाला, पुस्तकालय आ डिजिटल शिक्षण



व्यवस्थाक जायजा लेलनि। संगहि विद्यालय प्रबंधन सं शिक्षण व्यवस्था आ विद्यार्थीक शैक्षणिक प्रगतिक संबंध मे जानकारी प्राप्त केलनि। जिला मे सरकार द्वारा 21 मॉडल विद्यालयक निर्माण कराओल गेल अछि। एहि विद्यालयसभक उद्देश्य आधुनिक सुविधा सं युक्त नीक शैक्षणिक वातावरण मे छात्र-छात्रा कें गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक अवसर उपलब्ध करेनाइ अछि। विद्यालय सभ मे स्मार्ट क्लास, विज्ञान प्रयोगशाला, पुस्तकालय सहित विभिन्न आधुनिक शैक्षणिक संसाधन उपलब्ध कराओल गेल अछि। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी पेयजल, विद्युत, स्वच्छता सहित अन्य मूलभूत सुविधाक सेहो जानकारी लेलनि। ओ उपलब्ध संसाधन आ उपकरणक उपयोगक स्थिति संबंध मे विद्यालय प्रबंधन सं पूछताछ केलनि। डीएम कक्षा मे पहुंचि छात्र-छात्रा सं सहज संवाद केलनि। ओ बच्चा सं पढ़ाई, रुचिक विषय, विद्यालय मे उपलब्ध सुविधाक संग पढ़ाइक दौरान होमयवाली कठिनाइक बारे मे जानकारी लेलनि। जिलाधिकारी सं सीधे संवाद कए विद्यार्थी सभ उत्साहित नजरि आएलाह। जिलाधिकारी कहलनि जे मॉडल स्कूलक सार्थकता मात्र आधुनिक भवन आ संसाधन मे नहि, बल्कि उपलब्ध सुविधाक प्रभावी उपयोग करैत गुणवत्तापूर्ण शिक्षा आ नीक सीखबाक वातावरण तैयार करबा मे अछि। प्रत्येक बच्चा कें अपन प्रतिभा विकसित करबाक अवसर भेटबाक चाही। ओ शिक्षक सभ सं छात्र सभ मे जिज्ञासा, रचनात्मकता आ सीखबाक प्रवृत्ति कें बढ़ावा देबाक आह्वान केलनि। ओ विद्यालय प्रबंधन कें शैक्षणिक संसाधनक अधिकतम उपयोग सुनिश्चित करबाक आ विद्यार्थीक प्रगतिक नियमित समीक्षा करबाक निर्देश देलनि। अतिरिक्त सहयोगक आवश्यकता रहयवाला विद्यार्थीक प्रति विशेष ध्यान देबाक बात कहलनि।

# जिला स्तरीय विद्यालय खेल प्रतियोगिता मे खेलाड़ी सब देखौलनि दमखम

**दरभंगा, समदिया**

जिला स्तरीय विद्यालय खेल प्रतियोगिता 2026-27क दोसर दिन बुधदिन हैंडबॉल, वॉलीबॉल, रग्बी, कबड्डी आ योग सहित विभिन्न खेलक मोकाबला आयोजित भेल। खेल विभाग बिहार, बिहार राज्य खेल प्राधिकरण आ जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे आयोजित चारि दिवसीय प्रतियोगिता मे सरकारी आ निजी विद्यालयक खेलाड़ी सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। जिला खेल पदाधिकारी चंदन कुमार खेलाड़ीसभक उत्साह बढ़बैत कहलनि जे प्रतियोगिता मे जिलाक खेलाड़ी शानदार प्रदर्शन



कए रहल छथि। नियमित अभ्यासक संग नीक खेल भावना बनौने रखला पर खेलाड़ी प्रमंडल स्तरीय प्रतियोगिता मे सेहो नीक प्रदर्शन कए सकैत छथि। हैंडबॉलक अंडर-14 बालक वर्ग मे नारायणा इंटरनेशनल स्कूल विजेता रहल, जखन कि श्री कृष्णा आइडियल पब्लिक स्कूल उपविजेता रहल। अंडर-17 वर्ग मे प्लस टू राजकीय जीएस हाई स्कूल कसरौर पहिल स्थान प्राप्त केलक आ सेंटोबा इंटरनेशनल स्कूल दोसर स्थानपर रहल। अंडर-19 वर्ग मे पश्चिम कमला बांध स्कूलक टीम विजेता रहल, जखन कि पुनहदक टीम उपविजेता रहल। अंडर-14 बालिका वर्ग मे प्लस टू यूएचएस धनौली विजेता रहल आ आर. मेमोरियल एकेडमी उपविजेता रहल। प्रतियोगिता मे योगक व्यक्तिगत स्पर्धा मे विभिन्न आयु वर्गक विजेता खेलाड़ी सभ कें मेडल आ प्रशस्ति पत्र देल गेल। जिला खेल पदाधिकारी चंदन कुमार बतौलनि जे प्रतियोगिताक तेसर दिन 1 अक्टूबर कें लहेरियासरायक नेहरू स्टेडियम मे अंडर-14, 17 आ 19 बालक-बालिका वर्गक फुटबॉल मोकाबला आयोजित होयत। चारि दिवसीय प्रतियोगिताक समापन 2 अक्टूबर कें होयत।

# गीता भारतीय ज्ञान परंपराक बीज-कोश : डॉ. रुद्रकांत अमर

**दरभंगा, समदिया**

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक दर्शनशास्त्र विभाग मे ह्यश्रीमद्भगवद्गीता मे भारतीय ज्ञान परंपराक बीज तत्वह्ण विषयपर एकल व्याख्यानक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता विभागाध्यक्ष डॉ. शिखर वासिनी केलनि। मुख्य वक्ताक रूप मे पूर्व विभागाध्यक्ष डॉ. रुद्रकांत अमर आ सम्मानित अतिथिक रूप मे पूर्व विभागाध्यक्ष डॉ. शिवानंद झा उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक शुभारंभ वंदे मातरम्, राष्ट्रगान आ कुलगीतक गायनक संग दीप प्रज्वलन सं भेल। एहि अवसरपर अतिथिसभक पाग-चादर सं अभिनंदन कएल गेल आ स्मृति स्वरूप गाछ भेंट कएल गेल। स्वागत भाषण डॉ. प्रियंका राय केलनि। डॉ. शिवानंद झा कहलनि जे ज्ञान परंपरा मात्र



अतीतक धरोहर नहि, बल्कि जीवन जीबाक दृष्टि अछि। ओ कहलनि जे भारतीय ज्ञान परंपराक मूल उद्देश्य मनुष्य कें जीवन आ समाजक प्रति अपन दायित्वक बोध करेनाइ अछि। मुख्य वक्ता डॉ. रुद्रकांत अमर श्रीमद्भगवद्गीताक विभिन्न दार्शनिक पक्षपर विस्तार सं प्रकाश देलनि। ओ आत्माक नित्यता, स्थितप्रज्ञता, निष्काम कर्म, ज्ञान-कर्म-भक्तिक समन्वय आ समत्व-योगक चर्चा करैत कहलनि जे गीता कोनो एक दर्शनक पुस्तक नहि, बल्कि भारतीय ज्ञान परंपराक बीज-कोश अछि। ओ कहलनि जे गीता मे उपनिषदक आत्मविद्या, सांख्यक तत्वविवेक, योगक समत्व-दृष्टि आ कर्मक लोकोपयोगिताक समन्वय भेटैत अछि। गीता मनुष्य कें कर्म करबाक संग ओकर फलप्रतिक आसक्ति सं मुक्त रहबाक संदेश दैत अछि। एहि कारणें एकर शिक्षा आजुक जीवन मे सेहो प्रासंगिक अछि। अध्यक्षीय संबोधन मे डॉ. शिखर वासिनी कहलनि जे दर्शनक उद्देश्य मात्र विचारक अध्ययन करब नहि, बल्कि ओकरा जीवन मे उतारब अछि। विचार जखन व्यवहारक हिस्सा बनैत अछि, तखने दर्शनक वास्तविक उपयोगिता सिद्ध होइत अछि।

# मॉडल स्कूल नगवास मे एडीएम शिक्षक बनि पढ़ौलनि बच्चा सभ कें

## पठन-पाठन, उपस्थिति, साफ-सफाई आ संसाधनक लेलनि जायजा

**बेनीपट्टी, समदिया**

अपर समाहर्ता मुकेश रंजन झा बुधदिन बेनीपट्टी प्रखंड क्षेत्रक नगवास स्थित मॉडल स्कूलक निरीक्षण केलनि। एहि दौरान ओ विद्यालय मे चलि रहल शैक्षणिक गतिविधि, छात्र-छात्राक उपस्थिति, शिक्षकक उपस्थिति, साफ-सफाई आ उपलब्ध संसाधनक जायजा लेलनि। निरीक्षणक क्रम मे ओ विभिन्न वर्गकक्ष मे पहुंचि पठन-पाठनक स्थिति बारीकी सं देखलनि आ छात्र-छात्रा सं बातचीत कए शिक्षण व्यवस्था आ पढ़ाइ संबंधी जानकारी लेलनि। एडीएम विद्यालय मे चलि रहल अभिभावक-विद्यार्थी आ शिक्षक संवाद कार्यक्रमक सेहो निरीक्षण केलनि। तकर बाद ओ



एक-एक कए विभिन्न वर्गकक्ष मे पहुंचलाह आ शिक्षक सभ द्वारा कराओल जा रहल पठन-पाठनक अवलोकन केलनि। एहि दौरान ओ स्वयं शिक्षकक भूमिका निभबैत छात्र-छात्रा सभ कें पढ़ौलनि आ विषय सं संबंधित प्रश्न पूछि हुनकर शैक्षणिक समझक आकलन केलनि। एडीएम कें अनचोके कक्षा मे पहुंचि पढ़बैत देख छात्र-छात्रा सभ मे उत्साह देखल गेल। अपर समाहर्ता विद्यालय परिसरक साफ-सफाई, वर्गकक्षक स्थिति, उपलब्ध शैक्षणिक संसाधन आ छात्र-छात्राक नियमित उपस्थिति सेहो जांचलनि। एहि क्रम मे ओ नगवास स्थित मध्य विद्यालयक सेहो निरीक्षण केलनि। ओ विद्यालय संचालन मे आबि रहल समस्या आ उपलब्ध संसाधनक स्थिति संबंध मे जानकारी लेलनि। निरीक्षणक बाद मुकेश रंजन झा कहलनि जे मॉडल स्कूल आ मध्य विद्यालयक निरीक्षण कएल गेल अछि आ एहि तरहक निरीक्षण नियमित रूप सं जारी रहत। निरीक्षणक मुख्य उद्देश्य विद्यालय मे छात्र-छात्रा कें गुणवत्तापूर्ण आ नीक शिक्षा भेटि रहल अछि वा नहि, तकर समीक्षा करब अछि। संगहि आवश्यक संसाधनक उपलब्धता आ शिक्षकसभक स्थिति सेहो देखल जा रहल अछि। ओ बतौलनि जे निरीक्षणक दौरान विद्यालय मे कॉमर्स विषयक शिक्षकक कमी सामने आयल अछि। ओतहि मध्य विद्यालयक किछु वर्गक संचालन हाई स्कूलक कमरा मे कएल जा रहल स्थिति सेहो देखल गेल। एहि दुनू बिंदुपर गंभीरता सं ध्यान देबाक बात कहल गेल। एडीएम विद्यालयक प्रधानाध्यापक कें साफ-सफाई, छात्र-छात्रा आ शिक्षकक नियमित उपस्थिति तथा पठन-पाठनक व्यवस्था कें आर नीक बनेबाक आवश्यक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे विद्यालयक शैक्षणिक व्यवस्था कें प्रभावी बनौने रखबाक लेल नियमित निरीक्षण होयत आ निरीक्षण मे सामने आबयवाली कमीक समाधान लेल आवश्यक कारबाइ कएल जाएत।

# 2 अक्टूबर कें पटना मे जुटत सूड़ी समाज दरभंगा सं पैघ भागीदारीक तैयारी

**दरभंगा, समदिया**

पटना स्थित विद्यापति भवन मे 2 अक्टूबर कें आयोजित होमयवाला ह्यसुड़ी सम्मान समारोह 2026ह्ल मे दरभंगा सं पैघ संख्या मे समाजक लोकक भागीदारी सुनिश्चित करबाक लेल बैसार आयोजित कएल गेल। जिला संयोजक राकेश नायकक अध्यक्षता मे भेल बैसार मे समारोहक तैयारीपर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। दरभंगा सम्मान समारोहक संयोजक प्रहलाद पूर्वे कार्यक्रमक रूपरेखा प्रस्तुत केलनि। राकेश नायक कहलनि जे राष्ट्रीय सुड़ी महासभाक तत्वावधान मे आयोजित समारोह मे दरभंगा जिला सं पैघ संख्या मे



समाजक लोक शामिल होयताह। ओ समाजक लोक सं 2 अक्टूबर कें पटना पहुंचि कार्यक्रम मे भाग लेबाक अपील केलनि। प्रमंडलीय सह-संयोजक अशोक नायक कहलनि जे समारोहक माध्यम सं सुड़ी समाज कें अति पिछड़ा वर्ग मे शामिल करबाक मांग सरकारक समक्ष राखल जाएत। हुनकर कहब छलनि जे समाज शैक्षणिक, आर्थिक आ राजनीतिक रूप सं पिछड़ल अछि। आरक्षण आ अधिकारक मांग कें लए समाजक लोक कें एकजुट होयब जरूरी अछि। पार्षद सोनी पूर्वे कहलनि जे समारोह मे महिला, युवा आ बुद्धिजीवी वर्गक लोक सेहो पैघ संख्या मे भाग लेताह। वरिष्ठ समाजसेवी अरुण महतो ह्यपटना चलूह्ल क आह्वान करैत समाजक लोक सं एकजुट भए कार्यक्रम कें सफल बनेबाक अपील केलनि।

# ज्ञानेश कुमारक इस्तीफाक मांग लए सीपीआई(एम) कयलक पुतला दहन

जयनगर, समदिया



भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी (मार्क्सवादी) सीपीआई(एम) ब्रांच कमिटी उछाल टोल, जयनगरक तत्वावधान मे बाजार समिति चौक पर मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमारक पुतला दहन कएल गेल। एहि दौरान पार्टीकार्यकर्ता सभ हुनक इस्तीफा अथवा बर्खास्तगीक मांग लए विरोध प्रदर्शन कएलनि आ नारेबाजी कयलनि।पुतला दहन कार्यक्रम मे सीपीआई(एम)क जिला सचिव मंडल सदस्य रामजी यादव, जिला कमिटी सदस्यउपेंद्र कुमार यादव, लोकल कमिटी सचिव कुमार राणा प्रताप सिंह, मुकेश कुमार सहित अन्य वक्ता सभचुनाव आयोगक कार्यप्रणाली पर सवाल उठौलनि। वक्ता सभ आरोप लगौलनि जे चुनाव आयोगक कार्यप्रणाली सं देशक लोकतांत्रिक व्यवस्था प्रभावित भए रहल अछि। हुनका सभक आरोप छल जे मुख्यचुनाव आयुक्त सत्ताक इशारा पर काज कए रहल छथि आ एहि कारण लोकतांत्रिक व्यवस्था कमजोर भएरहल अछि। ई आरोप पार्टी नेता सभक राजनीतिक आरोप छथि।कार्यक्रमक अध्यक्षता कॉमरेड पवन कुमार यादव कयलनि। ओ कहलनि जे मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेशकुमारक इस्तीफा अथवा बर्खास्तगीक मांग लए देशभरि मे पार्टीक दिस सं कार्यक्रम आयोजित कएल जारहल अछि। ओ कहलनि जे देशक आजादीक लड़ाइ मे युवा सभ जे बलिदान देने छथि, तकर कोनोप्रकारक दुरुपयोग स्वीकार नहि कएल जायत। अध्यक्ष पवन कुमार यादव पार्टी कार्यकर्ता आ आम लोक सं2 अक्टूबर 2026 कें मधुबनी रेलवे स्टेशन पर प्रस्तावित कार्यक्रम मे बेसी सं बेसी संख्या मे शामिलहोबाक अपील कयलनि। एहि अवसर पर राम पुकार यादव, चंदेश्वर यादव, जगदेव यादव, योगेंद्र मुखिया, विनोद यादव आ राम खेलावन यादव सहित अन्य कार्यकर्ता उपस्थित छलथि।

# 102 किलो गांजा संग अभियुक्त गिरफ्तार, मधुबनी पुलिसक पैघ कारबाइ

मधुबनी, समदिया



मादक पदार्थक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक क्रम मे मधुबनी पुलिस कें पैघ सफलता भेटल अछि। मधवापुर थाना क्षेत्र मे पुलिस गस्ती टीम 102 किलो गांजा बरामद करैत एकटा अभियुक्त केंगिरफ्तार केने अछि। बरामद गांजाक अनुमानित कीमत करीब 51 लाख टका बताओल गेल अछि।पुलिसक अनुसार मधवापुर थाना गस्ती टीम कें रात्रि गस्ती पर रहबाक क्रम मे गुप्त सूचना भेटल जेब्रह्मपुरी गाम सं एकटा चारपहिया वाहन द्वारा गांजाक परिवहन कएल जाएत। सूचना वरिष्ठ अधिकारीकें देल गेल आ हुनकर निर्देशानुसार ओकर सत्यापन आ आवश्यक कारबाइ लेल गस्ती टीम ब्रह्मपुरी गामक लग एनएच पर पहुंचि वाहन जांच शुरू कएलक। एहि बीच सामने सं एकटा कार तेज गति संआबैत देखाइत देलक। पुलिस कें देखिते चालक कार घुमा कए भागबाक प्रयास केलक। मुदा पुलिस बलकसहयोग सं ओकरा पकड़ि लेल गेल। चालक सं नाम-पता पूछला पर ओ अपन नाम बिनोद कुमार यादव,पिता स्व. लट्ठा यादव, बासोपट्टी, मधुबनी बतौलक। पुलिस द्वारा भागबाक कारण पूछला पर ओ कोनो संतोषजनक जवाब नहि दए सकल। शकक आधार पर कारक विधिवत तलाशी लेल गेल। तलाशीक क्रम मेकारक डिक्की आ सीट मे नुका कए राखल प्लास्टिकक पन्नी मे सील कएल गेल कुल 8 पैकेट गांजा बरामद भेल। वजन कएलापर सभ पैकेटक कुल वजन 102 किलो निकलल। पूछताछ मे गिरफ्तार चालकबिनोद कुमार यादव कथित रूप सं बतौलक जे ई गांजा कमलेश कुमार यादव, पिता जुगेश्वर यादव, जिला धनुषा, नेपाल द्वारा ओकरा देल गेल छल। ओकरा ई मादक पदार्थ साहरघाट निवासी अनिल कुमार साह आ सुनील साह, दुनूक पिता अर्जुन साह, ग्राम मुखियापट्टी, थाना साहरघाट, मधुबनीक लग एहि कार संपहुंचाबय लेल कहल गेल छल। पुलिसक अनुसार एहि मामिला मे अन्य अभियुक्त सभक गिरफ्तारी लेल संभावित ठिकाना सभ पर छापेमारी जारी अछि।

# सिमरा मे एनएच-27 बनल पार्किंग स्टैंड, प्रशासनक लापरवाही सं यात्री मे आक्रोश

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुर थाना क्षेत्रक सिमरा गामक लग एनएच-27 केर स्थिति एहि समय बेहद खतरनाक बनल अछि। दरभंगा सं फुलपरास के जोड़यवला एहि व्यस्त फोरलेन राजमार्ग के ट्रक आ हाइवा चालक सभ अवैध ट्रकस्टैंड बना देने छथि। तस्वीर मे स्पष्ट देखाइत अछि जे सड़कक एकटा पूरा लेन पर आधा दर्जन सं बेसीपैघ हाइवा आ मालवाहक पिकअप बेतरतीब ढंग सं ठाढ़ कएल गेल अछि। एहि मे कतेको ट्रक मे नेपार्किंग लाइट जरैत अछि आ ने पाछां रिफ्लेक्टर लागल अछि। एहि कारण रातिक अन्हार मे ई सभ वाहन मौतक जाल सं कम नहि बुझाइत अछि। एनएच-27 पर सामान्यतः वाहन 80 सं 100 किलोमीटर प्रति घंटाक रफ्तार सं चलैत अछि। एहन स्थिति मे अनचोके सड़क पर ठाढ़ ट्रक देखला पर पाछां संआबि रहल वाहन सभ लेल तत्क्षण ब्रेक लगेनाइ कठिन भए जाइत अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे ई ट्रक सभ दिन-राति एही तरहे सड़क पर कब्जा कयने ठाढ़ रहैत अछि। एहि लापरवाहीक कारणेसोमदिन राति चनौरागंजक लग एकटा ट्रक मे पाछां सं हाइवा घुसि गेल छल। एहि दुर्घटना मे हाइवाकपरखच्चा उड़ि गेल छल। संयोग नीक छल जे चालक बचि गेल, नहि तं पैघ जनहानि भए सकैत छल।सड़कक कात ट्रक सभक जमघट लागल रहबाक कारण पैदल यात्री, साइकिल आ मोटरसाइकिल सवार सभकें सभ सं बेसी कठिनाइक सामना करय पड़ैत अछि। सिमरा गामक ग्रामीण, महिला आ स्कूली बच्चा सभ कें जान जोखिम मे दए सड़कक बीच सं गुजरय पड़ैत अछि। एही सिमरा गामक लग करीब 15 दिन पूर्व एकटा स्कूली बच्ची कें अज्ञात वाहन कुचलि देने छल, जाहि सं ओकर मृत्यु भए गेल छल। आश्चर्यक बात अछि जे एनएचएआइक पेट्रोलिंग टीम आ स्थानीय थाना पुलिसक नजरि एहि अवैध पार्किंग पर नहि पड़ि रहल अछि। नियमानुसार राजमार्ग पर वाहन ठाढ़ करब पूर्णतः प्रतिबंधित अछि। मुदा एकरा बावजूद खुलेआम नियमक धज्जी उड़ाओल जा रहल अछि आ एक-दू नहि, बल्कि कतेको मालवाहक वाहन एकहि पांति मे ठाढ़ कय चालक सभ आराम करैत छथि। ग्रामीण सभ जिलाधिकारी, मधुबनी आ एसपी सं मांगकेने छथि जे सिमरा सहित अन्य स्थान पर एनएच-27 कें वाहनक अतिक्रमण सं मुक्त कराओल जाए।संगहि, एहि स्थान सभ पर नो-पार्किंगक बोर्ड लगाओल जाए आ बेतरतीब ढंग सं ठाढ़ वाहन सभ परजुर्माना वसूलल जाए। ग्रामीणक कहब अछि जे पैघ दुर्घटना घटबाक पहिने एहि समस्या पर रोक लगेनाइ आवश्यक अछि।

# नीक स्वास्थ्य सेवा सं संतुष्ट देखल गेल रोगी, जच्चा-बच्चा दुनू स्वस्थ

झंझारपुर, समदिया



अनुमंडल प्रशासनक निर्देश पर अनुमंडलीय अस्पताल झंझारपुर मे रोगी सभ सं स्वास्थ्य सेवाक गुणवत्तासंबंधी फीडबैक लेल गेल। एसडीएम झंझारपुर टोनी कुमारीक निर्देश पर अस्पताल प्रशासनक टीम भर्तीरोगी सभ सं अस्पताल मे उपलब्ध सेवा, चिकित्सक द्वारा समय पर इलाज, स्वास्थ्यकर्मी सभक व्यवहार आ इलाजक दौरान कोनो तरहक परेशानीक संबंध मे जानकारी लेलनि। फीडबैकक क्रम मे रोगी सभ संइहो पूछल गेल जे कोनो चिकित्सक अथवा कर्मी द्वारा इलाजक बदला मे पैसाक मांग कएल गेल अछि वा नहि। जांचक दौरान एखन धरि कोनो रोगी द्वारा पैसाक मांग अथवा इलाज मे लापरवाही संबंधी शिकायत नहि कएल गेल अछि। रोगी सभ अस्पतालक व्यवस्था आ चिकित्सक एवं स्वास्थ्यकर्मी सभकव्यवहारक प्रति संतोष व्यक्त कएलनि। एहि क्रम मे हरिपुर बत्ती टोल निवासी 27 वर्षीय संगीता कुमारीप्रसव लेल अनुमंडलीय अस्पताल पहुंचल छलथि। अस्पताल मे हुनका एक स्वस्थ पुत्रीक जन्म भेल।जच्चा आ बच्चा दुनू पूर्ण रूप सं स्वस्थ आ सुरक्षित छथि। अस्पताल मे समय पर आ समुचित स्वास्थ्यसेवा भेटला सं प्रसन्न संगीता कुमारी अपन नवजात पुत्रीक संग सकुशल घर लौटि गेलीह। अस्पतालप्रशासनक दिस सं कहल गेल जे भर्ती रोगी सभक इलाजक स्थिति, चिकित्सक आ कर्मी सभक व्यवहार तथा अस्पतालक समग्र व्यवस्थाक संबंध मे नियमित रूप सं फीडबैक लेल जा रहल अछि। एहि सं रोगीसभक वास्तविक अनुभवक जानकारी भेटैत अछि आ स्वास्थ्य सेवा मे आवश्यक सुधार करबाक अवसरसेहो भेटैत अछि। एसडीएम टोनी कुमारी कहलनि जे सरकारक स्पष्ट निर्देश अछि जे सरकारी अस्पतालमे रोगी सभ कें नीक, पारदर्शी आ निःशुल्क स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध हो। एहि उद्देश्य सं समय-समय परऔचक निरीक्षणक संग रोगी सभ सं फीडबैक लेल जा रहल अछि, जाहि सं अस्पतालक स्वास्थ्य व्यवस्थाकें आओर प्रभावी आ रोगी हितैषी बनाओल जा सकय।

# भेजा पंचायत मे प्रधानमंत्री आवास प्लसक सूची पर उठल प्रश्न

मधुबनी, समदिया

**बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियन केलक जांचक मांग**

बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियन, मधुबनीक जिलाध्यक्ष कॉम राम नारायण यादव आरोपलगौलनि अछि जे प्रधानमंत्री आवास योजना (ग्रामीण) अंतर्गत आवास प्लस 2024 केर सूची मे मधेपुरप्रखंडक भेजा ग्राम पंचायतक कतेको एहन लोकक नाम शामिल अछि, जे आर्थिक रूप सं संपन्न छथि।हुनकर कहब अछि जे सूची मे जमींदार, पूंजीपति, पैघ व्यापारी, दबंग आ स्थानीय जनप्रतिनिधिक परिवारकलोकक नाम ऊपर राखल गेल अछि, जखन कि वास्तविक गरीब मजदूर आ वंचित परिवार सभक नामसूची सं गायब अछि। राम नारायण यादवक आरोप अछि जे आवास प्लस 2024 केर सूची गरीब लोक लेलनहि, बल्कि संपन्न लोक लेल बना देल गेल अछि। हुनकर अनुसार, कतेको एहन जमींदार आ पूंजीपतिछथि, जिनका लग पच्चीसो बीघा जमीन, ट्रैक्टर, हार्वेस्टर, जेसीबी आ पैघ-पैघ पक्का मकान अछि, तैयोहुनकर नाम आवास प्लस 2024 केर सूची मे ऊपर अछि।ओ कहलनि जे गामक कतेको पैघ व्यापारी आ दबंग लोक, जे सूदक कारोबार आ पैघ दोकान चलबैत छथि तथा पहिने सं दू-दू तल्लाक मकान मे रहैत छथि, हुनका सभ कें सेहो गरीब देखाकऽ आवास योजनाक लाभ देबाक प्रयास भए रहल अछि। यूनियनक जिलाध्यक्ष जनप्रतिनिधि सभ पर परिवारवादकआरोप लगबैत कहलनि जे मुखिया, वार्ड सदस्य आ हुनका लगक लोकक परिवारक बेटा, पुतोहु, भाय आभतिजा सभक नाम सेहो सूची मे शामिल अछि। हुनकर कहब अछि जे ई सत्ता आ पदक दुरुपयोगकमामिला अछि। ओ कहलनि जे वास्तविकता ई अछि जे भेजा पंचायतक सैकड़ो भूमिहीन, खेत मजदूर आदिहाड़ी मजदूर आइयो फूसक झोपड़ी, टाट आ पॉलिथिनक छत तर रहय लेल विवश छथि। आवास परसभ सं पहिल हक एहन गरीब परिवारक होबाक चाही, मुदा हुनकर नाम सूची सं गायब अछि। यूनियनक आरोप अछि जे आवास प्लस 2024 केर पूरी सूचीक जानकारी आम जनता कें नहि देल गेल। सूची ने ग्रामसभा मे सार्वजनिक कएल गेल, ने पढ़ि कए सुनाओल गेल आ ने पंचायत भवन पर चिपकाओल गेल।आरोप अछि जे गुपचुप ढंग सं सूचीक अनुमोदन करा लेल गेल।राम नारायण यादव कहलनि जे ई गरीब, मजदूर आ वंचित लोकक संवैधानिक अधिकार पर सीधा प्रहारअछि। बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियन मांग केने अछि जे भेजा पंचायतक आवास प्लस 2024 केर पूरी सूची तत्काल रद्द कएल जाए। जिलाधिकारी अपन स्तर सं प्रत्येक लाभुकक घरक वीडियोग्राफी करबैत स्थलीय जांच कराबथि। यूनियन एहि मामिला मे कथित गड़बड़ी मे शामिल मुखिया आ आवास सहायक पर अविलंब प्राथमिकी दर्ज करबाक तथा आवास सहायक कें बर्खास्त करबाक मांगकेने अछि। संगहि, नव सूची खुलल ग्रामसभा मे आम जनताक समक्ष पढ़ि कए तैयार करबाक मांग सेहोकएल गेल अछि। यूनियनक चेतावनी अछि जे सात दिनक भीतर गरीबक आवाज पर सुनवाइ नहि भेल तं भेजा पंचायत सं मधुबनी समाहरणालय धरि अनिश्चितकालीन धरना-प्रदर्शन शुरू कएल जाएत। यूनियनकअनुसार, एहि क्रम मे उत्पन्न परिस्थितिक सभ जिम्मेदारी प्रशासनक होयत।

# डीडीसी जयनगर मे विकास योजनाक केलनि निरीक्षण

जयनगर, समदिया



मधुबनीक उप विकास आयुक्त (डीडीसी) तुषार कुमार मंगलदिन जयनगर पहुंचि क्षेत्र मे संचालित विभिन्न विकास आ कायाकल्प योजनाक स्थलीय निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान ओ अधिकारी आ जनप्रतिनिधिसभ सं योजनाक प्रगति, आवश्यकता आ कार्यक स्थिति संबंधी जानकारी लेलनि आ विकास कार्य मे तेजीअनबाक निर्देश देलनि।डीडीसी बीडीओ राजीव रंजन कुमार, जिला परिषद सदस्य अंजली कुमारी सहितअन्य अधिकारी आ जनप्रतिनिधि सभक संग दुल्लीपट्टी पंचायत पहुंचलाह। ओतय विभिन्न विद्यालय, आंगनबाड़ी केंद्र, सामुदायिक भवनक कायाकल्प आ सार्वजनिक शौचालय निर्माणक स्थल निरीक्षण कएल गेल। एकर बाद जयनगर बस्ती पंचायत मे बाबा पोखर, पार्कक सौंदर्यीकरण, विद्यालय, सामुदायिक भवन आ आंगनबाड़ी केंद्र सं संबंधित योजनाक जायजा लेल गेल। डीडीसी जयनगर बाजार स्थित जिला परिषदमार्केट, ऐतिहासिक डाक बंगला आ निधि कॉम्प्लेक्स मार्केटक निरीक्षण सेहो कयलनि। जिला परिषद सदस्यअंजली कुमारी मार्केट मे जलजमाव, कीचड़, जलनिकासी, सड़क आ नाला निर्माणक समस्या हुनकाबतौलनि। सार्वजनिक शौचालय आ पेयजल व्यवस्थाक मांग सेहो रखलनि। डाक बंगला जीर्णोद्धारकमुद्दा पर सेहो चर्चा भेल। डीडीसी संबंधित अधिकारी सभ सं जानकारी लैत आवश्यक कारबाइक निर्देश देलनि। बाद मे डीडीसी अनुमंडल कार्यालय आ प्रखंड-सह-अंचल कार्यालयक निरीक्षण कयलनि। प्रखंड कार्यालय मे समीक्षा बैसार मे विभिन्न योजनाक प्रगति, लंबित कार्य आ निर्धारित समय मे योजना पूरा करबाक संबंध मे चर्चा भेल। ओ अधिकारी सभ कें पारदर्शिताक संग विकास कार्य मे तेजी अनबाक आ लोक कें सरकारी योजनाक लाभ सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। एहि अवसर पर एसडीएम दीपक कुमार,डीसीएलआर प्रवीण कुमार पांडेय, सीओ अखिलेश चौधरी, ईओ सुनील कुमार सहित कई अधिकारी, जनप्रतिनिधि आ कर्मी उपस्थित छलथि।

# सरस्वती विद्या निकेतन मॉडल स्कूलक एसडीएम कएलनि निरीक्षण

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक परसौनी उत्तरी पंचायत स्थित सरस्वती विद्या निकेतन मॉडल स्कूल परसौनीक गहननिरीक्षण बुधदिन एसडीएम शारंग पाणि पांडेय कएलनि। एहि क्रम मे ओ विद्यालयक आधारभूत संरचना, प्रतियोगी परीक्षाक तैयारी लेल संचालित लैब आ शैक्षणिक व्यवस्थाक जायजा लेलनि। निरीक्षणक दौरानविद्यालय मे भए रहल सकारात्मक परिवर्तन, विद्यार्थीक सीखबाक प्रक्रिया, शैक्षणिक गतिविधि, अनुशासन, विद्यालयक समुचित व्यवस्था तथा अभिभावकक संग शिक्षकक संवाद पर विशेष ध्यान देल गेल।विद्यालय परिसर मे आयोजित अभिभावक-शिक्षक संगोष्ठी मे विद्यार्थी आ अभिभावकक वास्तविक अनुभव सेहो साझा कएल गेल। संगोष्ठी आ निरीक्षणक दौरान विद्यालय मे देखल गेल सकारात्मकपरिवर्तन तथा विद्यार्थी आ अभिभावकक अनुभव कें प्रमुखता सं प्रस्तुत कएल गेल। विद्यार्थीक द्वारादेल गेल सकारात्मक सुझाव सं सरकारक परिकल्पना सभ कें धरातल पर उतरैत देखल गेल। एहि दौरानमॉडल स्कूल सभ मे भए रहल बदलाव आ नीक प्रयास सभक जानकारी सेहो साझा कएल गेल।एसडीएम शारंग पाणि पांडेय कहलनि जे सरकार एहि आदर्श विद्यालय सभ कें भविष्य मे सेंटर ऑफ एक्सीलेंसक रूप मे विकसित करबाक दिशा मे काज कए रहल अछि। एहि लेल विद्यालय मे विद्यार्थीक सर्वांगीण विकासक संग शिक्षकक शैक्षणिक भूमिका, अभिभावकक सहभागिता आ विद्यार्थीक नियमितनिगरानी पर विशेष जोर देल जाएत।

# व्यापार, व्यापारी आ ग्राहकक हित लेल व्यवसायिक संघ जयनगरक गठन

मधुबनी, समदिया

जयनगरक व्यापारी, छोट-पैघ दोकानदार आ ग्राहक सं जुड़ल मुद्दा सभ कें संगठित रूप सं उठेबाक तथा बाजार व्यवस्था कें नीक बनेबाक उद्देश्य सं व्यवसायिक संघ जयनगरक गठन कएल गेल अछि। संघकपहिल बैसार 2 अक्टूबर 2026 कें राष्ट्रपिता महात्मा गांधी जयंतीक अवसर पर आयोजित कएल जाएत। ईजानकारी भूषण सिंह देलनि।व्यवसायिक संघ जयनगरक उद्देश्य जयनगरक व्यापारी समुदाय सं जुड़ल समस्या सभ कें एकजुट भए संबंधित प्रशासनिक आ विभागीय अधिकारी सभक समक्ष राखब तथा व्यापारी आ ग्राहक लेल सुरक्षित, सुविधाजनक, सम्मानजनक आ सुव्यवस्थित बाजार व्यवस्था सुनिश्चित करबाक दिशा मे पहल करबअछि। व्यापारी सभक संग होइत अपराध आ प्रशासनिक उत्पीड़न पर रोक लगाबय लेल प्रभावी कारबाइक मांग करब संघक प्रमुख उद्देश्य मे शामिल अछि। भारत-नेपाल खुलल सीमापर 1950क भारत-नेपाल संधि मे कएल गेल प्रावधानक अनुरूप व्यापार कें सुगमबनेबाक तथा सीमा पर एसएसबी आ कस्टम सं संबंधित अनावश्यक परेशानी आ मनमानी पर रोकलगाबय लेल पहल कएल जाएत। संघक कहब अछि जे बिना पूर्व सूचना आ पर्व-त्योहारक समय नगर प्रशासन द्वारा बुलडोजर अभियान चलयबाक बदला नियमानुसार उचित प्रक्रिया अपनाओल जाए, एहि लेल सेहो पहल कएल जाएत। जयनगर बाजार मे आबयवला ग्राहक सभक सभ प्रकारक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल प्रशासनक संग समन्वय आ सहयोग कएल जाएत। नेपाली ग्राहक आ हुनकर वाहनक संगकोनो प्रकारक भेदभाव नहि हो तथा सभ ग्राहकक संग समान व्यवहार सुनिश्चित हो, एहि दिशा मे सेहो संघ पहल करत।बाजारक प्रमुख स्थान सभ पर सार्वजनिक शौचालय आ शुद्ध पेयजल उपलब्ध कराबय,बाजारक सुरक्षाव्यवस्था मजबूतकरय, यातायात व्यवस्था आ बाजार प्रबंधन केंसुव्यवस्थित करय तथाव्यापारी आ ग्राहक लेल सुविधाजनक बाजार विकसित करबाक दिशा मे संघ लगातार पहल करत। व्यवसायिक संघ जयनगर मे जयनगरक सभ छोट-बड़ दोकानदार आ व्यवसायी सदस्य बनि सकैत छथि। कपड़ा, रेडिमेड, किराना, दवा, सोना-चांदी, फल-सब्जी, होटल, दूध, नाश्ता, पान-चाय, मोटर पार्ट्स, गैरेज, जनरल स्टोर, कॉपी-किताब, टेलर, चूड़ी, जूता-चप्पल, मोबाइल,फर्नीचरसहितविभिन्न कारोबार संजुड़ल व्यवसायीसभ कें संघ मेशामिल कएल जाएत। व्यवसायिक संघ जयनगरक पहिल बैसार 2 अक्टूबर 2026 कें राष्ट्रपिता महात्मा गांधी जयंतीक अवसर पर आयोजित कएल जाएत।

# डॉ. रामदयाल यादव कें भावभीनी विदाइ

मधुबनी, समदिया

लदनियां प्रखंडक खाजेडीह स्थित एसएमजे कॉलेजक सभागार मे बुधदिन प्राचार्य डा.. शशिभूषण कुमारक देखरेख मे अवकाश ग्रहण कयलाक बाद हिंदी विभागाध्यक्ष डा. रामदयाल यादव कें समारोहपूर्वक सम्मानित करैत भावभीनी विदाई देल गेल। एहि अवसर पर डा. रामदयाल यादव कें मिथिलाकपरंपरानुसार पाग आ दोपटा पहिरा कय सम्मानित कएल गेल। कॉलेजक शिक्षक आ कर्मी सभ हुनक कार्यकालक चर्चा करैत कहलनि जे डा. यादव मे एकटा नीक आ सच्चा शिक्षकक सभ गुण समाहित छल। हुनक व्यवहार, अध्यापन शैली आ विद्यार्थीक प्रति समर्पणक सेहो सराहना कएल गेल।प्राचार्य डा. शशिभूषण कुमार डा. रामदयाल यादव कें प्रखर वक्ता बतौलनि। ओ कहलनि जे कॉलेजक शैक्षणिक वातावरण मे हुनक योगदान महत्वपूर्ण रहल अछि। हुनक अनुभव आ कार्यशैली सं शिक्षक एवंविद्यार्थी दुनू लाभान्वित भेल छथि। विदाई समारोह मे प्रो. हरिनारायण यादव, प्रो. गौरीशंकर कामत, प्रो. रामबालक सिंह, प्रो. अजय कुमार, प्रो. कामानंद प्रसाद, प्रो. रामाशीष सिंह, प्रो. रामप्रकाश सिंह, प्रो. शंभूनाथ यादव, प्रो. नसीबलाल सिंह, प्रो. भोगेंद्र सिंह, प्रो. उपेंद्र कुमार सिंह, प्रो. शंभूनाथ झा, प्रो. लुचाई सिंह, प्रो.दिलीप कुमार, प्रो. अशोक प्रसाद, प्रो. राघवेंद्र ठाकुर, केशवर सिंह, अशोक कुमार, बेचन कामत, संजय कुमार सिंह सहित अन्य शिक्षक एवं कर्मी उपस्थित छलथि।

# आंगन मिलन मे 250 सं बेसी सेविका-सहायिका भेलथि शामिल

दरभंगा, समदिया



सेवा संकल्प महाअभियानक अंतर्गत सेवा पखवाड़ाक क्रम मे मंगलदिन लहेरियासराय प्रेक्षागृहक सभागार मे भाजपा दरभंगा पश्चिमी जिला महिला मोर्चाक तत्वावधान मे आंगन मिलन कार्यक्रम आयोजित कएलगेल। कार्यक्रम मे जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं 250 सं बेसी आंगनवाड़ी सेविका आ सहायिका सहभागीभेलथि। एहि दौरान गोद भराई आ अन्नप्राशनक पारंपरिक रस्म सेहो आयोजित भेल, जाहि मे महिला सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। महिला मोर्चाक जिलाध्यक्ष सपना भारतीक संयोजकत्व मे भेल कार्यक्रमक उद्घाटन स्थानीय सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर, राज्यसभा सांसद डॉ. धर्मशीला गुप्ता आ पूर्व मंत्री एवं एमएलसी हरि सहनी सहित वरिष्ठ नेता सभ दीप प्रज्वलित कए केलनि। एहि अवसरपर जनप्रतिनिधि सभ कें मिथिलाक परंपरानुसार पाग आ अंगवस्त्र पहिरा कए सम्मानित कएल गेल। नीक काज करयवालीसेविका-सहायिका सभ कें प्रमाणपत्र आ अंगवस्त्र दए सम्मानित कएल गेल।कार्यक्रम मे सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक दिस सं आंगनवाड़ी सेविका-सहायिकालेल पठाओल संदेश पढ़ि कए सुनौलनि। ओ कहलनि जे बच्चा सभक शुरुआती पोषण, स्वास्थ्य आविकास मे आंगनवाड़ी केंद्रक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। हुनकर अनुसार देश मे करीब 14 लाख आंगनवाड़ी केंद्रक माध्यम सं पोषण आ बाल विकास सं जुड़ल कार्यक्रम चलाओल जा रहल अछि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे आंगनवाड़ी केंद्र कें मात्र पोषण वितरणक केंद्र नहि, बल्कि बच्चा सभक समग्रविकासक आधारक रूप मे देखबाक आवश्यकता अछि। पोषण ट्रैकर, सक्षम आंगनवाड़ी केंद्र, स्वच्छ पेयजलआ पोषण वाटिका जकां पहल सं सेवा कें मजबूत करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि।राज्यसभा सांसद डॉ. धर्मशीला गुप्ता कहलनि जे पोषण माह आ पोषण पखवाड़ा कें जनभागीदारीकमाध्यम सं जनआंदोलनक रूप देबाक आवश्यकता अछि। मातृ एवं शिशु स्वास्थ्य, पोषण आ प्रारंभिक विकास मे सेविका-सहायिकाक भूमिका जमीन स्तरपर महत्वपूर्ण अछि। कार्यक्रमक दौरान गोद भराई आअन्नप्राशनक माध्यम सं मातृत्व, शिशु पोषण आ स्वस्थ विकासक संदेश देल गेल।कार्यक्रम मे हरि सहनी, अंकुर गुप्ता, सुजीत मल्लिक, मुकेश महासेठ, संगीता साह, राहुल पासवान, भावना पासवान, बिना मिश्रा, मीरा मेहता, श्रवण महतो, अशोक नायक, प्रमोद चौधरी, विभा देवी, आयशा खातून, प्रियंका कुमारी सहित भाजपा नेता-कार्यकर्ता आ सैकड़ो सेविका-सहायिका उपस्थित छलथि।

# विज्ञान संगोष्ठी मे ऊर्जा भविष्य पर विद्यार्थीक विचार

सहरसा, समदिया



स्थानीय सुपर मार्केट स्थित प्रमंडलीय पुस्तकालय मे विज्ञान संगोष्ठी-2026 आयोजित भेल। संगोष्ठीक विषय भारतीय ऊर्जा परिदृश्य-2047 : संभावना आ चुनौती रहल। एहि दौरान विभिन्न विद्यालयकविद्यार्थी सभ नवीकरणीय ऊर्जा, ऊर्जा सुरक्षा, जीवाश्म ईंधनपर निर्भरता, पर्यावरण संरक्षण आ विकसितभारतक निर्माण मे स्वच्छ ऊर्जाक भूमिकापर अपन विचार प्रस्तुत कएलनि।मुख्य अतिथि जिला शिक्षा पदाधिकारी कहलनि जे विज्ञान संगोष्ठी सं विद्यार्थीक वैज्ञानिक ज्ञानक संग तार्किक चिंतन, अनुसंधानक प्रवृत्ति आ समस्या समाधानक क्षमता विकसित होइत अछि। 2047 धरिविकसित भारतक लक्ष्य प्राप्त करबाक लेल सौर, पवन, जल, जैव ऊर्जा आ हरित हाइड्रोजन सन स्वच्छऊर्जाक स्रोतक प्रति युवा सभ कें जागरूक आ नवाचारी बनेनाय आवश्यक अछि। जिला कार्यक्रमपदाधिकारी मिथिलेश कुमार कहलनि जे एहि तरहक संगोष्ठी बच्चा सभक जिज्ञासा कें वैज्ञानिकदृष्टिकोण मे बदलबाक माध्यम अछि। बिहार मे सौर ऊर्जा, बायोगैस आ कृषि-अवशेष सं ऊर्जा उत्पादनक व्यापक संभावना अछि। निर्णायक एवं लेखक कुमार विक्रमादित्य कहलनि जे ऊर्जाक भविष्य मात्र उत्पादनबढ़ेबा मे नहि, बल्कि ओकर विवेकपूर्ण आ न्यायपूर्ण उपयोग मे अछि। ओ ऊर्जा संरक्षण कें दैनिक जीवनक हिस्सा बनेबाक अपील कएलनि। प्रतियोगिता मे मॉडल स्कूल, सुपौल के अंकित आनंद प्रथम, भागीरथ उच्च माध्यमिक विद्यालय, चैनपुरक हिमांशु कुमार द्वितीय आ कारी अनंत उच्च विद्यालय,मधैली बाजार, शंकरपुर, मधेपुराक विद्यार्थी तृतीय स्थान प्राप्त कएलनि। निर्णायक मंडल मे कृष्ण कुमार,राजीव कुमार आ आरती कुमारी शामिल छलथि।

# आबि जाउ लाल कलर साड़ी मे गीत रिलीज

मधुबनी, समदिया




जानकी फिल्म्स प्रोडक्शनक यूट्यूब चैनल पर बुधदिन मैथिली प्रेम गीत आबि जाउ लाल कलर साड़ी मे रिलीज कएल गेल। गीतक रचना साहित्यकार अजित आजाद केलनि अछि, जखन कि एकर स्वर विकासझा आ अनुराधा गुप्ता देलनि अछि। गीतक संगीत आलोक कुमार झा तैयार केलनि अछि। गीतक वीडियोएडिटिंग मे युवा संगीत प्रेमी आ वीडियो एडिटर अरशद आलम सहयोग केलनि। गीतक औपचारिक रूप सं प्रसिद्ध चित्रकार कल्पना सिंह आ साहित्यकार रेवती रमण झा द्वारा रिलीज कएल गेल। एहि अवसर परकल्पना सिंह गीतक प्रशंसा करैत कहलनि जे मैथिली मे एहि तरहक मधुर आ भावपूर्ण गीतक एखन आवश्यकता अछि। हुनका अनुसार, श्रोता सभक रुचि कें ध्यान मे राखि नीक गीतक निर्माण होयबाक चाही। साहित्यकार रेवती रमण झा कहलनि जे मैथिली संगीत मे मधुर प्रेम गीतक कमी देखैत एहि गीतकें श्रोता सभक समक्ष अनल गेल अछि। गीत मे प्रेमक भाव कें सहज आ मधुर शब्द आ संगीतकमाध्यम सं प्रस्तुत करबाक प्रयास कएल गेल अछि। जानकी फिल्म्स प्रोडक्शनक निदेशक सुनील कुमारझा कहलनि जे प्रेम गीतक नाम पर अश्लीलता परोसबाक प्रवृत्ति कें हुनकर संस्था समर्थन नहि करैतअछि। ओ कहलनि जे मैथिली मे स्वस्थ, मधुर आ परिवारक संग सुनल जा सकय एहन प्रेम गीतक निर्माणक आवश्यकता अछि। आबि जाउ लाल कलर साड़ी मे गीत युवा सभ कें आकर्षित करत, संगहिएकर बोल आ संगीत सेहो श्रोता सभ कें पसंद पड़त। गीत रिलीजक अवसर पर कला, साहित्य आ संगीतक्षेत्र सं जुड़ल लोक सभ उपस्थित छलाह। आयोजकक अनुसार, मैथिली संगीत मे प्रेम गीतक परंपरा केंनव रूप देबाक दिस ई एकटा प्रयास अछि।

# सदर अस्पताल सुपौल मे बेटी जन्मोत्सव कार्यक्रम आयोजित

सुपौल, समदिया



सदर अस्पताल, सुपौल मे जिला प्रोग्राम पदाधिकारी, आईसीडीएसक अध्यक्षता मे बेटी जन्मोत्सव कार्यक्रमआयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक दौरान नवजात बेटीक जन्म पर हुनका बेबी किट आ हुनक माता केंफलदार गाछ दए सम्मानित कएल गेल। कार्यक्रम मे डीपीएम, जिला स्वास्थ्य समिति, जिला परियोजनाप्रबंधक, महिला एवं बाल विकास निगम, जिला मिशन समन्वयक, जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वूमेन (डीएचईडब्ल्यू), अस्पताल प्रबंधक, जिला समन्वयक एनएनएम, केंद्र प्रशासक सखी वन स्टॉप सेंटर, लैंगिकविशेषज्ञ आ लेखा सहायक सहित अन्य पदाधिकारी एवं कर्मी उपस्थित छलथि। कार्यक्रमक बाद जिलामिशन समन्वयक डीएचईडब्ल्यू हरिनारायण कुमार, लैंगिक विशेषज्ञ नीतू कुमारी आ मोहम्मद तारिकसिद्धकी अस्पतालक विभिन्न वार्ड मे पहुंचि नवजात शिशुक माता सभ कें पोषण आ शिशु देखभाल संबंधी जानकारी देलनि। माता सभ कें बताओल गेल जे जन्म सं छह मास धरि शिशु कें मात्र मायक दूध पिआओल जेबाक चाही। छह मास पूरा भेलाक बाद स्तनपानक संग शिशु कें ऊपरी आहार देब शुरू करबाक चाही। एहि दौरान माता सभ कें प्रधानमंत्री मातृ वंदना योजना (पीएमएमवीवाई), मुख्यमंत्री कन्याउत्थान योजना सहित महिला आ बालिका सभ लेल संचालित विभिन्न सरकारी योजनाक जानकारी सेहोदेल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य बेटी जन्म कें प्रोत्साहित करब, बेटीक प्रति सकारात्मक सोच विकसित करबआ मातृ एवं शिशु पोषणक प्रति जागरूकता बढ़ेनाय रहल। आयोजनक माध्यम सं नवजात बेटीकस्वागतक संग माता सभ कें शिशुक समुचित देखभाल आ पोषणक महत्वक संबंध मे सेहो जागरूक कएल गेल।

# वर्ल्ड लीडर्स समिट मे अंतरराष्ट्रीय सम्मान पाबि भोपाल लौटला सैय्यद सऊद हसन

सीतामढ़ी, समदिया



इंग्लैंड मे आयोजित 16म वर्ल्ड लीडर्स समिट मे अंतरराष्ट्रीय सम्मान पाबि भोपाल लौटल समाजसेवी सैय्यद सऊद हसनक राजा भोज विमानतल पर परिवारजन, शुभचिंतक आ युवासभक दिस सं जोरदारस्वागत कएल गेल। विमानतल सं बाहर निकलिते समर्थक सभ नारेबाजी करैत हुनक स्वागत कएलनि। बाद मे वाहन रैलीक संग हुनका अशोक विहार स्थित निवास धरि लए जाओल गेल। विमानतल सं अशोकविहारक बीच पांच थाना क्षेत्र मे विभिन्न स्थानपर समर्थक सभ ढोल-नगाड़ा, फूल आ आतिशबाजीक संग हुनक स्वागत कयलनि। एहि दौरान युवा सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। हाल मे इंग्लैंडक ऑक्सफोर्ड यूनिवर्सिटी मे आयोजित वर्ल्ड लीडर्स समिट मे सैय्यद सऊद हसन कें ह्यूमनिटेरियन इंपैक्ट एंड कम्युनिटी रेसिलिएंस अर्थात मानवीय प्रभाव एवं सामुदायिक लचीलापन लेल सम्मानित कएल गेल।समाजसेवा, राहति कार्य, सामाजिक सुधार आ समुदाय कें सशक्त बनेबाक क्षेत्र मे योगदान लेल हुनकाभारतक प्रतिनिधिक रूप मे ई सम्मान देल गेल। सम्मान समारोह मे अमेरिका, कनाडा आऑस्ट्रेलियासहित विभिन्न देशक प्रतिनिधि सभ सेहो सम्मानित भेलाह। कार्यक्रम मे यूनाइटेड किंगडमकपूर्व विदेश सचिव लॉर्ड डेविड ओवेन मुख्य अतिथिक रूप मे उपस्थित छलाह। विशेष अतिथि मे लॉर्ड बिकूपारेख आ लीड्सक पूर्व महापौर अबिगाइल मार्शल शामिल छलथि। भारत लौटबा सं पहिने सऊद हसन ब्रिटेनक सांसद अमांडा हैक सं भेंट कयलनि। एहि दौरान भारतीय छात्र सभक समस्या आ वीजा संबंधी मुद्दापर चर्चा भेल। सांसद एहि विषय सभ कें सरकारक समक्ष रखबाक आश्वासन देलनि। भोपाल निवासी सऊद हसन करीब 15 बरख सं सामाजिक गतिविधि मे सक्रिय छथि। ओ निःशुल्क मेडिकल कैंप,जरूरतमंद सभ कें राशन आ कंबल वितरण, बच्चा सभ कें शिक्षण सामग्री उपलब्ध करेनाय आ पौधारोपण सहित विभिन्न सामाजिक काज कयलनि अछि। हुनक संग भोपालक युवासभक टीम सेहो सामाजिकगतिविधि मे सक्रिय अछि। सऊद हसन इंग्लैंड सं एमबीए (ग्लोबल) कएलनि। पढ़ाइक दौरान ओ छात्र संघक चुनाव जीतिकऽ अध्यक्ष सेहो रहलाह आ प्रवासी भारतीय छात्र सभक समस्या उठबैत रहलाह। छात्र वीजा अवधि सं जुड़ल मामिला मे सेहो ओ छात्र हित मे कानूनी स्तरपर प्रयास कयलनि। सऊद हसन राजनीतिक रूप सं सेहो सक्रिय रहल छथि। ओ कांग्रेस पार्टी मे विभिन्न जिम्मेदारी निभा चुकल छथि। मध्य प्रदेश युवक कांग्रेसक प्रदेश प्रवक्ता आ भोपाल जिला कांग्रेस अल्पसंख्यक विभागक कार्यकारी अध्यक्षक रूप मे सेहो काज कयलनि अछि।

# प्रधानाध्यापक सेवानिवृत्ति पर विदाई सह सम्मान समारोह आयोजित

सीतामढ़ी, समदिया



परिहार प्रखंडक मध्य विद्यालय गोरहारी दक्षिणीक प्रधानाध्यापक बीरेंद्र प्रसाद सिंहक सेवानिवृत्तिपर विद्यालय परिसर मे भव्य विदाई सह सम्मान समारोह आयोजित कएल गेल। समारोहक अध्यक्षता पूर्वशिक्षक रामजीनीश ठाकुर कयलनि, जखन कि संचालन अबुल हसन अंसारी कयलनि।समारोह मेअराजपत्रित प्रारंभिक शिक्षक संघक कार्यकारी प्रदेश अध्यक्ष दिलीप कुमार शाही, जिलाध्यक्ष बिनोद बिहारीमंडल, संयुक्त सचिव संजय कुमार कर्ण, विनोद कुमार राय, अंचल सचिव अब्दुस समद अंसारी, मुकेश कुमार, अजय कुमार, प्राथमिक शिक्षक संघक कार्यकारी जिलाध्यक्ष राशिद फहमी, अंचल सचिव नंदकिशोर मंडल, नवीन कुमार सिंह, प्रखंड अध्यक्ष फिरोज आलम आ सचिव शीतल सहनी सहित सैकड़ो शिक्षक, अभिभावक एवं विद्यार्थी उपस्थित छलथि। एहि अवसरपर शिक्षक, अभिभावक आ विद्यार्थीक दिस संबीरेंद्र प्रसाद सिंह कें फूल-माला, शॉल आ डायरी भेंट कए सम्मानित कएल गेल। वक्ता सभ हुनकव्यक्तित्व आ कृतित्व पर प्रकाश दैत कहलनि जे बीरेंद्र सिंह 1994 मे बीपीएससीक माध्यम सं शिक्षकपदपर नियुक्त भेलाक बाद जिलाक विभिन्न प्रखंडक विद्यालय मे शिक्षा व्यवस्था सुधारय आविद्यालयक विकास मे महत्वपूर्ण योगदान देलनि। वक्ता सभ कहलनि जे शिक्षकक सेवानिवृत्ति मात्रसरकारी सेवा सं होइत अछि, ज्ञान बांटबाक कार्य सं नहि। शिक्षक अपन ज्ञानक दीप सं जीवनभर समाज मे ज्ञानक रोशनी प्रज्वलित करैत रहैत छथि। समारोह मे उपस्थित लोक सभ बीरेंद्र सिंहक दीर्घ सेवाक सराहना करैत हुनका स्वस्थ, सुखी आ सम्मानपूर्ण जीवनक शुभकामना देलनि।

# अनुवाद सं वैश्विक ज्ञान परंपरा कें भेटैत अछि नव दिशा : प्रधानाचार्य



दरभंगा, समदिया

अंतरराष्ट्रीय अनुवाद दिवसक अवसरपर सीएम साइंस कॉलेजक मानवीकी विभागक तत्वावधान मे बुधदिन सीमाक पार : वैश्विक एवं सांस्कृतिक सामर्थ्य विषयपर एकदिवसीय राष्ट्रीय संगोष्ठीक आयोजन कएलगेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता कॉलेजक प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र कयलनि। प्रधानाचार्य कहलनि जेअनुवाद लेल स्रोत आ लक्ष्य भाषाक मर्मक संग-संग दुनू भाषाक संवेदना, सामाजिक संरचना आसांस्कृतिक सरोकार कें बुझनाय जरूरी अछि। अनुवादक माध्यम सं वैज्ञानिक एवं साहित्यिक उपलब्धि केंवैश्विक मंच धरि पहुंचाओल जा सकैत अछि। मुख्य अतिथि लंगट सिंह कॉलेज, मुजफ्फरपुरक हिंदी विभागाध्यक्ष प्रो. राजीव कुमार झा अनुवाद आ ट्रांसलेशनक अर्थगत भेद स्पष्ट करैत भारतीय एवं वैश्विक ज्ञान परंपरा मे अनुवादक भूमिकापर प्रकाश देलनि। मुख्य वक्ता मैथिली विभागाध्यक्ष डॉ. सत्येंद्र कुमार झा विभिन्न विद्वानक अनुवाद संबंधी अवधारणाक व्यावहारिक व्याख्या कयलनि। ओ अनुवादक क्रम मेआबयवला चुनौती आ तकर समाधानक उपायपर सेहो चर्चा कयलनि। स्वागत भाषण आ विषय प्रवेशकरैत संगोष्ठीक संयोजक डॉ. युगेश्वर साह कहलनि जे अनुवाद भारतीय ज्ञान परंपरा कें संरक्षित कएपीढ़ी सं पीढ़ी धरि पहुंचेबाक प्रभावी माध्यम अछि। अनुवादक भाषायी एवं सांस्कृतिक सेतुक काज करैत छथि, जाहि सं वैश्विक शांति, पारस्परिक समझ आ संवाद कें बढ़ावा भेटैत अछि। कार्यक्रमक संचालन अंग्रेजी विभागक प्राध्यापिका डॉ. ऋचा कुमारी कयलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन डॉ. युगेश्वर साह कयलनि।

# शरद कुमार बनलाह कर्मचारी महासंघक प्रदेश अध्यक्ष

सहरसा, समदिया



बिहार राज्य अराजपत्रित कर्मचारी महासंघक 22म राज्य सम्मेलन मे सहरसा जिलाक मंत्री साथी शरदकुमार कें महासंघक प्रदेश अध्यक्ष पदपर निर्वाचित कएल गेल। आरा, भोजपुर मे आयोजित सम्मेलन मेहुनकर निर्वाचन भेल। प्रदेश अध्यक्ष बनलाक बाद सहरसा जिला समाहरणालयक कर्मी सभ हुनकर भव्यस्वागत कएलनि। हुनकर निर्वाचन सं जिला कर्मचारी सभ आ महासंघ सं जुड़ल विभिन्न संगठन मेखुशीक माहौल अछि। स्वागत समारोह मे महासंघक अध्यक्ष प्रभात कुमार सिंह कहलनि जे शरद कुमारक प्रदेश अध्यक्ष निर्वाचित होयब सहरसा जिलाक सभ कर्मचारी लेल गौरवक विषय अछि। हुनकर नेतृत्व मे कर्मचारी हितक मुद्दा कें मजबूती सं उठेबाक संग संगठन कें सेहो मजबूत करबाक अपेक्षा अछि। ओकहलनि जे कर्मचारी सभक समस्या, सेवा-सुविधा आ अधिकार सं जुड़ल विषय पर संगठनक भूमिकाप्रभावी बनेबाक लेल प्रदेश स्तरपर सामूहिक प्रयास जरूरी अछि। शरद कुमारक संगठनात्मक अनुभव संमहासंघ कें आगू बढ़ेबा मे सहयोग भेटत, एहन विश्वास कर्मचारी नेता सभ व्यक्त कएलनि। एहि अवसरपरसुवेश सिंहक पुनः महासंघक महामंत्री पदपर निर्वाचित होयब कें सेहो संगठनक लेल महत्वपूर्ण उपलब्धि बताओल गेल। प्रभात कुमार सिंह कहलनि जे सुवेश सिंहक पुनर्निर्वाचन सं संगठन कें निरंतरता भेटत आकर्मचारी हितक मुद्दा प्रभावी ढंग सं आगू बढ़त। शरद कुमारक प्रदेश अध्यक्ष निर्वाचित होयलाक बादविभिन्न कर्मचारी संगठनक पदाधिकारी आ कर्मी सभ हुनका बधाई देलनि। कर्मचारी नेता सभ कहलनिजे सहरसाक एकटा कर्मचारीक प्रदेश स्तरक सर्वोच्च संगठनक नेतृत्व मे पहुंचला सं जिला कर्मचारी सभक मनोबल बढ़ल अछि। स्वागत कार्यक्रम मे ललित नारायण मिश्र, रमन कुमार सहित विभिन्न कर्मचारी संगठनक पदाधिकारी आजिला समाहरणालयक कर्मी सभ उपस्थित छलथि। उपस्थित कर्मी सभ शरद कुमार कें नव दायित्व लेल शुभकामना दैत कर्मचारी हित मे सक्रिय भूमिका निभेबाक अपेक्षा व्यक्त कएलनि।

# दू पड़ोसीक रंजिश मे सड़क भेल संकीर्ण, यात्रीक जान खतरा मे

तारडीह, समदिया

तारडीह प्रखंडक नदियामी पंचायतक बरकीगाछी छोट टोला मे दू पड़ोसीक आपसी रंजिशक असर सार्वजनिक सड़कपर पड़ि रहल अछि। सड़कक दुनू कात चबूतरा आ बांसक घेराबंदी कएल गेला सं पूब- पश्चिम जोड़निहार मुख्य मार्ग संकीर्ण भए गेल अछि। एहि कारण रोज आवागमन कएनिहार लोक सभ कें परेशानीक सामना करए पड़ि रहल अछि आ दुर्घटनाक आशंका सेहो बनल अछि। स्थानीय लोकक अनुसारसड़कक एक कात पहिने एक व्यक्ति चबूतरा बना लेलनि। एकर बाद सड़कक दोसर कात दक्षिण दिसदोसर पड़ोसी बांसक घेराबंदी कए देलनि। दुनू दिस सं सड़कक हिस्सा घेरल गेला सं बीचक रास्ता बहुतसंकीर्ण भए गेल अछि। आमने-सामने सं मोटरसाइकिल, चारपहिया वाहन अथवा दोसर वाहन आबि गेलापर निकलनाय कठिन भए जाइत अछि। ग्रामीणक कहब अछि जे एहि ठाम पहिने दुर्घटना सेहो भए चुकल अछि। मुदा विवाद मे शामिल दुनू पक्ष अपन-अपन अतिक्रमित हिस्सा हटेबाक लेल तैयार नहि छथि। एकर सीधा असर महिला शिक्षिका, आंगनवाड़ी सेविका-सहायिका, अन्य कर्मी आ प्रतिदिन एहि मार्ग सं गुजरनिहार राहगीरपर पड़ि रहल अछि। ग्रामीणक अनुसार मुख्य मार्गक अन्य हिस्सा मे सेहो कतेको ठाम चबूतरा आ अन्य प्रकारक अतिक्रमण अछि। मुदा बरकीगाछी छोट टोला मे दू पड़ोसीक बीच चबूतरा आ बांसक घेराबंदी कें लए कए बनल स्थिति एखन विशेष चिंता बनल अछि। ई सड़क ठेंगहा आ गरौल केंजोड़बाक संग तारडीह प्रखंड मुख्यालय आ मधेपुर दिस जाएबला महत्वपूर्ण मार्ग मे सं एक अछि। एहनसार्वजनिक मार्गक संकीर्ण होयब सड़क सुरक्षा लेल गंभीर समस्या बनि सकैत अछि। ग्रामीण प्रशासन सं मांग कयलनि अछि जे स्थल निरीक्षण कए सड़कक वास्तविक चौड़ाइ निर्धारित कराओल जाए आअतिक्रमणक स्थिति स्पष्ट कए आवश्यक कारबाइ कएल जाए। संगहि सार्वजनिक मार्ग कें अतिक्रमणमुक्त रखबाक लेल नियमित निगरानीक व्यवस्था करबाक मांग सेहो कएल गेल अछि। ग्रामीण सभ कहलनि जे आपसी विवादक कारण सार्वजनिक सड़क कें संकीर्ण करब उचित नहि अछि आ प्रशासन कें समय रहिते पहल करबाक चाही।

# पाकिस्तानक बेतुका सवाल : भारतक सटीक जबाव

ललित

संयुक्त राष्ट्र महासभाक 81म अधिवेशन मे भारत आ पाकिस्तानक बीच एक बेर फेर ओहि पुरान सवाल सभक चर्चा भेल, जकर समाधान दक्षिण एशियाक शांति आ स्थिरताक लेल अत्यंत आवश्यक अछि। संयुक्त राष्ट्रक अनुसार 81म अधिवेशन 8 सितंबर 2026 सं शुरू भेल आ सामान्य बहस 22 सं 26 सितंबर धरि चलल। एहि वर्षक बहसक मुख्य विषय छल-विश्वास बहाल करब, परिवर्तनक प्रबंधन करब आ एहन संयुक्त राष्ट्र व्यवस्था बनायब, जे सभक लेल प्रभावी हो। एहन समय मे, जखन संसार युद्ध, आतंकवाद, आर्थिक असमानता, ऊर्जा संकट आ भू-राजनीतिक तनाव सं जूझि रहल अछि, दक्षिण एशिया कखन पुरान विवादक चक्र सं बाहर निकलत, ई प्रश्न आरो महत्वपूर्ण भए जाइत अछि। भारतक विदेश मंत्री एस. जयशंकर 26 सितंबर कें संयुक्त राष्ट्र महासभा मे अपन संबोधनक दौरान पाकिस्तानक नाम नहि लैत कहलनि जे एक सीरियल प्रैक्टिशनर ऑफ टेररिज्म एक दिन पहिने तथ्य कें गलत ढंग सं प्रस्तुत केने छल आ आतंकवाद कें सामान्य बनेबाक तथा ओकर परिणाम सं बचबाक प्रयास केने छल, जे स्वीकार्य नहि अछि। हुनकर कहल अनुसार भारत आतंकवादक विरुद्ध आत्मरक्षाक अपन अधिकारक प्रयोग करत आ आतंकवादके संरक्षण देनिहार सरकार सभ कें जवाबदेह बनाओल जेबाक चाही। ओ आतंकवादक वित्तीय स्रोतके उजागर कए ओकरा पर कारबाइ करबाक आवश्यकताक उल्लेख सेहो केलनि। एक एक दिन पहिने पाकिस्तानक प्रधानमंत्री शहबाज शरीफ अपन संबोधन मे कश्मीरक मुद्दा उठौलनि आ भारत द्वारा सिंधु जल संधि कें रोकबाक निर्णयक आलोचना केलनि। पाकिस्तान अपन दृष्टिकोण कें अंतरराष्ट्रीय मंच पर प्रस्तुत केलक, जखन कि भारतक दिस सं पाकिस्तानक सीमा-पार आतंकवाद संबंधी नीति कें प्रश्नक घेरा मे राखल गेल। पाकिस्तानक प्रतिनिधि सेहो भारत पर आतंकवाद आ कश्मीर कें लए कए गंभीर आरोप लगौलनि। एहि तरहें संयुक्त राष्ट्रक मंच एक बेर फेर दुनू देशक आरोप-प्रत्यारोपक साक्षी बनल। मुदा मूल प्रश्न ई अछि जे एहि आरोपक बाद समाधानक दिशा मे आखिर कतेक आगू बढ़ल गेल? पाकिस्तानक समक्ष सभ सं पैघ प्रश्न आतंकवादक संदर्भ मे ओकर नीतिक अछि। भारत लगातार आरोप लगबैत रहल अछि जे पाकिस्तानक धरती सं अथवा ओकर संरक्षण मे सक्रिय आतंकी तंत्र भारतक सुरक्षाक लेल चुनौती बनैत रहल अछि। जयशंकर सेहो एहि संदर्भ मे कहलनि जे आतंकवाद आ मित्रता एक संग नहि चलि सकैत अछि आ आतंकवादक कतार्के अपन बाट बदलय पड़त। दोसर दिस पाकिस्तान सेहो भारत पर आतंकवाद कें समर्थन देबाक आरोप लगबैत अछि आ अपन देश मे होइत हिंसक घटनाक लेल भारत कें जिम्मेदार ठहरबैत अछि। एहि परस्पर आरोप सभक



सत्यता आ प्रमाण अलग-अलग मामिला मे जांचक विषय भए सकैत अछि, मुदा ई निर्विवाद अछि जे आतंकवादक घटना सं दुनू देशक आम जनता भारी मानवीय, आर्थिक आ सामाजिक कीमत चुकबैत रहल अछि। पाकिस्तान स्वयं सेहो दीर्घ समय सं आतंकी हिंसा सं जूझि रहल अछि। तें ओकरा लेल ई विचार करबाक अवसर अछि जे आतंकवादके मात्र भारत-विरोधी दृष्टिकोण सं नहि, बल्कि अपन राष्ट्रीय सुरक्षा आ नागरिकक भविष्यक दृष्टि सं सेहो देखल जाय। आतंकवादक विरुद्ध कारबाइ मात्र दोसर देशक मांग पूरा करबाक लेल नहि, बल्कि अपन नागरिकक सुरक्षा लेल सेहो आवश्यक अछि। दोसर महत्वपूर्ण प्रश्न कश्मीरक अछि। पाकिस्तान एहि बेर सेहो संयुक्त राष्ट्र महासभा मे कश्मीरक मुद्दा उठौलक। मुदा करीब आठ दशक सं चलि रहल एहि विवाद सं ई स्पष्ट भेल अछि जे मात्र अंतरराष्ट्रीय मंच पर बयान देला सं समाधान संभव नहि अछि। कश्मीरक नाम पर भारत-पाकिस्तानक बीच अविश्वास बढ़ैत अछि, सुरक्षा तनाव उत्पन्न होइत अछि आ दुनू देशक विकास प्राथमिकता प्रभावित होइत अछि। यदि पाकिस्तान वास्तव मे क्षेत्रीय शांति आ स्थिरता चाहैत अछि, तं ओकरा ई विचार करबाक होयत जे कश्मीरके अपन विदेश नीतिक स्थायी केंद्र मे रखि कए अपन नागरिकक भविष्य लेल आखिर की प्राप्त कएल जा रहल अछि। तेसर आ संभवतः सभ सं गंभीर प्रश्न पाकिस्तानक अर्थव्यवस्था आ ओतय रहनिहार आम नागरिकक जीवनक अछि। महंगाई, रोजगार, ऊर्जा, शिक्षा, स्वास्थ्य आ सामाजिक सुरक्षाक प्रश्न कोनो सरकारक मूलभूत जिम्मेदारी अछि। विदेश नीतिक सार्थकता तखन अछि, जखन ओकर आखरी उद्देश्य नागरिकक जीवन कें सुरक्षित, समृद्ध आ सम्मानजनक बनायब हो। पाकिस्तान लेल ई आत्ममंथनक समय अछि जे भारतक विरुद्ध राजनीतिक आ कूटनीतिक अभियान चलयबाक अपेक्षा अपन जनता, आर्थिक आवश्यकता, संस्थागत स्थिरता आ मानव विकास पर बेसी ध्यान देब कतेक आवश्यक अछि। भारत-पाक संबंधके मात्र आरोप-प्रत्यारोपक दृष्टि सं देखब सेहो उचित नहि होयत। भारतक सुरक्षा संबंधी चिंता वास्तविक अछि आ अपन नागरिकक सुरक्षा सुनिश्चित करब कोनो सरकारक प्रथम दायित्व होइत अछि। जयशंकर सेहो संयुक्त राष्ट्र मे भारतक आत्मरक्षाक अधिकार आ आतंकवादक विरुद्ध शून्य-सहिष्णुताक बात कहलनि। मुदा क्षेत्रीय शांतिक लेल आतंकवादक विरुद्ध दृढ़ता आ संवादक संभावना दुनूक बीच संतुलनक बाट खोजब आवश्यक अछि। संवाद तखने सार्थक भए सकैत अछि, जखन हिंसा आ आतंकवादक प्रश्न पर स्पष्टता हो। भारत आ पाकिस्तान दुनू परमाणु शक्ति संपन्न पड़ोसी देश अछि। तें दुनूक बीच तनाव मात्र द्विपक्षीय विषय नहि रहि जाइत अछि, बल्कि एकर प्रभाव पूरा दक्षिण एशियाक सुरक्षा आ वैश्विक स्थिरता पर पड़ि सकैत अछि। संयुक्त राष्ट्र महासभाक मूल उद्देश्य बहुपक्षीय संवाद, शांति आ सहयोग लेल मंच उपलब्ध करेनाइ अछि। जं एहि मंचक उपयोग एक-दोसरक विरुद्ध आरोप दोहराबय मे मात्र होइत रहत, तं दुनू देशक नागरिकके एकरा सं की लाभ भेटत? आइ पाकिस्तानक समक्ष पैघ आत्ममंथनक प्रश्न ई अछि जे ओ अपन भविष्यके कोन आधार पर गढ़य चाहैत अछिझ्रपुरान विवाद, कश्मीर-केंद्रित राजनीति आ आतंकवादक आरोप पर अथवा आर्थिक विकास, शिक्षा, रोजगार, संस्थागत मजबूती आ क्षेत्रीय सहयोगक आधार पर? भारतक समक्ष सेहो चुनौती अछि जे सुरक्षा सं कोनो समझौता नहि करैत दक्षिण एशिया मे स्थायी शांतिक संभावना खुलल राखल जाय। पाकिस्तान कखन बदलत, एकर उत्तर दोसर कोनो देश नहि दए सकैत अछि। परिवर्तन अंततः पाकिस्तानक अपन राजनीतिक इच्छाशक्ति, संस्थागत निर्णय आ नीतिनिमार्ता सभ पर निर्भर करत। मुदा दिशा स्पष्ट अछिझ्रआतंकवादके कोनो रूप मे राजनीतिक साधन नहि बने देब, अपन नागरिकक आर्थिक आवश्यकताके प्राथमिकता देब, कश्मीरक नाम पर निरंतर टकरावक नीति सं आगू बढ़ब आ पड़ोसी देशसभक संग हिंसाक बदला विश्वास आ पारस्परिक सम्मानक आधार पर संबंध विकसित करब। एहि बाटक लाभ मात्र भारतके नहि, बल्कि पाकिस्तानक नागरिक आ पूरा दक्षिण एशिया कें भेटि सकैत अछि।

# बीएसपीक घटैत राजनीतिक आधार मायावतीक सामने बढ़ल चुनौती

प्रवीण श्रीवास्तव

बहुजन समाज पार्टी (बीएसपी)क राष्ट्रीय राजनीति मे पकड़ लगातार कमजोर पड़ैत देखाइ पड़ि रहल अछि। पार्टीक राष्ट्रीय कोऑर्डिनेटर पद पर मायावतीक छोट भातीज ईशान आनंदक नियुक्ति आ आकाश आनंदके सभ जिम्मेदारी सं हटाओल जेबाक बाद पार्टीक भीतर नेतृत्व आ संगठन कें लए कए फेर चर्चा तेज भए गेल अछि। एक दिस लोकसभा मे बीएसपीक एकहु सांसद नहि अछि, तं दोसर दिस उत्तर प्रदेश विधानसभा मे सेहो पार्टीक कोनो विधायक नहि रहल। राज्यसभा मे बांचल एकमात्र सांसद रामजी गौतमक कार्यकाल नवंबर मे समाप्त होयबाक अछि। एहन स्थिति मे करीब 42 वर्ष पहिने कांशीराम द्वारा स्थापित बीएसपीक सामने राजनीतिक अस्तित्व आ राष्ट्रीय पार्टीक मान्यता दुनूक चुनौती ठाढ़ भऽ गेल अछि। आगू दू मासक बाद बीएसपीक देशक संसद मे कोनो प्रतिनिधित्व नहि रहत। 37 वर्ष मे ई पहिल बेर होयत। अखन राज्यसभा मे पार्टीक मात्र एक सांसद रामजी गौतम छथि, जिनकर कार्यकाल 25 नवंबर कें समाप्त भए जाएत। लोकसभा मे पार्टीक एकहु सांसद नहि अछि। उत्तर प्रदेशक 10 राज्यसभा सीट लेल 16 अक्टूबर कें होमयबला द्विवार्षिक चुनाव मे जीत लेल प्रत्याशी कें विधायकक 37 प्रथम वरीयता वोटक आवश्यकता होयत। बीएसपीक उत्तर प्रदेश विधानसभा मे एको विधायक नहि अछि। विधान परिषद मे सेहो पार्टीक कोनो सदस्य नहि अछि। बलिया जिलाक रसड़ा विधानसभा क्षेत्र सं बीएसपीक एकमात्र विधायक उमाशंकर सिंहक अगस्त मे 55 वर्षक अवस्था मे निधन भए गेल। हुनकर निधनक बाद 403 सदस्यीय उत्तर प्रदेश विधानसभा मे बीएसपीक विधायकक संख्या शून्य भए गेल अछि।



**राष्ट्रीय पार्टीक दर्जा सेहो संकट मे :** संसद मे प्रतिनिधित्व समाप्त भेलाक बाद बीएसपीक राष्ट्रीय पार्टीक दर्जा पर सेहो ध्यान जाएत। निर्वाचन आयोगक वर्तमान सूची मे बीएसपी अखनो राष्ट्रीय पार्टीक रूप मे मान्यता प्राप्त अछि। नियमक अनुसार, राष्ट्रीय पार्टीक दर्जा लेल कोनो दल कें निर्धारित चुनावी शर्त मे सं कोनो एकटा पूरा करय पड़ैत अछि। एक शर्त अछि जे दल कें चारि वा बेसी राज्य मे कम सं कम 6 प्रतिशत वैध मत भेटय आ लोकसभाक कम सं कम चारि सीट जीतय। दोसर शर्त अनुसार दल कें लोकसभाक कम सं कम 2 प्रतिशत सीट जीतय पड़ैत अछि आ ओकर सांसद कम सं कम तीन राज्य सं निर्वाचित भेल होथि। एकर अतिरिक्त, जं कोनो दल कें कम सं कम चारि राज्य मे राज्य पार्टीक मान्यता प्राप्त अछि, तं सेहो ओकरा राष्ट्रीय पार्टीक दर्जा भेटि सकैत अछि। कांशीराम 1984 मे बीएसपीक स्थापना केने छलथि आ 1997 मे एकरा राष्ट्रीय पार्टीक मान्यता भेटल छल। चुनाव मे लगातार झटका लगलाक बादो पार्टीक राष्ट्रीय दर्जा बनल रहल, कारण मान्यताक समय-समय पर होमयबला समीक्षा लेल नियम मे परिवर्तन कएल गेल। 2014क लोकसभा चुनाव मे बीएसपी एको सीट नहि जीत सकल छल, तकर बाद निर्वाचन आयोग 2016 मे नियम मे बदलाव कएलक। एहि अनुसार राष्ट्रीय आ राज्य स्तरक पार्टीक मान्यताक समीक्षा 10 वर्ष लेल टारि देल गेल। 2019क चुनावक बादो बीएसपीक राष्ट्रीय दर्जा कायम रहल। एहि कारण सं आगू होमयबला विधानसभा चुनाव, विशेष रूप सं 2027क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव, बीएसपीक राष्ट्रीय राजनीतिक पहचान लेल महत्वपूर्ण भए सकैत अछि।

**1989 मे 4 सीट सं 2024 मे शून्य :** बीएसपी पहिल बेर 1989 मे लोकसभा पहुंचल छल। ओहि समय उत्तर प्रदेश सं ओकर तीन आ पंजाब सं एक उम्मीदवार विजयी भेल छल। पार्टीक सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन 2009क लोकसभा चुनाव मे रहल, जखन बीएसपी 21 सीट जीतने छल। एहि मे 20 सीट उत्तर प्रदेश आ एक सीट मध्य प्रदेश सं छल। ओहि चुनाव मे पार्टी कें देशभरि मे 6.17 प्रतिशत मत भेटल छल। 2014क लोकसभा चुनाव मे बीएसपीक सीटक संख्या घटि कए शून्य भए गेल। एहि चुनाव मे पार्टी कें देशभरि मे 4.19 प्रतिशत मत भेटल। मुदा 2019 मे समाजवादी पार्टीक संग गठबंधनक कारण बीएसपीक वापसी भेल आ ओकर 10 सांसद लोकसभा पहुंचल। ओहि वर्ष पार्टीक मत प्रतिशत 3.66 रहल। 2024 मे दुनू दलक बीच गठबंधन नहि भेल। बीएसपी एकल रूप सं लोकसभा चुनाव लड़लक, मुदा एको सीट नहि जीत सकल। पार्टीक मत प्रतिशत सेहो घटि कए 2.06 रहि गेल। उत्तर प्रदेश मे सेहो बीएसपीक प्रदर्शन मे पैघ गिरावट देखल गेल अछि।

# भ्रष्टाचारक भेंट चढ़ल मिलावटखोरी रोकबाक व्यवस्था

उमेश चतुर्वेदी

विडंबना कहबाक चाही जे जाहि मिलावटखोरीक कारण प्रत्येक वर्ष देश मे करीब दू लाख लोक मृत्युक भेंट चढ़ि जाइत छथि, तइयो हमर कानूनी व्यवस्था एहि पर प्रभावी रोक लगेबा मे विफल रहल अछि। सामान्यतः प्रत्येक वर्ष पर्व-त्योहारक मौसिम अबिते मिलावटखोरीक चर्चा तेज भए जाइत अछि। मुदा एहि बेर महाराष्ट्रक तेज-तर्रार आइएएस अधिकारी तुकाराम मुंढेक कारबाइक कारण ई विषय विशेष रूपें चर्चा मे अछि। महाराष्ट्र खाद्य एवं औषधि प्रशासन अर्थात एफडीएक आयुक्तक पदभार सम्हारलाक बाद मुंढे मिलावटखोरक विरुद्ध व्यापक अभियान शुरू केलनि। खाद्य कानून आ नियमक उल्लंघन करनिहारक विरुद्ध कारबाइ करैत महाराष्ट्र एफडीएक टीम प्रारंभिक 100 दिन मे 904 सं बेसी छापामारी केलक, 450 सं बेसी मिलावटखोर कें गिरफ्तार केल गेल आ करोड़ो रुपैयाक मिलावटी खाद्य पदार्थ जब्त कएल गेल। एहि कारबाइक बाद डिटर्जेंट आ रसायन सं बनाओल नकली दूध तथा ताड़क तेल सं तैयार होइत एनालॉग पनीरक कारोबार पर सेहो कारबाइ भेल। नियम आ स्वच्छता मानकक उपेक्षा कएनिहार कतेको नामी फूड चेन आ पैघ भोजनालयक लाइसेंस निलंबित अथवा रद्द कएल गेल। महाराष्ट्रक घटना एहि लेल सामने आबि रहल अछि, कारण ओतय खाद्य प्रशासनके एकटा सक्रिय अधिकारी भेटल छथि। दोसर क्षेत्र मे एहन प्रभावी कारबाइ बहुत कम देखाइ पड़ैत अछि। एकर अर्थ ई नहि जे देश मे मिलावटखोरी समाप्त भए गेल अछि। शुद्ध भोजन आ सुरक्षित औषधि पेनाइ प्रत्येक नागरिकक अधिकार अछि। एहि अधिकारक रक्षा लेल भारत मे सेहो कानूनी व्यवस्था अछि। 2006 मे संसद द्वारा पारित खाद्य सुरक्षा आ मानक अधिनियमक अंतर्गत भारतीय खाद्य सुरक्षा आ मानक प्राधिकरण अर्थात एफएसएसएआईक गठन कएल गेल। केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्रालयक अधीन कार्यरत एहि संस्थाक दायित्व खाद्य पदार्थक मानक



निर्धारित करब, ओकर निगरानी करब आ नियम तोड़निहारक विरुद्ध कारबाइ करब अछि। राज्यक पुलिस, प्रशासन आ आपूर्ति विभागके सेहो मिलावटखोरी रोकबाक अधिकार प्राप्त अछि। पर्व-त्योहारक मौसिम मे ई संस्था सभ कारबाइ करैत अछि। सरकारी आंकड़ाक अनुसार 2020 सं प्रत्येक वर्ष एक लाख सं बेसी खाद्य नमूनाक जांच कएल जा रहल अछि। नियमक उल्लंघनक कारण करीब आठ हजार सं बेसी खाद्य कारोबारक लाइसेंस रद्द कएल गेल अछि। मुदा तइयो देश मे मिलावटखोरी पर प्रभावी नियंत्रण स्थापित नहि भए सकल अछि। एकर प्रमुख कारण मे बढ़ैत मुनाफाखोरी, नैतिकताक क्षरण आ प्रशासनिक विफलताक संग भ्रष्टाचार सेहो प्रमुख अछि। विनोबा भावे करीब आठ दशक पूर्व अपन निबंध ह्यनवयुवक सं दू बातह्ण मे लिखने छलाह जे देशक व्यवस्था मे सुराखे-सुराख अछि। ओ राष्ट्ररूपी घड़ा मे भेल एहि सुराखसभके सदाचार सं भरबाक आह्वान केने छलाह। आइयो व्यवस्था मे ओहि प्रकारक सुराख बनल अछि। तंत्रक पैघ हिस्सा सं सदाचार आ कर्तव्यपरायणता दूर भए गेल अछि। राष्ट्र निर्माणक भावना कमजोर पड़ल अछि। परिणामस्वरूप समय पर कारबाइ नहि होइत अछि। कतेको बेर प्रशासनके जानकारी रहैत अछि जे कोनो कारोबारी आटा मे पत्थरक उजर बुरादा मिला रहल अछि, चाउर मे प्लास्टिकक दाना मिला रहल अछि, औषधीक नमूना मे गड़बड़ी करैत अछि, नकली मावा सं मिठाइ बेचि रहल अछि अथवा जाली शराबक कारोबार चलि रहल अछि। तइयो मुनाफाखोर सं भेटैत किछु रकमक लोभ मे संबंधित अधिकारी चुप्पी साधि लैत छथि। एकर परिणामस्वरूप नकली दूध पीबि नागरिक बेमार पड़ैत छथि आ जहरीली शराब सं निर्दोष लोकक जान जाइत अछि। एहि स्थिति लेल कारोबारी आ उत्पादकक नैतिक पतनक संग व्यवस्था मे व्याप्त नैतिक क्षरण सेहो जिम्मेदार अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सत्ता सम्हारैत समय तंत्र कें सब चलता है बला मानसिकता सं बाहर निकलबाक चेतावनी देने छलाह। आरंभ मे एहि सं एहन मानसिकता रखने लोक मे भयक वातावरण बनल छल, मुदा आब व्यवस्था मे फेर पुरान ढर्रा लौटैत देखाइ पड़ैत अछि। फलतः मुनाफाखोर आ मिलावटखोरक भय कम भेल अछि। स्वास्थ्य संविधानक समवर्ती सूचीक विषय अछि। तें केंद्रक संग राज्य सरकारसभके सेहो कारबाइक अधिकार अछि।

# जलवायु संकटक मूल्य चुका रहल नेपाल, बालेन शाह दुनियां सं मंगलनि हिसाब

ऋषि गुप्ता

नेपालक सभ सं कम उमेर मे निर्वाचित प्रधानमंत्री बालेंद्र शाह, जे बालेन नाम सं प्रसिद्ध छथि, 24 सितंबर कें न्यूयॉर्क मे संयुक्त राष्ट्र महासभाक अधिवेशन मे अपन एकटा प्रभावशाली भाषण देलनि। कम संकेत आ औपचारिकता सं दूर रहैत बालेन एकटा युवा देशक मृत्यु आ विनाश तथा ओहि परिवारक पीड़ाक चर्चा केलनि, जे अपन ओहि प्रियजनक बाट तकैत अछि जे कहियो घर नहि लौटत। हुनकर संकेत नेपाल मे हाल मे भेल आकस्मिक बाढ़ि दिस छल। हुनकर भाषणक तुलना 1967 मे संयुक्त राष्ट्र महासभा मे राजा महेंद्र विक्रम शाह द्वारा देल गेल भाषण सं सेहो कयल जा सकैत अछि। राजा महेंद्र तखन समुद्र सं वंचित, छोट आ विकासशील देशक समस्या पर प्रकाश देलनि छल। ओ गुटनिरपेक्षता आ शांतिपूर्ण सह-अस्तित्वक प्रबल समर्थन कयने छलाह। हुनकर शासनकाल मे नेपाल मे राजनीतिक दलविहीन पंचायती व्यवस्था आ सशक्त राजतंत्रक दौर छल। भारत-चीनक 1962क युद्धक बाद नेपाल दुनू पड़ोसीक बीच तटस्थ स्थानक आवश्यकता पर जोर देने छल। 59 वर्षक बाद लोकतांत्रिक ढंग सं निर्वाचित प्रधानमंत्री बालेन शाह ओही बहुपक्षीय मंच पर अपन बात रखलनि। ओ हिमालयी सुनामीक चर्चा करैत कहलनि जे हालक आपदा मे 1,400 लोकक मृत्यु भेल आ 6,000 लोक लापता छथि। ओ मात्र सहायता लेल अपील नहि कयलनि, बल्कि विश्व सं प्रश्न सेहो केलनि -भोटे कोशी-त्रिशूली आपदा मात्र स्थानीय त्रासदी नहि, बल्कि दुनियांक लेल चेतावनी छल। की हम सभ वास्तव मे एहि चेतावनी कें सुनलहुं?

**अपील सं आगू बढ़ैत नेपालक पक्ष :** बालेनक पहिल संयुक्त राष्ट्र महासभा भाषण सुनबाक लेल सभागार मे कतेक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह, ई स्पष्ट नहि अछि। ओ दुपहरक सत्र मे 17म वक्ता आ 22 सितंबर सं शुरू भेल कार्यवाही मे 106म वक्ता छलाह। प्रत्यक्ष प्रसारण मे सभागार अपेक्षाकृत खाली देखाइत छल। मुदा भाषणक प्रभाव सभागारक बाहर स्पष्ट रूप सं देखल गेल। सब सं पैघ प्रश्न ई अछि जे बालेनक उठाओल सवालक उत्तर के देत? की ग्रीनहाउस गैसक सर्वाधिक उत्सर्जन करयबला देश, पैघ अर्थव्यवस्था, औद्योगिक राष्ट्र अथवा बहुपक्षीय आ क्षेत्रीय संस्था एहि प्रश्नक उत्तर देत? नेपाल चीन आ भारतक बीच स्थित अछि आ दुनू देश विश्वक प्रमुख उत्सर्जक देश मे छथि। बालेन जलवायु परिवर्तनक दुनियांक छत अर्थात हिमालय पर पड़ि रहल प्रभाव दिस विश्वक ध्यान आकृष्ट केलनि। बालेन भारत आ चीनक ओहि प्रयासक सेहो सराहना केलनि, जे 26 अगस्तक आपदाक बाद लापता लोकक खोज आ नेपाल कें सामान्य स्थिति मे



अधिकाधिक प्रयोग तथा राजभाषा नीति के प्रभावी अनुपालन सं जुड़ल विभिन्न पहलु पर प्रकाशदैत हिंदी के प्रयोग के बढ़ावा देबाक आवश्यकता पर बल देलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता करैत मुख्य महाप्रबंधक (सीआरएम-3) कहलनि जे दैनिक कार्यालयीन कार्यसभ मे हिंदी केअधिकाधिक प्रयोग कएल जयबाक चाही। ओ कहलनि जे कार्यस्थल पर हिंदी के प्रयोग के प्रोत्साहित केला संराजभाषाक प्रभावी कार्यान्वयन के गति भेटत आ कार्यालयीन कार्यसभ मे हिंदी के प्रयोग के प्रति सकारात्मक वातावरणक निर्माण होयत। एहि अवसर पर महाप्रबंधक (संपर्क एवं प्रशासन) कहलनि जे बीएसएल मे राजभाषा पखवाड़ा के अंतर्गति विभिन्न कार्यक्रम एवं प्रतियोगितासभक आयोजन कएल जा रहल अछि। एहि कार्यक्रमसभमे संयंत्र के विभिन्न विभाग एवं कर्मचारीसभक संग-संग नगर राजभाषा कार्यान्वयन समिति (नराकास) सं सम्बंधित संगठनसभक सहभागिता सेहो सुनिश्चित कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे विभिन्न प्रतियोगिता मेप्रतिभागीसभक उत्साहपूर्ण भागीदारी हिंदी के प्रति हुनक रुचि आ प्रतिबद्धता के दर्शबैत अछि। कार्यशालाक दौरानप्रश्नोत्तरी, काव्य गोष्ठी एवं विभिन्न प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल, जाहिमे प्रतिभागीसभ उत्साहपूर्वक भागलेलनि। प्रतियोगितासभक विजेतासभकें पुरस्कार प्रदान कय हुनक उत्साहवर्धन कएल गेल।

# राजगीर जू सफारीक निदेशक कें भेटल सम्मान बेस्ट यूज ऑफ टेक्नोलॉजी लेल भेटल पुरस्कार

## ई अवॉर्ड पाबय बला बिहार कैडरक पहिल आइएफएस अधिकारी

**नालंदा, समदिया**

राजगीर जू सफारीक निदेशक राम सुंदर एम कें वन्यजीव संरक्षण, प्रबंधन आ पर्यटक अनुभव मे तकनीकक अभिनव एवं प्रभावी उपयोग लेल प्रतिष्ठित 'इको वॉरियर अवाड्र्स 2026'क अंतर्गत 'बेस्ट यूज ऑफ टेक्नोलॉजी' पुरस्कार सं सम्मानित कएल गेल अछि। इको वॉरियर अवाड्र्सक चारिम संस्करणक भव्य आयोजन 29 सितंबर कें नव दिल्लीक संसद मार्ग स्थित ऑल इंडिया रेडियोक रंग भवन मे संपन्न भेल। एहि गरिमामय समारोहक आयोजन 'इंडियन मास्टरमाइंड्स' दिस सं 'भारतीय वन सेवा संघ'क सहयोग सं कएल गेल।




साल 2023 मे शुरू कएल गेल एहि प्रतिष्ठित राष्ट्रीय सम्मान कें पाबय बला श्री राम सुंदर एम. बिहार कैडरक पहिल भारतीय वन सेवा अधिकारी बनि गेल छथि।

### तकनीक आ वन्यजीव संरक्षणक अनूठा मॉडल

ई राष्ट्रीय सम्मान राजगीर जू सफारी मे हुनकर नेतृत्व मे कएल गेल दूरदर्शी प्रयास आ आधुनिक वैज्ञानिक दृष्टिकोणक परिणाम अछि, जे संरक्षण, नवाचार आ उत्कृष्ट पर्यटनक बीच मजबूत समन्वय स्थापित कएलक अछि। जू सफारी परिसर मे पर्यटकक सुविधा लेल क्यूआर-आधारित डिजिटल टिकटिंग आ स्लॉट प्रबंधनक आधुनिक व्यवस्था लागू कएल गेल अछि। एहि सं कागजी प्रक्रिया समाप्त होयबाक संगहि अनावश्यक प्रतीक्षा समय आ भीड़ नियंत्रण मे अभूतपूर्व सुधार भेल अछि।

### सुरक्षा, ट्रैकिंग आ आधुनिक निगरानी प्रणाली

सफारी क्षेत्र मे चलनिहार सभ वाहनक रीयल-टाइम जीपीएस ट्रैकिंग कएल जा रहल अछि। एहि सं वाहनक घनत्व आ आवाजाही पर पैघ नजरि राखि वन्यजीव लेल शांत आ तनावमुक्त वातावरण सुनिश्चित कएल जा रहल अछि। एकरा संगहि सुरक्षा व्यवस्था मजबूत रखबाक लेल अत्याधुनिक सेंट्रल कंट्रोल रूम आ व्यापक सीसीटीवी निगरानी प्रणाली स्थापित कएल गेल अछि। एहि सं पर्यटक क्षेत्र आ वन्यजीव इन्क्लोजर पर चौबीस घंटा सीधा नजरि राखल जा रहल अछि।

### जनजागरूकता लेल डिजिटल माध्यमक पहल

पर्यटक सभ मे पर्यावरण चेतना जगयबाक उद्देश्य सं तकनीक आधारित इंटरैक्टिव कथा आ एनीमेशनक माध्यम सं इमर्सिव कंजर्वेशन एजुकेशन सेहो शुरू कएल गेल अछि। देशभरि मे वन आ वन्यजीव संरक्षण मे उत्कृष्ट काज कएनिहार लोक कें प्रोत्साहित कएनिहार एहि मंच सं भेटल ई सम्मान मात्र राजगीर जू सफारीक विश्वस्तरीय कार्यप्रणाली पर मुहर नहि लगबैत अछि, बल्कि बिहार मे आधुनिक आ वैज्ञानिक वन्यजीव प्रबंधनक क्षेत्र मे एकटा नव मीलक पत्थर सेहो साबित भेल अछि।

# दुर्गा पूजा सं पहिने शहरक 15 हजार पोल पर स्ट्रीट लाइट लगाओत एजेंसी

## मेयरक एजेंसी कें युद्धस्तर पर काजक निर्देश

**भागलपुर, समदिया**

दुर्गा पूजाक अवसर पर शहरक कोनो कोना मे अन्हार नहि रहय, एहि कें लए मंगलदिन मेयर डॉ. वसुंधरा लाल समीक्षा बैठक कएलनि। मेयर शत-प्रतिशत लाइट लगाबयक काज निर्धारित समय-सीमा मे पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे लाइटक तकनीकी मानक आ काजक गुणवत्ता मे कोनो स्तर पर कोनो समझौता स्वीकार नहि कएल जाएत।



शहरक 15 हजार खंभा पर स्ट्रीट लाइट लगाबयक काज एजेंसी करत। पर्वक अवसर पर शहरवासी कें सुगम, स्वच्छ आ सुरक्षित वातावरण उपलब्ध करयबाक लेल निविदा प्रक्रिया तेजी सं पूरा कराओल गेल अछि।

मेयर कहलनि जे पर्याप्त मानवबल आ आवश्यक उपकरणक व्यवस्था कए काज युद्धस्तर पर चलाउ, जाहि सं पूजाक शुरूआत सं पहिने सभ चिह्नित मार्ग, चौराहा आ वार्ड दूधिया रोशनी सं जगमगा उठय। ओ रोशनी शाखाक प्रभारी जयप्रकाश यादव कें प्रतिदिन वार्ड स्तर पर काजक निगरानी करबाक निर्देश देलनि। बैठक मे स्ट्रीट लाइट लगाबय बला कार्यदायी एजेंसीक प्रतिनिधि विश्वजीत सिंह आदि उपस्थित छलाह।

### पछिला एजेंसीक काज मे रहल छल खामी

पूर्व मे ईईसीएल एजेंसी कें लाइट लगाबय आ मेंटेनेंसक जिम्मेदारी देल गेल छल। एजेंसी कें सेंट्रलाइज्ड स्विच सिस्टम लगाबय छल, जाहि सं पूरा शहरक लाइट कें जोनक हिसाब सं नियंत्रित कएल जा सकय। खराबी ठीक करय मे देरी भेलाक स्थिति मे जुमार्नाक प्रावधान छल।

कंट्रोल रूम आ ओकर नंबर सेहो प्रकाशित करबाक छल। मुदा एजेंसी ई काज नहि कएलक आ खराब लाइट ठीक करय मे देरी कएलक। 10 हजार खंभा पर लाइट तं लगाओल गेल, मुदा शहर मे लागल 5 सं 6 हजार नव खंभा पर लाइट लगाओले नहि गेल। एहि बेर सेहो निगरानी मे कमी रहल तं एहन समस्या उत्पन्न भए सकैत अछि।

# नगर परिषद 'सफाइ मित्र सुरक्षा एवं सम्मान शिविर' लगौलक, मुफ्त दवाइ सेहो देलक



**बक्सर, समदिया**

बक्सर नगर परिषदक दिस सं सोमदिन ह्यसफाइ मित्र सुरक्षा एवं सम्मान शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर मे नगर परिषदक 68 सफाइकर्मीक स्वास्थ्य परीक्षण कए हुनका सभ कें मुफ्त दवाइ देल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता नगर परिषदक चेयरमैन कमरुन निशा कएलनि। उपाध्यक्ष, वार्ड पार्षद आ नगर परिषदक अधिकारी सभ सेहो उपस्थित छलाह। स्वास्थ्य टीम सफाइकर्मी सभक बीपी, शुगर, खून, आंखि आ दांतक जांच कएलक। जांचक बाद आवश्यकता अनुसार सफाइकर्मी सभ कें मुफ्त दवाइ सेहो उपलब्ध कराओल गेल। शिविरक दौरान सफाइकर्मी सभ कें स्वास्थ्य संबंधी सावधानीक जानकारी देल गेल। चेयरमैन कमरुन निशा कहलनि जे नगर परिषद सफाइकर्मी सभक सुरक्षा कें लए गंभीर अछि। काजक दौरान हुनका सभ कें दस्ताना, मास्क, जूता आ सुरक्षा किट उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। ओ बतौलनि जे भविष्य मे सफाइकर्मी सभ लेल बीमा आ अन्य कल्याणकारी योजना लागू करबाक दिस मे सेहो काज कएल जाएत। नगर परिषदक अनुसार, ई आयोजन स्वच्छ भारत मिशन आ सफाइ मित्र सुरक्षा चैलेंजक अंतर्गत कएल गेल। एकर उद्देश्य सफाइकर्मी सभ कें संक्रमण आ कार्यस्थल पर होमय बला दुर्घटना सं बचेनाइ अछि। भविष्य मे प्रत्येक तीन मास पर एहि तरहेक स्वास्थ्य शिविर आयोजित कएल जाएत। कार्यक्रमक दौरान सभ सफाइ मित्र कें प्रशस्ति पत्र आ सम्मान चिह्न दए सम्मानित कएल गेल। अधिकारी सभ सफाइकर्मी सभक योगदान कें महत्वपूर्ण बतबैत हुनकर स्वास्थ्य आ सुरक्षा कें प्राथमिकता देबाक बात कहलनि।

# शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी बाढ़ि पीड़ितक बीच पहुंचलाह

## गोपालगंज मे टूटल बांधक निरीक्षण केलनि, राहति-बचाव काज तेज करबाक निर्देश

**गोपालगंज, समदिया**

गोपालगंज मे बाल्मीकि नगर बराज सं भारी मात्रा मे पानि छोड़ल गेलाक कारण गोपालगंज जिलाक दियारा क्षेत्र मे बाढ़िक स्थिति बहुत विकराल आ चिंताजनक भए गेल अछि।

नदीक जलस्तर मे अनचोके भेल अप्रत्याशित वृद्धि सं तटीय आ निचला क्षेत्र मे तेजी सं पानि पसरि रहल अछि। एहि बीच शीतलपुर मे रिंग बांध टूटलाक कारण स्थिति आओर बेसी बेकाबू भए गेल अछि। बांध टूटलाक कारण बाढ़िक पानि आसपासक दर्जनो गाम आ निचला क्षेत्र मे तेजी सं प्रवेश कए रहल अछि, जाहि सं हजारो लोक प्रभावित भेल छथि आ चारू दिस अफरा-तफरीक माहौल बनल अछि।

स्थिति गंभीर होइत देखैत बिहार सरकारक शिक्षा मंत्री सह बैकुंठपुरक स्थानीय विधायक मिथिलेश तिवारी स्वयं मैदानी स्तर पर पहुंचलाह।



### 24 घंटा पूरा तरहें अलर्ट रहबाक कड़ा निर्देश

ओ आपदाक एहि घड़ी मे सीधा बाढ़ि पीड़ितक लग पहुंचि हुनकर समस्या सुनलनि आ प्रभावित क्षेत्रक दौरा कएलनि। मंत्री शीतलपुर सहित आसपासक विभिन्न संवेदनशील क्षेत्र, प्रमुख बांध आ गंडक नदीक तटबंधक गहन निरीक्षण कएलनि।

एहि दौरान ओ अधिकारी सभ सं बांधक वर्तमान स्थिति, नदीक जलस्तरक गति आ सब सं बेसी खतरा बला क्षेत्रक विस्तृत जानकारी लेलनि। निरीक्षणक दौरान मंत्री जल संसाधन विभाग आ स्थानीय प्रशासनक अधिकारी सभ कें 24 घंटा पूरा तरहे अलर्ट रहबाक कड़ा निर्देश देलनि।

### 'सरकार आ प्रशासन पूरा तरहें आम जनता संग'

ओ स्पष्ट रूप सं कहलनि जे तटबंधक निरंतर निगरानी कएल जाए, जाहि सं कोनो नव खतरा कें समय रहिते टालल जा सकय। संगहि, कोनो आपात स्थिति सं निपटबाक लेल शीघ्र राहति आ बचाव काज शुरू करबाक हिदायत देलनि। शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी प्रभावित जनता कें आश्वस्त करैत कहलनि जे बाढ़ि प्रभावित प्रत्येक नागरिकक सुरक्षा आ सहायता बिहार सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। संकटक एहि घड़ी मे सरकार आ प्रशासन पूरा तरहे आम जनता संग ठाढ़ अछि।

ओ प्रशासनिक अधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे प्रभावित परिवार लेल सुरक्षित स्थल, राहति शिविर, भोजन, शुद्ध पेयजल, दवाइ आ अन्य आवश्यक सुविधा मे कोनो कमी नहि होमय चाही।

एकरा अतिरिक्त, नावक पर्याप्त व्यवस्था आ पशुचारा उपलब्ध करेनाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलनि।

# सेविका-सहायिका सभ कें सम्मानित कएल गेल, फल-चॉकलेट बांटल गेल



**शेखपुरा, समदिया**

शेखपुरा मे बुधदिन सेवा संकल्प अभियानक अंतर्गत आंगनबाड़ी केंद्र सभ पर आंगन मिलन, पोषण मास आ अन्नप्राशन उत्सवक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम शेखपुरा पूर्वी आ शेखपुरा नगर चेवाड़ा पंचायतक विभिन्न आंगनबाड़ी केंद्र सभ पर भेल। कार्यक्रमक दौरान आंगनबाड़ी सेविका आ सहायिका सभ कें अंगवस्त्र आ प्रशस्ति पत्र दए सम्मानित कएल गेल।

भाजपा जिलाध्यक्ष रेशमा भारती कार्यक्रमक मुख्य अतिथि छलथि। ओ केंद्र पर मौजूद बच्चा आ अभिभावक सभ कें प्रधानमंत्रीक पत्र पढ़ि कए सुनौलनि। रेशमा भारती कहलनि जे आंगनबाड़ी सेविका आ सहायिका सभ समाज सं कुपोषण दूर करबाक संग बच्चा आ महिला सभक स्वास्थ्य एवं पोषण कें लए जागरूकता फैलबाक महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल छथि। ओ लोक सभ सं पोषण कें लए जागरूक रहबाक अपील कएलनि।

कार्यक्रमक दौरान आंगनबाड़ी केंद्र सभ पर रंगोली बना कए पोषणक संदेश देल गेल। बच्चा सभक बीच फल आ चॉकलेट सेहो बांटल गेल। अन्नप्राशन उत्सवक माध्यम सं बच्चा सभक पोषण आ स्वस्थ विकास कें लए जागरूकताक संदेश देल गेल।

कार्यक्रम मे भाजपा जिलाक उपाध्यक्ष वंदना विश्वकर्मा, महिला मोर्चाक जिलाध्यक्ष नीतू सिंह, महामंत्री रूपा बरनवाल, श्रवण पांडेय, जिला मंत्री रणजीत सिंह सहित पैघ संख्या मे ग्रामीण, अभिभावक आ बच्चा सभ उपस्थित छलाह।

## विविध

# संक्रमण कें मामूली नहि बुझू! भए सकैत अछि कैंसरक कारण : अध्ययन

इंटरनेशनल एजेंसी फॉर रिसर्च ऑन कैंसरक एक नव अध्ययन मे पैघ खुलासा भेल अछि। शोधकर्ता सभक अनुसार दुनियाभरि मे 8 कैंसरक मामिला मे सं 1क कारण संक्रमण भए सकैत अछि। ई संक्रमण लेल वैक्सीनेशन करौने होइतो कैंसरक खतरा रहि सकैत अछि। अध्ययनक अनुसार 2024 मे दुनियाभरि मे 19.2 मिलियन नव कैंसरक मामिला सामने आएल, जाहि मे 2.3 मिलियन मामिला संक्रमण सं जुड़ल छल। चौंकाबय बला बात ई अछि जे संक्रमण सं जुड़ल कैंसरक बेसीतर मामिला मात्र 5 तरहक संक्रमण सं संबंधित छल।



एहि 5 तरहक संक्रमण मे हेलिकोबैक्टर पाइलोरी, एचपीवी, हेपेटाइटिस बी, हेपेटाइटिस सी आ एपस्टीन-बार वायरस (ईबीवी) शामिल अछि। हेलिकोबैक्टर पाइलोरी एकटा आम बैक्टीरिया अछि, जे दूषित भोजन आ पानिक माध्यम सं पेट मे संक्रमण पैदा करैत अछि। ओतहि ईबीवी कें ग्लैंडुलर फीवरक कारण मानल जाइत अछि। हेपेटाइटिस बी आ सी भेलाक बाद जं एकरा नियंत्रित नहि कएल जाए तं स्वास्थ्यक स्थिति बहुत खराब भए सकैत अछि। शोधकर्ता सभ ह्यद लैंसेट ऑन्कोलॉजीह्व मे लिखलनि जे कैंसरक बढ़ैत मामिला पर रोक लगाबय लेल संक्रमण नियंत्रण पर ध्यान देब जरूरी अछि। नव प्रकारक निवारक वैक्सीनेशन विकसित करब एहि दिशा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि। अध्ययन मे कहल गेल अछि जे 2024 मे पश्चिमी यूरोप मे एचपीवीक कारण 24,000 कैंसरक मामिला सामने आएल। एहि कारण एकरा संक्रमण सं होमय बला कैंसरक पैघ कारण मे सं एक मानल गेल अछि। ई एकटा आम वायरस अछि, जे त्वचा आ शरीरक भीतरी परतक कोशिका कें संक्रमित करैत अछि। एहि मे मुंह आ गलाक कोशिका सेहो शामिल अछि। सर्वाइकल कैंसरक लगभग सभ मामिला एचपीवी सं जुड़ल अछि। अध्ययन मे पाओल गेल जे 2024 मे हेलिकोबैक्टर पाइलोरी संक्रमण सं जुड़ल कैंसरक सब सं पैघ कारण छल। एकरा सं करीब 7.6 लाख कैंसरक मामिला जुड़ल छल। एहि मे बेसीतर मामिला पेटक कैंसरक छल।

शोधकर्ता सभक कहब अछि जे हेलिकोबैक्टर पाइलोरी विरुद्ध वैक्सीन विकसित करबाक दिशा मे एखन धरि बहुत धीमा प्रगति भेल अछि। विशेषज्ञक अनुसार एहन वैक्सीन बनला सं दुनियाभरि मे पेटक कैंसरक मामिला कम करबा मे पैघ असर पड़ि सकैत अछि। संक्रमण सं होमय बला कैंसरक एकटा पैघ कारण हेपेटाइटिस बी आ सी कें सेहो बताओल गेल अछि। ई दूनू वायरस मिलि कए करीब एक-तिहाई कैंसरक मामिला लेल जिम्मेदार रहल अछि।

शोध सं जुड़ल वैज्ञानिकक अनुसार दोसर कतेको कैंसर खतरा कारकक तुलना मे हेपेटाइटिस सं जुड़ल कैंसर कें बहुत हद धरि रोकल जा सकैत अछि, कारण एकर प्रभावी इलाज उपलब्ध अछि।

# दू दिनक गिरावटक बाद सोनाक दाम मे वृद्धि, विदेशी बाजार मे मामूली बढ़त

लगातार दू दिनक गिरावटक बाद देशक राजधानी दिल्ली मे सोनाक दाम मे इजाफा देखल गेल। हालांकि, दिल्ली मे सोनाक दाम एखन 1.50 लाख रुपैया सं नीचां अछि। एकर बादो गोल्डक दाम दू मासक निचला स्तर सं उबरि गेल अछि। ओतहि चांदीक दाम मे कोनो बदलाव नहि देखल गेल। लगातार तेसर दिन चांदीक दाम स्थिर अछि।



जानकारक अनुसार दाम मे कमी आएलाक बाद सोना मे वैल्यू बाइंगक लाभ भेटल, जाहि कारण दाम मे तेजी देखल गेल। जानकारक अनुसार आगूक दिन मे सोना आ चांदीक दाम मे उतार-चढ़ाव भए सकैत अछि।

बुध दिन राष्ट्रीय राजधानी मे सोनाक दाम दू मासक निचला स्तर सं सुधारैत 700 रुपैया बढ़ि कए 1.49 लाख रुपैया प्रति 10 ग्राम भए गेल। वैश्विक बाजार मे मजबूत रुझानक बीच निवेशक सभ कम दाम पर खरीदारी कएलनि, जाहि कारण सोनाक दाम मे सुधार आएल।

स्थानीय कारोबारीक अनुसार 99.9% शुद्धता बला सोनाक दाम मे पिछला दू सत्र सं जारी गिरावट थमि गेल आ ई 700 रुपैया बढ़ि कए 1,49,300 रुपैया प्रति 10 ग्राम (सभ टैक्स सहित) भए गेल। मंगल दिन ई 1,48,600 रुपैया प्रति 10 ग्राम पर बंद भेल छल।

हालांकि, चांदीक दाम लगातार दोसर सत्र मे 2.32 लाख रुपैया प्रति किलोग्राम (सभ टैक्स सहित) पर स्थिर रहल।

ब्रोकरेज प्लेटफॉर्म ह्यलेमनह्णक रिसर्च हेड गौरव गर्गक अनुसार हालक गिरावटक बाद ट्रेडर सभ द्वारा वैल्यू बाइंग करबाक कारण बुध दिन सोनाक दाम मे सुधार भेल। गर्ग कहलनि जे अमेरिकी डॉलर मे उतार-चढ़ाव सोनाक दाम मे बेसी बढ़ोतरी कें रोकलक।

वैश्विक बाजार मे स्पॉट गोल्ड मामूली बढ़तक संग 4,190 डॉलर प्रति औंस पर कारोबार कए रहल छल, जखनकि चांदी 1.28% गिरि कए 60.68 डॉलर प्रति औंस पर आबि गेल।

आनंद राठी शेयर एंड स्टॉक ब्रोकर्स लिमिटेडक कमोडिटी आ करेंसी रिसर्च एनालिस्ट वेदिका नार्वेकर कहलनि जे सोना 4,195 डॉलर प्रति औंसक आसपास बनल छल आ सितंबर मे 5% सं बेसी गिरावटक संग बंद होबाक राह पर छल। ई समर्थन देनिहार कारक आ लगातार बनल चुनौतीक बीच खींचतान कें दर्शबैत अछि।

# विमान दुर्घटनाक आशंका सं मचल हड़कंप, कॉकपिट मे माइरपीटक आरोप











**नई दिल्ली, एजेंसी**

दुबई सं इजराइलक तेल अवीव जा रहल फ्लाइट दुबइक एकटा विमान मे बुधदिन अनचोके हड़कंप मचि गेल, जखन विमान हवा मे आपातकाल घोषित केलक। विमान मे करीब 180 यात्री सवार छलाह। उड़ानक क्रम मे विमान सं अंतरराष्ट्रीय आपातकालीन कोड 7700 प्रसारित कएल गेल आ बाद मे 7500 कोड सेहो सक्रिय भेल। विमान मे गैरकानूनी हस्तक्षेप अथवा अपहरणक आशंका सं जुड़ल एहि संकेतक बाद इजराइल एहतियातक तौर पर लड़ाकू विमान रवाना केलक। बाद मे विमानके अपन निर्धारित बाट सं हटाकए सऊदी अरबक तबुक हवाईअड्डा दिस मोड़ल गेल, जतय विमान सुरक्षित उतरि गेल। रिपोर्टक अनुसार कॉकपिट मे दुनू पायलटक बीच झड़प भेल छल आ एहि दौरान खून-खराबा सेहो भेल। मुदा घटनाक पूरा कारणक जांच अखन जारी अछि।

**विमानक भीतर आखिर की भेल? :** फ्लाइट एफजेड1073 दुबई सं तेल अवीवक बेन गुरियन हवाईअड्डा दिस जा रहल छल। यात्राक बीच अनचोके विमान सं आपातकालीन संकेत प्रसारित होमय लागल। इजराइली अधिकारी आ स्थानीय मीडिया रिपोर्टक अनुसार कॉकपिट मे दुनू पायलटक बीच कोनो बात कें लए कए झड़प भए गेल। द टाइम्स ऑफ इजराइल मे यात्री आ हिब्रू भाषाक मीडिया रिपोर्टक हवाला सं कहल गेल अछि जे एक पायलट कथित रूप सं विमान कें दुर्घटनाग्रस्त करबाक प्रयास केने छल। हालांकि, दोसर पायलट यात्री सभक सहयोग सं ओकरा रोकि देलक, एहन दावा कएल गेल अछि। चैनल 14क रिपोर्ट मे दावा कएल गेल जे एक पायलट कथित रूप सं आत्महत्या करबाक प्रयास केलक आ विमान कें करीब 30 हजार फीट ऊंचाइ सं तेजी सं 15 हजार फीट धरि नीचां आनल गेल। हालांकि, एहि दावाक स्वतंत्र पुष्टि अखन नहि भेल अछि। विमानक उड़ान पर नजरि रखनिहार आंकड़ा मे सेहो विमानक ऊंचाइ मे असामान्य बदलाव देखल गेल।

**यात्री सभ कहलनि, लागल जे आब नहि बांचब :** विमानक एकटा यात्री आइ यात्री सभ कें ई पक्का लगैत रहल जे या तं सभक जान चलि जाएत अथवा विमान दुर्घटनाग्रस्त भए जाएत। कॉकपिट दिस सं चिचियाबय आ झगड़ाक आवाज सुनाइ पड़ैत छल। यात्रीक अनुसार एक पायलट पर चाकू सं हमला करबाक प्रयास कएल गेल। एकर बाद किछु इजराइली यात्री हस्तक्षेप कए कथित हमलावरके पकड़ि लेलनि आ जमीन पर दबा देलनि। यात्रीक कहब छल जे किछु क्षण एहन छल, जखन सभके अपन जान बचेबाक आशा सेहो नहि रहल छल। घटनाक बाद सामने आएल एकटा तस्वीर मे एक यात्रीक टी-शर्ट खून सं सानल देखाइ पड़ैत अछि। कहल जा रहल अछि जे एहि यात्री सेहो खतरनाक स्थिति नियंत्रित करबा मे सहयोग केने छल। हालांकि, घटनाक एहि पक्षक स्वतंत्र पुष्टि अखन नहि भेल अछि।

**30 हजार फीट सं तेजी सं नीचां आयल विमान :** विमान द्वारा 7700 आपातकालीन कोड प्रसारित करबाक पहिने ओकर ऊर्ध्वाधर गति मे पैघ उतार-चढ़ाव देखल गेल। उपलब्ध उड़ान-आंकड़ाक अनुसार विमानक वर्टिकल स्पीड करीब माइनस 30 हजार सं प्लस 10 हजार फीट प्रति मिनट धरि बदलैत रहल। सामान्य व्यावसायिक उड़ानक तुलना मे ई असामान्य बदलाव मानल गेल। किछु समय बाद विमान फेर करीब 21,650 फीटक ऊंचाइ धरि पहुंचल, मुदा तकर बाद फेर नीचां आयल आ 14 हजार फीट सं सेहो कम ऊंचाइ पर पहुंचि गेल। बाद मे विमान किछु समय धरि करीब 15 हजार फीटक ऊंचाइ पर उड़ैत रहल।

> दुबई सं तेल अवीव जा रहल फ्लाइट दुबईक विमान मे आपातकालीन संकेत, यात्राक बीच पायलट सभक बीच झड़पक दावा

**इजराइल सं संपर्क नहि भेल तं भेजल गेल लड़ाकू विमान :** इजराइली अधिकारी प्रारंभिक समय मे विमान सं संपर्क स्थापित नहि कए सकलाह। विमान मे अपहरण अथवा गैरकानूनी हस्तक्षेपक आशंका उत्पन्न भेलाक बाद इजराइल लड़ाकू विमान रवाना केलक। घटनाक समय प्रधानमंत्री बेंजामिन नेतन्याहू आ वरिष्ठ सैन्य अधिकारी सभ सेहो स्थिति पर चर्चा केलनि। बाद मे नेतन्याहूक कार्यालयक दिस सं कहल गेल जे स्थिति नियंत्रण मे अछि आ इजराइली यात्रिसभके सुरक्षित वापस आनबाक लेल आवश्यक कदम उठाओल जा रहल अछि।

**यात्री सभ की कहलक? :** इजराइलक चैनल 12 सं बात कएनिहार किछु यात्री सभ विमानक भीतरक अफरा-तफरीक वर्णन केलनि। हुनकर अनुसार कॉकपिट लग सं चिचियाबयक आवाज सुनाइ पड़ैत छल आ विमानक तेजी सं नीचां आबि रहलाक अनुभव भए रहल छल। किछु यात्रिक कॉकपिट मे खून देखबाक सेहो दावा अछि। यात्री सभक कहब छल जे एक पायलट पर चाकू सं हमला कएल गेल आ क्रू सदस्य सभक सहयोग सं यात्री सभ कथित हमलावरके काबू मे करबा मे मदद केलनि। मुदा एहि दावासभक स्वतंत्र पुष्टि अखन नहि भेल अछि।

**तबुक हवाईअड्डा पर सुरक्षित उतरि गेल विमान :** घटनाक बाद विमान कें मूल मार्ग सं हटाकए सऊदी अरबक तबुक हवाईअड्डा दिस मोड़ल गेल। ओतय विमान सुरक्षित उतरला बाद सऊदी सुरक्षा बलक जवान सभ ओकरा चारू दिस सं घेरि लेलनि। फ्लाईदुबई बाद मे पुष्टि केलक जे एफजेड1073 मे एकटा घटना घटल छल आ विमान तबुक हवाईअड्डा पर सुरक्षित उतरि गेल। विमान कंपनीक अनुसार विमान मे सवार सभ यात्री सुरक्षित छथि आ हुनकर जानकारी उपलब्ध अछि। कंपनी कहलनि जे ओ संबंधित अधिकारीसभक संग मिलि कए घटनाक जांच मे सहयोग कए रहल अछि।

विमान मे वास्तव मे की भेल, कॉकपिट मे झड़प कोन कारण सं भेल आ आपातकालीन संकेत सभ किएक सक्रिय भेल, एहि सभ प्रश्नक आखरी उत्तर जांच पूरा भेलाक बादे स्पष्ट भए सकत। अखन धरि सामने आएल कतेको दाबी स्वतंत्र रूप सं प्रमाणित नहि भेल अछि।

# ट्रंप सुंदर पिचाई कें कहलनि 'मॉन्स्टर', गूगल सीइओ मुस्किया कए देलनि जवाब

**वाशिंगटन, एजेंसी**

अमेरिकाक राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप गूगलक सीइओ आ भारतीय मूलक सुंदर पिचाईके 'मॉन्स्टर' कहि संबोधित केलनि। हालांकि, ट्रंपक आशय पिचाई कें नकारात्मक अर्थ मे संबोधित करब नहि, बल्कि प्रौद्योगिकी आ कृत्रिम बुद्धिमत्ता क्षेत्र मे हुनकर असाधारण क्षमता आ प्रभावक प्रशंसा करब छल।

> ह्वाइट हाउस मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता पर पैघ प्रौद्योगिकी कंपनीक प्रमुख सभक संग ट्रंप केलनि बैसार



मंगल कें ह्वाइट हाउस मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता पर पैघ प्रौद्योगिकी कंपनीक प्रमुख सभक संग भेल बैठकक बाद ट्रंप पत्रकार सभ सं बात करैत ई टिप्पणी केलनि। एहि बैठक मे मेटाक सीइओ मार्क जुकरबर्ग आ एंथ्रोपिकक सीइओ डारियो अमोदेई सेहो उपस्थित छलाह। पत्रकार सभक बीच ट्रंप पिचाई दिस संकेत करैत कहलनि जे ई सभ बहुत पैघ लोक छथि। ई सुंदर छथि। ई आदमी एकटा मॉन्स्टर छथि। ट्रंपक शब्द चयनक आशय पिचाईक सफलता आ प्रौद्योगिकी क्षेत्र मे हुनकर प्रभाव कें रेखांकित करब छल। एहि पर सुंदर पिचाई मुस्किया कए कहलनि जे हम मॉन्स्टर छी सं किछु नीक पंक्ति होइत तं नीक रहैत। पिचाइक ई हल्का-फुल्का जवाबक बाद दुनूक बीचक ई संवाद चर्चा मे आबि गेल।

## एआइ कें कहल गेल सुपर इंटेलिजेंस

बैसारक दौरान ट्रंप प्रशासन कृत्रिम बुद्धिमत्ता लेल सुपर इंटेलिजेंस नामक प्रयोग कें आधिकारिक रूप सं बढ़ावा देबाक घोषणा सेहो केलक। 29 सितंबर कें जारी कार्यकारी आदेश मे अमेरिकी संघीय सरकारक आधिकारिक पत्राचार, वेबसाइट, रिपोर्ट आ नीतिगत दस्तावेज मे आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस आ एआइ केर स्थान पर सुपर इंटेलिजेंस आ एसआइ शब्दक प्रयोग करबाक निर्देश देल गेल अछि। आदेश मे कहल गेल अछि जे आधुनिक एआइ प्रणालीक क्षमता लगभग 70 वर्ष पूर्व एहि क्षेत्रक नामकरणक समयक कल्पना सं आगू बढ़ि गेल अछि।

## एआइ कंपनी सभ स्व-निगरानी पर सहमत

ट्रंप कहलनि जे प्रमुख एआइ आ प्रौद्योगिकी कंपनी सभ एआइक विकास पर स्वैच्छिक रूप सं निगरानी बढ़ेबाक लेल एकटा समझौता मे सहमत भेल अछि। एहि समझौता अंतर्गत कंपनि सभ आंतरिक नियंत्रण, निगरानी, बाहरी स्वतंत्र परीक्षण आ निदेशक मंडलक स्वतंत्र निगरानीक व्यवस्था करबाक प्रतिबद्धता जतौलक। ट्रंप एहि समझौता कें मोरली बाइंडिंग अर्थात नैतिक रूप सं बाध्यकारी बतौलनि। सुंदर पिचाई सेहो कहलनि जे बैठक मे सुपर इंटेलिजेंस पर महत्वपूर्ण बात भेल आ गूगल एहि समझौता पर हस्ताक्षर केलक। हुनकर अनुसार गूगल विगत दू वर्ष मे अमेरिका आ दुनिया कें लाभ पहुंचाबय लेल प्रौद्योगिकीक विभिन्न स्तर पर अरबों डॉलर निवेश केलक अछि आ आगू सेहो निवेश जारी रखत। कंपनीक लक्ष्य एहन उत्पाद तैयार करब अछि, जे लोक आ व्यवसाय कें वास्तविक लाभ पहुंचाबय, स्थानीय समुदाय मे निवेश बढ़ाबय आ प्रौद्योगिकी पर भरोसा मजबूत करय।

# पूर्व आइएएस दिव्या मित्तल कें अखिलेशक प्रस्ताव कहलनि, हरियर आ लाल गमछा पहिरू

**लखनऊ, एजेंसी**

उत्तर प्रदेशक राजनीति मे पूर्व आइएएस अधिकारी दिव्या मित्तलक राजनीतिक प्रवेशक बाद चर्चा तेज भए गेल अछि। समाजवादी पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव बुधदिन दिव्या मित्तलक संदर्भ मे कहलनि जे आब हुनका सेहो तय करय पड़त जे ओ हरियर आ लाल रंगक गमछा पहिरथु। अखिलेशक एहि टिप्पणी कें दिव्या मित्तल कें समाजवादी पार्टी दिस सं देल गेल राजनीतिक प्रस्तावक रूप मे देखल जा रहल अछि।

> वर्तमान राजनीतिक घटनाक्रम पर अपन विचार रखलनि अखिलेश



अखिलेश यादव बुधदिन पत्रकार सम्मेलन मे उत्तर प्रदेशक राजनीतिक घटनाक्रम पर अपन बात रखलनि। पूर्व भाजपा सांसद बृजभूषण शरण सिंहक संबंध मे पूछल गेल प्रश्न पर ओ कहलनि जे हुनका आ बृजभूषण शरण सिंहक संबंध नीक अछि आ उत्तर प्रदेशक विकासक मुद्दा पर सभ एकमत छथि। बृजभूषण शरण सिंह सेहो हालहि मे अखिलेश यादवक संदर्भ मे कहल छलाह जे हुनका बिनु सभ किछु सूना-सूना लगैत अछि। एहि बीच पूर्व आइएएस अधिकारी दिव्या मित्तलक राजनीतिक प्रवेशक घोषणा उत्तर प्रदेशक राजनीतिक गलियारा मे विशेष चर्चाक विषय बनल अछि। 2013 बैचक उत्तर प्रदेश कैडरक अधिकारी रहल दिव्या मित्तल करीब 13 वर्ष धरि प्रशासनिक सेवा मे रहल छथि। ओ देवरिया, मिजार्पुर आ संत कबीर नगरक जिलाधिकारीक रूप मे सेहो कार्य केने छथि आ बाद मे उत्तर प्रदेश सरकारक राजस्व विभाग मे विशेष सचिव पद पर कार्यरत छलथि। दिव्या मित्तल 30 अगस्त 2026कें आइएएस सं स्वेच्छा सं त्यागपत्र देबाक घोषणा केने छलथि। 29 सितंबर कें ओ राजनीति मे प्रवेशक घोषणा करैत कहलनि जे उत्तर प्रदेश हुनकर 'कर्मभूमि' अछि। हुनकर अनुसार ओ कोनो राजनीतिक दल मे शामिल नहि भए कए लोकक समस्या आ आवाज कें सामने अनबाक लेल स्वतंत्र रूप सं राजनीतिक क्षेत्र मे काज करय चाहैत छथि। दिव्या मित्तलक राजनीतिक प्रवेशक घोषणा भेला बाद हुनकर संभावित राजनीतिक दिशा पर चर्चा शुरू भेल छल। मुदा अखन धरि हुनकर कोनो दल मे शामिल होबाक आधिकारिक घोषणा नहि भेल अछि। एहि बीच अखिलेश यादवक हरियर आ लाल गमछा संबंधी टिप्पणी सं उत्तर प्रदेशक राजनीतिक चर्चा कें नव आयाम भेटल अछि। मुदा दिव्या मित्तल एहि टिप्पणी पर कोनो राजनीतिक दलक संग जुड़बाक घोषणा करैत छथि वा नहि, से आगांक घटनाक्रम सं स्पष्ट होयत।

# ऑपरेशन सिंदूरक बाद पाकिस्तानक नब चालि, आतंकी ठिकानाक बदलल स्वरूप

**नई दिल्ली, एजेंसी**

ऑपरेशन सिंदूरक बाद पाकिस्तान मे सक्रिय आतंकी समूह अपन प्रशिक्षण शिविर आ ठिकानाक स्वरूप मे पैघ बदलाव करैत देखाइ पड़ि रहल अछि। एक वरिष्ठ खुफिया अधिकारीक अनुसार, आब आतंकी समूह अपन ढांचा कें एहन भवन सभ मे नुकेबाक प्रयास करैत अछि, जतय आम लोक रहैत छथि, पढ़ाइ-लिखाइ होइत अछि अथवा दैनिक काजक उपयोग होइत अछि। एहि बदलावक उद्देश्य मात्र शिविर कें एक ठाम सं दोसर ठाम लए जेनाइ नहि, बल्कि आतंकी गतिविधि कें सामान्य नागरिक परिवेशक भीतर नुका देब सेहो अछि।

**बदलि गेल आतंकी ठिकानाक ढंग :** अधिकारी सभक आकलन अछि जे ऑपरेशन सिंदूरक बाद आतंकी समूह अपन ठिकानाक बनावट आ उपयोगक तरीका बदलि रहल अछि। पहिने प्रशिक्षण शिविर



लेल प्रयुक्त भवन वा परिसर प्रायः पूर्ण रूप सं ओही काज लेल समर्पित रहैत छल। मुदा आब भवनक एक-दू मंजिल आतंकी गतिविधि लेल उपयोग कएल जा सकैत अछि, जखन कि बाकी हिस्सा मे लोकसभक रहनाइ अथवा स्कूल-कॉलेज जेकां शैक्षणिक गतिविधि चलैत रहि सकैत अछि। सुरक्षा एजेंसिक अनुसार, एहि तरहक व्यवस्था सं बाहर सं पूरा भवन सामान्य नागरिक परिसर जेकां प्रतीत होइत अछि। एहि सं आतंकी ठिकाना चिन्हित करब कठिन भए सकैत अछि आ कोनो कारबाइक स्थिति मे आम नागरिकक सुरक्षा सेहो पैघ चुनौती बनि सकैत अछि। एहि रणनीतिक उपयोग सं पाकिस्तान कें भविष्यक कोनो कारबाइ कें नागरिक क्षेत्र पर भेल हमला बताबय लेल प्रचारात्मक अवसर सेहो भेटि सकैत अछि।

> एकर उद्देश्य आतंकी गतिविधि कें सामान्य नागरिक परिवेशक भीतर नुका देब सेहो अछि

**ऑपरेशन सिंदूरक बाद बदलल रणनीति :** सुरक्षा अधिकारी सभक मानब अछि जे ई बदलाव ऑपरेशन सिंदूर सं भेटल अनुभवक परिणाम भए सकैत अछि। भारतक अनुसार, एहि अभियान मे खुफिया सूचनाक आधार पर आतंकी ढांचाक नौ ठिकाना निशाना बनाओल गेल छल आ लक्ष्य चुनैत समय नागरिक ढांचाक क्षति आ आम लोकक मृत्यु सं बचबाक प्रयास कएल गेल छल। एक वरिष्ठ सैन्य अधिकारीक अनुसार, आतंकी समूह आब ई बुझि गेल अछि जे नियंत्रण रेखा सं दूर रहला मात्र सं कोनो ठिकाना भारतीय निगरानी वा सटीक कारबाइ सं सुरक्षित नहि भए सकैत अछि। एहि कारणें आतंकी ढांचा कें एहन रूप देबाक प्रयास कएल जा रहल अछि, जाहि सं ओ बाहर सं कोनो समर्पित आतंकी केंद्र नहि बुझाय।

**गहिंर इलाका मे खिसकाओल जा रहल ठिकाना :** एहि बीच, सुरक्षा एजेंसीक आकलन अछि जे पाकिस्तानक किछु आतंकी शिविर आ लॉन्चपैड कें नब ठाम पर स्थानांतरित कएल जा रहल अछि। पहिने एहन कतेको ठिकाना नियंत्रण रेखा आ घुसपैठक मार्गक लग-पास छल। आब आतंकी ढांचा कें पाकिस्तानक भीतरक गहिर इलाकाक दिस लए जाएबाक प्रयासक बात कहल जा रहल अछि। अधिकारीसभक अनुसार, मात्र ठिकाना बदलि देब एहि रणनीतिक बदलावक पूरा तस्वीर नहि अछि। असल बदलाव ई अछि जे आतंकी गतिविधि कें सामान्य नागरिक भवन आ बस्तीक बीच लुकेबाक प्रयास भए रहल अछि।

# शी जिनपिंगक अंगरक्षकक पहिचान उजागर ह्वाइट हाउसक सूची सं भेटल जानकारी

**वाशिंगटन, एजेंसी**

चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंगक संग कतेको वर्ष सं विदेश यात्रा आ महत्वपूर्ण बैसार सभ मे देखाइ पड़निहार एक अधिकारीक पहिचान आब सामने आयल अछि। अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप द्वारा शी जिनपिंगक सम्मान मे आयोजित विशेष भोज मे सहभागी चीनी प्रतिनिधिसभक सूची ह्वाइट हाउस जारी केलक। एहि सूची मे पहिल बेर झोउ होंगशूक नाम आ हुनकर पदक जानकारी सामने आयल। सूची मे झोउ होंगशू कें सेंट्रल गार्ड ब्यूरोक निदेशक बताओल गेल अछि। ई संस्था चीनक राष्ट्रपति सहित देशक अन्य शीर्ष नेतासभक सुरक्षा लेल जिम्मेदार अछि। झोउ एहि मास नई दिल्ली मे शी जिनपिंग आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक बीच भेल मुलाकातक समय सेहो उपस्थित छलाह।

**पार्टीक पैघ बैठक मे सेहो देखल गेल छलाह :** झोउ होंगशूक संबंध मे चीन मे सेहो सार्वजनिक रूप सं बहुत कम जानकारी उपलब्ध अछि। हुनकर शिक्षा, प्रारंभिक नौकरी आ पहिल पदसभक विस्तृत विवरण सार्वजनिक नहि भेल अछि। 2022 मे चीनक कम्युनिस्ट पार्टीक 20म राष्ट्रीय अधिवेशन भेल छल, जाहि मे झोउ होंगशू कें प्रतिनिधि बनाओल गेल छल। मुदा तखन सेहो हुनकर विस्तृत परिचय सामने नहि आएल।




चीनक पूर्व पार्टी अधिकारी देंग यूवेनक अनुसार, उपलब्ध जानकारीक आधार पर झोउ एहन वरिष्ठ सुरक्षा अधिकारी सभ मे सं एक भए सकैत छथि, जे लगातार पैघ अंतरराष्ट्रीय कार्यक्रम सभ मे सार्वजनिक रूप सं देखाइ पड़ल छथि।

**सुरक्षा संस्थाक गोपनीयता कारण :** झोउ होंगशू जाहि सेंट्रल गार्ड ब्यूरो मे काज करैत छथि, ओ चीनक अत्यंत गोपनीय सुरक्षा संस्था सभ मे सं एक अछि। ई संस्था देशक शीर्ष नेताक सुरक्षा करैत अछि आ बीजिंगक झोंगनानहाई परिसरक सुरक्षा सं सेहो जुड़ल अछि, जतय चीनक शीर्ष नेता आ कम्युनिस्ट पार्टीक वरिष्ठ अधिकारी काज करैत छथि।



# सेमीफाइनल मे आमने–सामने होयत भारत–पाकिस्तान, रोमांच होयत चरम पर

एशियन खेल 2026 मे बृहस्पति कें भारतीय पुरुष हॉकी टीमक सामना चिर प्रतिद्वंद्वी पाकिस्तान सं होयत। दुनू टीम टूर्नामेंटक पहिल सेमीफाइनल मे आमने–सामने होयत, जतय जीतनिहार टीम स्वर्ण पदकक मोकाबला मे पहुंचत। दोसर सेमीफाइनल मलेशिया आ दक्षिण कोरियाक बीच खेलल जाएत। गत चैंपियन भारत पूल चरण मे शानदार प्रदर्शन करैत पांचू मोकाबला जीतलक आ पूल–ए मे शीर्ष स्थान हासिल कएलक। भारत अभियानक शुरूआत इंडोनेशिया कें 13–1 सं हरा कए कएलक। एकर बाद श्रीलंका कें 16–1, दक्षिण कोरिया कें 8–2, मेजबान जापान कें 2–0 आ बांग्लादेश कें 10–0 सं शिकस्त देलक। भारतीय टीमक आक्रमण पंक्ति एखन धरि शानदार प्रदर्शन केने अछि। दिलप्रीत सिंह 9 गोलक संग टूर्नामेंटक संयुक्त रूप सं दोसर सब सं बेसी गोल कएनिहार खेलाड़ी छथि। अभिषेक आ कप्तान हरमनप्रीत सिंहक नाम पर 8–8 गोल अछि। पेनल्टी कॉर्नर मे हरमनप्रीतक ड्रैग–फ्लिक भारतक महत्वपूर्ण हथियार रहल अछि। ओतहि, पाकिस्तान पूल–बी मे शीर्ष पर रहैत भारत सं फाइनल मे भिड़बाक स्थिति मे छल, मुदा मलेशियाक विरुद्ध 4–5 सं हारक कारण दोसर स्थान सं संतोष करय पड़ल। पाकिस्तान थाईलैंड कें 9–0, उज्बेकिस्तान कें 5–1, चीन कें 3–0 आ ओमान कें 7–2 सं हरौलक। पाकिस्तान लेल सुफियान खान सब सं पैघ खतरा रहताह। पेनल्टी कॉर्नर पर शानदार प्रदर्शन करैत सुफियानक नाम पर एखन धरि 11 गोल अछि आ ओ टूर्नामेंटक शीर्ष स्कोरर छथि। एहन स्थिति मे सुफियान आ भारतीय कप्तान हरमनप्रीतक बीच पेनल्टी कॉर्नरक मोकाबला मैचक महत्वपूर्ण पहलू भए सकैत अछि।

## राजकुमार पाल बाहर, नीलकंठ शर्मा टीम मे

भारत कें सेमीफाइनल सं पहिने पैघ झटका लागल अछि। बांग्लादेशक विरुद्ध आखरी पूल मोकाबला मे राजकुमार पालक बामा औंठा मे फ्रैक्चर भए गेल, जाहि कारण ओ टूर्नामेंट सं बाहर भए गेलाह। हुनकर जगह रिजर्व खेलाड़ी नीलकंठ शर्मा कें टीम मे शामिल कएल गेल अछि। मुख्य कोच क्रेग फुल्टन कहलनि जे राजकुमारक चोटिल होएनाइ दुर्भाग्यपूर्ण अछि, मुदा नीलकंठक टीम मे आबि गेलाक बाद टीम कें अनुभवी खेलाड़ीक विकल्प भेटल अछि। नीलकंठ ओलंपिक आ विश्वकप जेहन पैघ टूर्नामेंट मे भारतक प्रतिनिधित्व कए चुकल छथि। भारतक पाकिस्तानक विरुद्ध मोकाबला मात्र सेमीफाइनल नहि, बल्कि दीर्घकाल सं चलि रहल प्रतिद्वंद्विताक एकटा आओर अध्याय होयत। भारत 2016 दक्षिण एशियाइ खेलक फाइनलक बाद सं पाकिस्तानक विरुद्ध कोनो मोकाबला नहि हारल अछि। गत चैंपियन भारतीय टीम एहि क्रम कें कायम रखैत लगातार दोसर बेर एशियन खेलक फाइनल मे पहुंचबाक प्रयास करत। भारतक मुख्य कोच फुल्टन कहलनि जे सेमीफाइनल टूर्नामेंटक बहुत महत्वपूर्ण मोकाबला अछि आ टीम पेनल्टी कॉर्नरक आक्रमण आ बचाव सहित अपन रणनीति पर ध्यान केंद्रित करत। भारत आ पाकिस्तानक बीच मोकाबला बृहस्पति कें खेलल जाएत। जीतनिहार टीम स्वर्ण पदक लेल फाइनल मे पहुंचत, जखनकि हारनिहार टीम कें कांस्य पदक सं संतोष करय पड़त।

# भारत तीरंदाजी मे नव इतिहास रचलक पुरुष कंपाउंड टीम जीतल स्वर्ण

भारतीय तीरंदाज सभ एशियन खेल 2026 मे कंपाउंड स्पर्धा मे अपन दबदबा कायम रखैत बुधदिन पुरुष टीम वर्गक स्वर्ण पदक सेहो अपन नाम कए लेलनि। कुशल दलाल, साहिल जाधव आ गणेश थिरुमुरु केर भारतीय तिकड़ी रोमांचक फाइनल मे चीन कें 238–237 सं हरा कए स्वर्ण पदक जीतलनि। ई एशियन खेल मे भारतक 10म स्वर्ण पदक अछि। एहि जीतक संग भारत एशियन खेल मे कंपाउंड तीरंदाजीक तीनू स्वर्ण पदक अपन नाम कए लेलक। एकरा सं पहिने भारतीय महिला कंपाउंड टीम चीन कें हरा कए स्वर्ण जीतने छल, जखनकि चिकिता तनीपर्थी आ साहिल जाधवक जोड़ी कंपाउंड मिश्रित टीम स्पर्धा मे दक्षिण कोरिया कें शूटआउट मे हरा कए स्वर्ण पदक हासिल केने छल। पुरुष कंपाउंड टीम फाइनल मे भारतक शुरूआत किछु धीम रहल। चीन पहिल चरण मे छओ मे छओ निशान पर 10 अंक हासिल करैत 60 अंक बनौलक, जखनकि भारत 58 अंक मात्र जुटा सकल। दोसर चरणक बाद सेहो चीन अपन बढ़त कायम रखलक आ स्कोर 120–118 रहल। तेसर चरण मे भारतीय तिकड़ी शानदार वापसी कएलक। साहिल, गणेश आ कुशल शुरूआत मे लगातार 10 अंक हासिल कएलनि। चीनक एकटा तीर पर 9 अंक अयलाक बाद भारत भेद घटा कए एक अंक कए देलक। तेसर चरणक अंत मे चीन 179–178 सं आगू छल। निर्णायक चारिम चरण मे भारतीय तीरंदाज सभ दबावक बीच बेहतरीन प्रदर्शन कएलनि। साहिल, गणेश आ कुशल लगातार 10–10 अंक हासिल कएलनि। ओतहि, चीनक जियाहाओ लियाओक 8 अंक बला निशान भारत कें बढ़त दए देलक। एकरा बाद भारतीय तिकड़ी अपन आखरी तीनू तीर पर सेहो 10–10 अंक हासिल कए 238 अंक पूरा कएलनि आ चीन कें 237 पर रोकि कए स्वर्ण पदक पक्का कए लेलनि। साहिल पूरा फाइनल मे शानदार प्रदर्शन कएलनि आ निर्णायक चरण मे सेहो टीम कें मजबूत शुरूआत दियौलनि। 20 वर्षीय गणेश आ कुशल सेहो दबावक बीच सटीक निशाना लगा कए भारतक जीत सुनिश्चित कएलनि। ई भारत लेल बुधदिनक चारिम स्वर्ण पदक अछि, जखनकि तीरंदाजी मे ई तेसर स्वर्ण अछि। भारतीय महिला कंपाउंड टीम, मिश्रित टीम आ आब पुरुष कंपाउंड टीमक स्वर्णिम सफलता एशियन खेल मे भारतक कंपाउंड तीरंदाजीक ताकत कें स्पष्ट कएलक अछि। एकरा सं पहिने दिन मे भारत निशानेबाजी मे ट्रैप मिश्रित टीम मे सेहो स्वर्ण पदक जीतने छल। नीरू धांडा आ किनान चेनाइक जोड़ी एशियाई रिकॉर्डक संग खिताब अपन नाम केने छल। एहि तरहे बुधदिन भारतक स्वर्ण पदक मे तीरंदाजी आ निशानेबाजीक महत्वपूर्ण भूमिका रहल।




# आईसीसी वनडे रैंकिंग : विराट कोहली दोसर स्थान पर पहुंचलाह, शुभमन शीर्ष पर बरकरार

भारतक स्टार बल्लेबाज विराट कोहली आईसीसी पुरुष वनडे बल्लेबाजी रैंकिंग मे शीर्ष स्थान पर काबिज कप्तान शुभमन गिलक बहुत लग पहुंचि गेल छथि। वेस्टइंडीजक विरुद्ध तिरुवनंतपुरम मे खेलल गेल पहिल वनडे मे दुनू भारतीय बल्लेबाज शतक लगौलनि, मुदा कोहलीक नाबाद 139 रनक पारी हुनका रैंकिंग मे दोसर स्थान पर पहुंचा देलक। कोहली मात्र 88 गेंद मे नाबाद 139 रन बनौलनि आ भारत 296 रनक लक्ष्य कें 50 गेंद शेष रहिते हासिल कए लेलक। ई कोहलीक रिकॉर्ड 55म वनडे शतक छल। एहि पारीक संग ओ वनडे क्रिकेट मे 15,000 रन सेहो पूरा कए लेलनि। कोहली कें एहि शानदार प्रदर्शनक लाभ रैंकिंग मे भेटल। ओ डेरिल मिशेल कें पछाड़ि दोसर स्थान पर पहुंचि गेलाह। हुनकर रेटिंग 767 सं बढ़ि कए 796 भए गेल अछि आ आब ओ शीर्ष पर मौजूद गिल सं मात्र 20 रेटिंग अंक पछुआइल छथि। गिल 110 रनक पारीक बाद अपन रेटिंग 801 सं बढ़ा कए 816 कए लेलनि। कोहलीक वर्तमान रेटिंग जुलाई 2022क बाद हुनकर सब सं नीक अछि। कोहली एहि साल जनवरी मे तीन दिन लेल रैंकिंग मे तेसर स्थान पर रहल छलाह। ओ वनडे रैंकिंग मे कुल 1,547 दिन नंबर एक रहि चुकल छथि। इंग्लैंडक सलामी बल्लेबाज टॉम बेंटन कें श्रीलंकाक विरुद्ध तेसर वनडे मे 126 रनक पारी लेल प्लेयर ऑफ द मैच चुनल गेल। ओ 333 स्थानक पैघ छलांग लगा कए 83म स्थान पर पहुंचि गेलाह। श्रीलंकाक कुसल मेंडिस 198 रनक संग करियरक सब सं नीक सातम स्थान पर पहुंचि गेल छथि, जखनकि बेन डकेट चारि स्थान ऊपर चढ़ि कए 15म स्थान पर छथि। दक्षिण अफ्रीकाक मैथ्यू ब्रीट्जके 136 रन बनौलाक बाद 19 स्थानक छलांग लगा कए 21म स्थान पर पहुंचि गेल छथि। डेविड मिलर 151 रन बनौलाक बाद 41म स्थान पर रैंकिंग मे वापस लौटि गेल छथि। दक्षिण अफ्रीकाक कप्तान टेंबा बावुमा 10 स्थान ऊपर चढ़ि कए 32म स्थान पर पहुंचि गेल छथि।




**गेंदबाजी रैंकिंग मे कुलदीप पांचम स्थान पर :** आईसीसी पुरुष वनडे गेंदबाजी रैंकिंग मे दक्षिण अफ्रीकाक बामा हाथक स्पिनर केशव महाराज तीन स्थानक छलांग लगा कए तेसर स्थान पर पहुंचि गेल छथि। ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध दू मैच मे 6 विकेट लेबाक लाभ हुनका भेटल। भारतक कुलदीप यादव सेहो चारि स्थान ऊपर चढ़ि कए पांचम स्थान पर पहुंचि गेल छथि। वेस्टइंडीजक विरुद्ध पहिल वनडे मे ओ 40 रन दए कए 4 विकेट लेलनि।

# नीरू धांडा आ किनान चेनाई ट्रैप मिश्रित टीम मे जीतलनि स्वर्ण





भारतक नीरू धांडा आ किनान चेनाईक जोड़ी एशियन खेल 2026 मे ट्रैप मिश्रित टीम स्पर्धाक स्वर्ण पदक जीति कए इतिहास रचलनि। भारतीय जोड़ी फाइनल मे 40 मे सं 34 निशाना साधलनि आ नव एशियाई रिकॉर्डक संग शीर्ष स्थान हासिल कएलनि। कतर 32 अंकक संग रजत पदक जीतलक, जखनकि चीन कें 23 अंकक संग कांस्य पदक भेटल। ई एशियन खेलक ट्रैप मिश्रित टीम स्पर्धा मे भारतक पहिल स्वर्ण पदक अछि।

नीरू लेल ई एशियन खेल 2026 मे दोसर स्वर्ण पदक अछि। एकरा सं पहिने ओ महिला व्यक्तिगत ट्रैप स्पर्धा मे सेहो स्वर्ण पदक जीति कए इतिहास रचलनि। ओ एहि स्पर्धा मे एशियन खेलक व्यक्तिगत पदक जीतनिहार पहिल भारतीय महिला बनल छलथि। नीरू व्यक्तिगत फाइनल मे 28 निशाना लगा कए एशियाई रिकॉर्डक संग स्वर्ण पदक जीतने छलथि। नीरू 2026 मे अंतरराष्ट्रीय स्तर पर सेहो शानदार प्रदर्शन केने छथि। ओ इटलीक लोनाटो मे आईएसएसएफ शॉटगन विश्व कप मे महिला ट्रैप स्पर्धाक स्वर्ण पदक जीतलनि। ओ एहि स्पर्धा मे व्यक्तिगत विश्व कप स्वर्ण जीतनिहार पहिल भारतीय महिला बनलथि। एकरा अतिरिक्त ओ 2025 एशियाई निशानेबाजी चैंपियनशिप मे सेहो स्वर्ण पदक जीतने छलथि। ओतहि, किनान दारियस चेनाई भारतक अनुभवी ट्रैप निशानेबाज सभ मे शामिल छथि। हैदराबाद मे जन्मल किनान 2003 मे निशानेबाजी शुरू केने छलाह। हुनकर पिता डेरियस चेनाई सेहो राष्ट्रीय स्तरक ट्रैप निशानेबाज रहल छथि। किनान चारि बेरक ओलंपियन आ प्रसिद्ध कोच मंशेर सिंहक मार्गदर्शन मे प्रशिक्षण लेने छथि।

किनान 2008 राष्ट्रमंडल युवा खेल मे पुरुष ट्रैप स्पर्धाक स्वर्ण पदक जीति कए अंतरराष्ट्रीय स्तर पर पहचान बनौने छलाह। ओ 2016 मे भारत लेल ओलंपिक कोटा हासिल कएलनि आ रियो ओलंपिक मे पुरुष ट्रैप स्पर्धा मे भारतक प्रतिनिधित्व कएलनि।

2022 हांगझोऊ एशियन खेल मे सेहो किनान शानदार प्रदर्शन केने छलाह। ओ पुरुष ट्रैप टीम स्पर्धा मे स्वर्ण आ व्यक्तिगत ट्रैप स्पर्धा मे कांस्य पदक जीतने छलाह। एकरा अतिरिक्त 2021 आईएसएसएफ विश्व कप मे पुरुष ट्रैप टीम स्पर्धाक स्वर्ण पदक सेहो हुनकर नाम रहल।

नीरू आ किनानक एहि जीतक संग भारत ट्रैप मिश्रित टीम मे अपन पहिल एशियन खेल स्वर्ण पदक हासिल कए लेलक। एहि स्वर्णक संग भारत पदक तालिका मे आब 8म स्थान पर पहुंचि गेल अछि। भारतक कुल 57 पदक भए गेल अछि, जाहि मे 9 स्वर्ण, 21 रजत आ 27 कांस्य पदक शामिल अछि।

# सुनील जीतलनि कांस्य ग्रीको-रोमन कुश्ती मे दू पदक जीतनिहार पहिल भारतीय

भारतीय पहलवान सुनील कुमार एशियन खेल 2026 मे पुरुषक ग्रीको-रोमन 87 किलोग्राम वर्ग मे कांस्य पदक जीत लेलनि। सुनील बुधदिन कांस्य पदकक मोकाबला मे फिलीपींसक कैलम जॉनस्टन रॉबर्ट्स कें तकनीकी श्रेष्ठताक आधार पर 9-0 सं हरा देलनि। नागोया सिटी इनाए स्पोर्ट्स सेंटर मे भेल मोकाबला मे सुनील शुरूआत संए दबदबा बनौने रहलाह। ओ 9-0क बढ़त हासिल कएलनि आ मोकाबला समाप्त होमय मे करीब तीन मिनट बाकी रहिते तकनीकी श्रेष्ठताक आधार पर जीत दर्ज कए लेलनि। एहि जीतक संग सुनील कुमार एशियन खेल मे ग्रीको-रोमन कुश्ती मे दू पदक जीतनिहार पहिल भारतीय पहलवान बनि गेलाह। ओ एकरा सं पहिने 2023 हांगझोऊ एशियन खेल मे सेहो कांस्य पदक जीतने छलाह। सुनील हांगझोऊ मे अपन अभियानक शुरूआत ताजिकिस्तानक मुहम्मद सुल्तोनजोदा कें 9-0 सं हरा कए कएलनि। मुदा सेमीफाइनल मे हुनका जापानक ताइजो योशिदाक विरुद्ध 0-11 सं हारक सामना करय पड़ल छल। एकर बाद ओ कांस्य पदकक मोकाबला मे शानदार वापसी करैत रॉबर्ट्स कें एकतरफा अनुमान मे हरा देलनि। सुनीलक ई प्रदर्शन एशियन खेल मे भारतीय कुश्ती लेल सेहो महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि, किएक तं ओ ग्रीको-रोमन शैली मे देश लेल लगातार दोसर एशियन खेल मे पदक सुनिश्चित केने छथि।



धन्यवाद मिथिला
10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार




वर्ष 17, अंक 23 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053